КАМАЛ
МӘМБЕТОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ШЕЖИРЕСИ

www.ziyouz.com kutubxonasi

63. 5 (Карб) К. Мэмбетов. Қарақалпақлар шежиреси
М 35 Нөкис «Билим» 1993 128 бет.

Шежире дегенимиз — бул халықтың мәдений тарийхының айнасы. Өткен өмиримиздиң жылнамасы. Атадан ақлық-шаўлықларга қалған мийрас тарийх деп аталған қәсийетли сөздиң түп төркини. Бабаларымыз қалдырып кеткен баҳасы жоқ тарийх. Соның ушында бул дүньяға келген ҳәрқандай инсан бабалар тарийхына нәзер аўдармастан илажы жоқ.
Қарақалпақлар саны аз болғаны менен тарийхы улкен халық. Жаўгершиликлерди көп көре берип азайып қалсада мәртлиги басым. Мәртлик дегениң өзинде тек шежиреге ғана сыяды. Соның ушында қарақалпақларда шежире көп. Буны дана халқымызда, сары қағаз тарийхымызда умытпаған.
Профессор Камал Мэмбетовтың «Қарақалпақлар шежиреси» китабы мине сол өтмиш тарийхымыздың халық аўзында сәўлеленген бөлеги менен жазба тарийхын беккем бириктирип изертлеген тараўының негизи болып есапланады.
Китап негизинен өз халқының өтмиши менен қызығыўшы кең оқыўшылар қәўимине бағышланған.

4702270000—026
М ———————— —93
М 361 (06)—93

ISBN 5—7698—0437—8 © «Билим» баспасы — 1993

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИРИСИЎ

Шежире сөзи—«жылнама» мәнисинде болып, халық, қәўим, қабиле, руў ҳәтте айырым белгили адамлардың-да өз әўладларының шежиреси болған. Демек шежире тарийхтың бир бөлеги ҳәтте негизи деп атасада болады. Себеби шежиреде дәўир ушын ең тийкарғы фактлер ғана алынады. Соның ушында шежире тийкарынан адамзат тарийхы менен байланыслы болып, бирнеше бөлеклерге де бөлиниўи мүмкин. Мәселен «Ханлар шежиреси», «Халықлар шежиреси» ҳәм тағы басқалар. Ал орта әсирдиң белгили тарийхшысы Рашид-ад-дин өз мийнетлериниң ҳәммесин жыйнақлап «Шежирелер жыйнағы»—деп атаған. Көп тарийхый ўақыяларды билетуғын адамларды да халық «шежире адам» деп түсинген.

Демек Шығыс халықларының түсиниги бойынша шежире адамзат тарийхының ең баслы бөлегиниң бири. Сонлықтанда шәўкетли патшалар өз әтирапына талантлы шежирешилерди топлаған. Олардың көпшилиги белгили алымлар болып дәўир тарийхын әдил ашып бериў ушын ҳәрекет жасаған. Усындай себеплер менен шежирени тек бүгинги күнниң жуўмағы тийкарында қарап болмайды. Оның басланыўы пүткил жер жүзилик тарийхый илим Платон ҳәм Аристотель, буннан тысқары тиришиликтиң пайда болыўы ҳаққындағы араб, парсы, ҳинд, қытай ҳәм түрк таглийматлары, пайғамбарлар ҳәм әўлийелер тарийхы, бул ҳаққындағы тарийх илиминиң болжамалары менен байланыслы. Сонлықтанда үлкен болсын, киши болсын әйтеўир ҳәрбир халықтың шежиресинде барлық халықлардың улыўмаласқан дәўирлеринен басланады. Түрки халықларының шежирелериниң тәғдиририде тап сондай. Бул шежире-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лердиң пайда болыўының тийкарғы басқышында да «Қуран» «Ҳәдис» белгили китаплар себепши болады да, соңынан өз дәўирлери ҳаққында белгили пикирлер жазып қалдырған Ибн-Фадлан, Аль Беруний, Табарий, Рашид-ад-дин, Мирханд, Мырза Улуғбек, Бабур сыяқлы данышпанлардың пикирлери есапқа алынады. Сол тийкарда түрки халықлардың көпшилигине тән болған шежирениң дәслепки бөлеги жүзеге келген. Бул бөлек негизинен үш баптан ибарат болып «Адам Атадан Түрк қағанға шекем», «Түрк қағаннан Шыңғыс ханға шекем», «Шыңғыс ханнан түрки халықлардың бөлиниўине шекем»—деп айтып келинеди де, соңынан ҳәр бир халық өз шежиресин баслайды.

Түрки халықлардың ең дәслепки шежиресин жазған адам XVII әсирде Хийўада хан болған Әбилғазы Баҳадырхан болып, оның «түрклер шежиреси» деп аталған китабы пүткил дүньяға мәлим. Әбилғазы өзбеклер нәсилинен болғаны ушын буны өзбеклер шежиресиниң тийкары сыпатында да қараўға болады. Себеби өзбеклер түрки халықлары мәденияты тарийхында ең баслы орынды атқарады. Соның ушында ол басқа түрки халықлар тарийхын жазыў менен бирге ерте дәўирден басланған өзбеклер ханлығы ҳәм оның тарийхына да үлкен үлес қосты.

Ол өз китабында тап Адам Атадан баслап XVII әсирдеги Хийўа хроникаларына шекемги өз түсиниклерин жазған. Буннан тысқары түркменлер, қазақлар ҳәм қарақалпақлар ҳаққында да баҳалы мағлыўматлар бар. Ҳәзир көпшилик түрки халықлар өз шежирелерин жазыў жолында да Әбилғазының баҳалы пикирлеринен пайдаланады. Ол буннан тысқары түркменлер шежиресинде жазып қалдырған.

Басқада түрки халықлардың шежирелери негизинен XIX әсирде пайда болды. Булардың қатарына «Башқуртлар шежиреси», «Қазақлар шежиреси» ҳәм Бердақтың қарақалпақ халқының пайда болыўы ҳаққындағы шежирелери бар. Оларда негизинен Әбилғазы шежиресинен тәсирленип жазылған болып, барлығы да жазба түрде мийрас болып қалған. Солай болсада ҳәрбир шежирени тарийхый ҳақыйқатлықтың әйне өзи-деп қарап болмайды. Себеби шежире жазған адам шайыр болыў менен бирге ўақыяларға қалыс илимий



www.ziyouz.com kutubxonasi

баҳа бере аларлықтай алым болыўы да керек. Жазылған тарийхый факт ҳәрбир автордың талғамына да байланыслы болып келеди.

XIX әсирде шежире жазған авторлар илимий теориялық жағынан терең жетилискен адамлар-деп те қарап болмайды. Бир жағынан қарағанда оларда талант болғаны менен де билими әдеўир шекленген. Бизиң дәўиримиздегидей китапханасы да жоқ. Ары барса тек төрт-бес ғана тарийхый китабы болған. Соның ушын олар өз қәўими, аўылы әтирапынан ары өте алмаған. Екинши жағынан олар басқалардан ғәрезли болғанлығы ушын өз әтирапындағылардың қәлеўин иске асырыў ушын ҳәрекет еткен. Соның ушын олар өз қәўимлерин көкке көтерип мақтайды. Ал басқа қәўимлердиң тәғдирлерин оншама биле бермейди. Усындай себеплер менен гейде бир тутас халықтың орнына бир қәўимниң тәғдири ғана жырланады. Ҳәр бир автор тек өз қәўиминиң ғана байрағын көтерип кеткен болады. Мәселен авторы белгисиз болған «Маңғытлар шежиреси», «Қоңыратлар шежиреси»—деп аталып жүрген айырым мийнетлердиң тәғдири сондай.

Тарийхта бир халықтан бир халықтың үстин болып кеткен жерлери оғада көп. Ҳәтте гейпара урыў атамаларының өзи де буннан мың жыллар бурын үлкен мәмлекет атанған. Соның ушында айырым кишкене халықларда тарийхта үлкен болғанлығын тарийх мойынлайды. Сол себепли бурын өзбек, қазақ, қырғыз, яки қарақалпақ үлкен болған ба? Ол жағын билмеймиз. Бул жағдай ҳәзирги барлық тарийхшылар мақуллап отырған: «Түрк тиллес халықлар XIV әсирде ҳәзирги қарақалпақлардың бабасы-деп аталып жүрген Ноғай әмир тәрепинен Ноғайлы-деп аталған бир ордаға бириктирилди. Буннан кейин түрки халықлар өз атамасы менен бөлине баслады»—деп айтылғандай бир гәп. Соның ушында халық шежирелери менен тарийх илими арасында әдеўир қайшылықлар да бар. Буның ең баслы себеби жазба әдебият пенен фольклор арасында бир қанша парық болатуғыны сыяқлы тарийх пенен шежире арасында да сондай келиспеўшиликлердиң пайда болыўында. Усындай себеплерге көре алымлар шежирелерди тарийхый көз-қараслар тийкарында үйренеди. Бул пикирлер белгили қазақ алымы Қойшы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғара Салғариннинң «Қазақ шежиреси»—деп аталған илимий мийнетинде де анық айтылған.

Солай болсада шежиреде жазылған факттиң ҳәммесин өтирик деп қараўға болмайды. Шежире халық китабы болғаны ушында онда халықтың мәпин қорғайтуғын тәреплери оғада көп. Онда миллийлик басым болғаны ушын авторлар базда эмоцияға берилиўи мүмкин. Урыўлар шежирелеринде бул факт айқын көзге тасланады. Ал көпшилик авторлар болса буған нағыз тарийхый көз-қараста болған.

Мәселен Рашид-ад-дин, Әбилғазы шежирелери тап сондай.

Қарақалпақ халқы басынан көп ғана тарийхый дәўирлерди өткергенлиги менен де өз тарийхшыларын, шежирелерин сақлап қала алмаған. Буған ең баслысы қәўимлик бөлшеклениўлер себепши болса керек. Олай —деп айтыўымыздың себеби қарақалпақлар жүдә аз халық болсада Орта Азияның белгили түрки халықларын қураған белгили үш қәўим Қыпшақ, Қоңырат ҳәм Маңғыттың культи сақланған. Бул қәўимлер Орта Азияның көпшилик түрки халықларына сақланыўына қарамастан қарақалпақларда бул атамалар белгили бир халық дәрежесинде де қабыл етилген. Ҳәтте халқымыздың өзи де XI-XII әсирде қыпшақлар, XIII-XIV әсирде Қоңыратлар, XV-XVI әсирде Маңғытлар болып қәлиплескенлигин мойынлайды. Соңынан Қытай-қыпшақ; Мүйтен-қоңырат; Кенегес-маңғыт болып жупкерлесип келеди де, соңынан XIV әсирге келгеннен кейин Қытай-қыпшақ, Кенегес-маңғытларға қосылып кетеди де қарақалпақлар Мүйтен-қоңырат ҳәм Қытай-қыпшақ, Кенегес-маңғытлардың қосылыспасынан ибарат еки арысқа айланады. XI-XIV әсирлерде еле түрки қәўимлердиң өз алдына халық болып бөлинбеўин есапқа алғанда бәлки XI-XII әсирдеги Қыпшақлар, XIII-XIV әсирдеги Қоңыратлар бирлеспесин тек қарақалпақлар қураған деп дәлийллеў қыйын. Бирақ XV-XVI әсирдеги өз алдына бир халықты пайда еткен Маңғытлардың тәғдирин қарақалпақлардан бөлек алып қараўға болмайды. Себеби қарақалпақлар атамасы бул дәўирлерден әдеўир алдын IX-XII әсирлерде көрингени менен түрки қәўимлери арасындағы тартысларға түсип, соңынан өз атын пүткиллей жоғалта баслайды да XVI әсирде және көринеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

XI-XIV әсирлер басқа түрки халықлардыңда өз қәддин тиклеўи ушын аңсат болған жоқ. Оларда сол дәўирлерде өзлериниң биресе қыпшақ, биресе қоңырат атанып жүргенлигин тән алады. Ал XV-XVI әсирдеги маңғытлар деген халық өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен, башқурт, татарлар өз алдына халық болып бөлинип кеткеннен кейин пайда болады. Бул халық негизинен Ноғай әўладлары Едиге, Нуратдийин, Оққас ҳәм Муўса ҳүрметине пайда болғанда соңынан өзбек, қазақлар менен бирликте «Өзбекиен» бирлеспесине бириккен. Олар XV-XVI әсир тарийхында үлкен из қалдырады да XVI әсирдиң ақырында пүткиллей жоғалып кетеди. Негизинен алғанда Муўса бий өлиминен кейин бурынғы атамасы қарақалпақлар болып аталады.

Маңғытлардың қарақалпақлар екенлиги ҳаққында пикирлер XVIII-XIX әсир тарийхшылары тәрепинен әдеўир дәлийлленген. Бирақ Совет дәўирине келгенде Едигени өз бабам-деп таныўына ҳешкимниң де дады шыдамады. Солай етип, тарийхшылар: «Маңғытлар—деген халық XV әсирде бирден пайда болды да, XVI әсирде бирден жоқ болып кетти. Тарийхтағы Маңғыт қаҳарманларына ҳәзир даўагер халық жоқ»—деп жазды. Солайынша жабылыўлы қазан жабылыўы менен қалды.

Соңғы дәўирдеги демократия ҳәм еркин пикир билдириўлер Маңғыт қаҳарманлары Едиге ҳәм Нуратдийинлер ҳаққында ҳақ сөзди айтыўды талап етти.

Бизиң қарақалпақлар шежиресин жазыў бағдарында бул мәселени қозғап отырыўымыздың мәниси халқымыздың шежиреси тарийхының ерте дәўирлеринин өзи қыпшақлар, қоңыратлар ҳәм маңғытлар проблемасы менен байланыслы. Себеби шежире миллий тарийхый этнографиялық шығарма болғаны ушында қәўим ҳәм урыўлар ҳаққында да көп сөз етеди.

Қарақалпақлар арасында Бердақтың «Шежире» синен тысқары «Қоңыратлар», «Қыпшақлар», «Маңғытлар» ҳаққында да шежирелер бар. Булар қолжазба түринде қалмағаны менен айырым қаты қулақ адамлар өз еситкенлери тийкарында айтып келген. Көпшилиги илимий экспедициялар дәўиринде студентлер тәрепинен жазып алынған. Ҳәтте олардың айырымлары илимий көз-қарасқа жуўап та бере алмайды. Солай



www.ziyouz.com kutubxonasi

болсада, жумыстың барысында олар ҳаққында салыстырмалы түрде пикирлер айтамыз.

Шежирениң дәслепки бөлегин жазыўда бизде Шығыс алымларының мийнетлеринен актив пайдаландық. Улыўма түрк тиллес халықлары ушын ортақ болған ең әййемги дәўирден XIV әсирге шекемги Шежире үлгилери Шығыс еллеринде жигирмалаған автордың мийнетинде ушырайды. Солардың ишинде тарийхшылар тәрепинен тән алынған Рашид-ад-дин менен Әбилғазының мийнетлери болып есапланады.

Шығыс халықларының Шыңғыс хан дәўирине шекемги Шежирелери ҳаққында да әдеўир китаплар жазып қалдырылған. Бирақ солай болсада, Шежирениң ол дәўирин Шыңғыс хан дәўири сыяқлы тарийхый жағынан анық жазылған деп қараўға болмайды. Оларда узақ дәўирдеги пайғамбарлар ҳәм ханлар ҳаққында жетерли мағлыўматлар берилгени мененде олардың жасаған ҳәм ҳүкимранлық еткен жыллары ҳаққында анық мағлыўматлар бере алмайды. Соның ушында ондағы ҳәдийселер тарийхый фактлардан көре аңызларға әдеўир жақын. Ал Шыңғыс хан ўақыялары болса Шыңғысты өз көзи менен көрген яки болмаса оның заманында жасаған жүдә итибарлы адамлардан еситкен, яки сарай тарийхшылары жазып қалдырған жылнамалар тийкар етип алынған. Сонлықтан бул шежирелерде Шыңғыс хан ҳәм оның әўладларының қашан ҳәм қай жерде, қайсы жылы туўылғанынан баслап оның түр-түси, ҳәрекети, үй жайы, дослары душпанлары, ҳәр нәрсеге қызығыўшылығы, саўаштағы жеңис ҳәм жеңилислердиң анық ўақты саатларына шекем жетерли мағлыўматлар береди.

Бирақ буның менен Шығыс халықлары Шежирелериниң Шыңғыс ханнан алдыңғы бөлеги тек аңыз ертеклерден ғана ибарат екен деп қараўға болмайды. Себеби Шежирениң ол дәўирин жазып қалдырған адамларда тарийхта әдеўир орны бар өз заманынын саўатлы адамларынан болған. Соның ушында олар Шежире жазыў бағдарында ең ески тарийхый китаплар «Авесто» (Бизиң эрамыздан бурынғы VI әсир), «Хвадай намак» (Патшанама яки болмаса ең әййемги дәўирден баслап 627-жылға шекемги Иран тарийхы), «Пайғамбарлар ҳәдислери» (VII әсир), «Әййемги түрк жылнамалары» (VI әсир) «Шахнама» (Х-әсир), «Түр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ли эсирлерден мийрас болып қалған моңғол шежирелери», «Қаҳарманлық дэстанлар». Қулласы жазба дереклерде әдеўир бар.

Буннан тысқары түрки-моңғол қәўимлери ҳаққындағы мағлыўматлар әййемги Қытай дереклеринде көбирек тилге алынады. Булардан Бань Гудиң (32-92 жыллар) «Әййемги Хань сулаласының тарийхы», Фань Хуаның (398-445 жыллар) «Соңғы Хань сулаласының тарийхы», Ли Янь Шоудың (595-678-жыллар) «Арқа Қытай сулаласының тарийхы», Вэй Чжэнниң (580-643 жыллар) «Суй патшалығының тарийхы», Сун Цидин (998-1061 жыллар) «Тан сулаласының тарийхы» деп аталған мийнетлери мәлим. Қытай алымлары бул мийнетлерде қытайлар тарийхын жазып қалдырыў менен бирликте өз қоңсылары ҳаққында да әҳмийетли мағлыўматлар береди.

Буннан тысқары араб тиллеринде жазылып қалған дереклерде әдеўир бар. Булардан IX эсирде өткен алым Әл Якубийдиң VI эсир ўақыяларын сөз ететуғын «Мәмлекетлер ҳаққында китап» сол дәўир тарийхшыларынан Талазурийдиң «Мәмлекетти қолға киргизиў ҳаққында китап», Ибн ал Факихтың «Мәмлекетлер ҳаққында хабарлар», Ибн Хурдадбехтиң «Жоллар ҳәм мәмлекетлер», Табарийдиң «Пайғамбарлар ҳәм патшалар тарийхы».

X эсирдиң биринши ярымында жасаған белгили араб алымы ҳәм саяхатшысы Ахмад ибн Фадланның (Бағдаттан Орта Азияға ҳәм оннан Едил бойына шекемги саяхат), Истахрийдиң «Ҳәр қыйлы мәмлекетлерге алып баратуғын жоллар», Ибн Ҳавқалдиң «Жердиң сүўрети» деп аталған китаплары мәлим.

Бул китаплардағы ўақыялар тап Киши Азиядан баслап тап Сибирь жерлерине шекемги тарийхый ўақыяларды өз ишине алады. Бизиң жерлеслеримиз болған Әбу Абдулла ал Хоразмий, Әбу Райхан Беруний мийнетлеринде тап сол топарға қосыўға болады.

Бундай баҳалы қолланбалар парсы тилинде де оғада көп. Солардың бири IX эсирде жазылған «Худуд ал-алам» (Шығыстан батысқа қарай жайласқан мәмлекетлердиң шегаралары) IX-эсирдиң белгили алымларынан Низамулмулктиң «Сиясатнама», Низамий Самарқандийдиң «Таң қаларлық ўақыялар», «Төрт мақала», Абул Фазыл Байқақийдиң «Султан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Махмут ханның тарийхы», «Маьсудийлер тарийхы» китаплары мәлим.

Шежирениң биринши ҳәм екинши бабы негизинен тап усы дереклерге тийкарланып жазылды. Ал Шыңғыс хан ҳүкимранлығына тийисли болған үшинши бап ҳаққында ҳәмме шежирешилерде Шыңғысханның заманласы ҳәм оның әўладлары ҳаққында жылнамалар жыйнағын жазып қалдырған белгили парсы алымы ҳәм жәмийетлик искер Рашид-ад-динниң мийнетлерине жүгинеди. Тарийх илиминде оны шын мағанасында тән алады. Соның ушында бизде бул бапты жазыўда сол шығарманы ең баслы дерек сыпатында қабыл еткенбиз. Сондай-ақ Әбилғазы Баҳадыр ханның «Түрклер Шежиреси» китабы да дыққат орайымыздан шетте қалмады.

Бул китапқа тийисли болған қалған бес бап негизинен қарақалпақлар тарийхына тийкарланып, бүгинги тарийх илиминиң жетискенликлери бойынша жазылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Биринши бап

### АДАМ АТАДАН БАСЛАП ТҮРК ҚАҒАНҒА ШЕКЕМ

Аллатаала тиршилик дүньясының тиреклеринен бири болған Адамзатты жаратыў ушын топырақтан пайдаланыў зәрүр екенлигин билер еди. Себеби Аллатааланың қәлеўи менен өсимликтиң өзи де жерден шықты. Өсти, гүлледи, түйнекледи, көбейди. Енди бул Әлемди Әдалат пенен басқарыў ушын ақыл-парасатқа ийе болыў ушын адамзат топары керек еди. Бунын ушын топырақ зәрүр болды.

Аллатаала Жер менен тиллесип топырақ алып қайтыў ушын Жабрайыл алайҳиссаламды жумсады. Жер оның айтқанын қылғысы келмеди. Себеби адамлар көбейип кеткеннен кейин олардың пейли қашады, бирбириниң айтқанын қылмай төбелеседи. Ҳәтте перзентлериниң ата-ананың айтқанын қылмайтуғын ўақытлар болады. Бундай жағдайда мен Аллатааланың ғазабына ушырап қалыўдан қорқаман деди.

Аллатаала буннан кейин Жерден топырақ алыў ушын Мехайл алайҳиссаламды жиберди. Жер буғанда тап сондай пикирди айтты. Оннан кейин Исрафыл алайҳиссаламды жиберди. Булда қуры қол қайтты. Ең изинде Әзирейил алайҳиссаламды жиберди. Жер Әзирейилге де тап усы пикирди айтты. Бирақ ол:

— Мен Аллатааланың елшисимен. Оның қәлеўи бойынша ҳәрекет етемен. Сизде оның буйрығын орынламаўға ҳақыңыз жоқ, деп айтты да жерден топырақ алып қайтты. Бул топырақтан Аллатаала адамзатты жаратты. Қырық күннен кейин оған жан берди. Бул Адам Ата болып дүньяға келди. Соңынан оның қабырғасынан Ҳаўа Енени жаратты.

Ҳаўа Ене бир ул ҳәм бир қыздан 36 мәртебе егиз туўып 72 перзентти дүньяға келтирген. Олардың әрбип



www.ziyouz.com kutubxonasi

өсиўи ушын дәслепки туўылған ул баланың екинши жылы туўылған қыз балаға қосылыўына рухсат берген. Солай етип, адамзат әўлады өрбиген.

Уламалардың айтыўынша бул қағыйда «бир емшектен сүт емген бенделер бир-бирине үйлениўине ҳақылы емес». Себеби сол дәўир жағдайы бойынша егиз балалар ғана аға-қарындас есапланған. Соңынан адамлардың көбейиўи нәтийжесинде тек өзге емшекти ғана емген қызға үйлениў, адамлар арасында туўысқанлық қарым-қатнас, урыўлық ҳәм қәўимлик бирликлер келип шыққан.

Адам Атаның ул перзентлериниң өзинен кейинги туўылған қызларға үйлениўи ер адамлардың өзинен бир мүше жас қызларды таңлаўын уқтырады. Бул орта есап пенен бес яки жети жасқа тең болыўы мүмкин.

Бирақта адам баласының ҳәдден тыс сулыўлыққа талпыныўлары оларда қызғаншақлықты да пайда еткен. Усындай себеплер менен Адам Атаның дәслепки перзентлери болған Абыл ҳәм Қабыл арасында айырым келиспеўшиликлер келип шыққан. Қабыл өзиниң сулыў қарындасы Ықлыйманы әжағасы Абылға қыйғысы келмейди. Солай етип, ол Шайтанның алдағанына инанып өз әжағасын өлтиреди.

Дәслебинде Адам Ата менен Ҳаўа Ене өз перзентлерин оғада әдалат пенен тәрбиялаған. Соның ушында бейишке барған. Бейиште мийўелер көп болып Аллатаала оларға тек бир алманың ғана мийўесинен татып көриўди қадаған еткен екен. Бирақ булар Иблистиң (Шайтанның) сөзлерине инанып сол алмаданда татып көрген. Буннан кейин жер бетинде биреў-биреўди алдаў, өтирик сөйлеў, биреўдиң үстинен ғыйбат сөз таратыў, урыс-қағыс, келиспеўшиликлер көбейип кеткен. Соннан кейин олар бейиштен шығып кетиўге мәжбүр болған. Соның ушында Аллатаала айтқан екен:

— «Дүньяда өсимликлер арасында жаманлық урығы болғаны менен еле адамлар арасында ондай ҳәдийсе жоқ еди. Сен өз нәпсинди тыя алмай, мийўениң жаман урығынан дәм татып, өз әўладларың арасына да келиспеўшиликтиң урығын тарқаттың»—деди.

Адам Ата менен Ҳаўа Ене өз әўладларынан қырық мың адамды көрип, бул дүньядан көз жумған. Оның әўладларынан Шийшке пайғамбарлық несип еткен. Шийиштен кейин оның баласы Апуш, Ануштан кейин



www.ziyouz.com kutubxonasi

оның баласы Қийна, Қийнаның улы Махлиайыл, Махлиайылдың улы Барат, Бараттың улы Ахнух. Ахнух көп илим ҳикмет ийеси болғаны ушында араблар оны Идирис деп атап кеткен. Идирис сексен еки жыл пайғамбарлық етип адамларға көп жақсылық қылды. Соның ушында оның жайы жәннеттедур. Буннан кейин Идиристиң баласы Матушлах, Матушлахтың баласы Ламақ пайғамбарлық еткен. Ламақтың баласы Нух дәўиринде дүнья және бир мәртебе теңселген. Себеби бул дәўирде дүньяда жақсылықлардан көре жаманлықлар көбейип кеткен. Нух оларды тәртипке салыў ушын Ислам әтирапына жәмлесиўге шақырған. Бирақ қырық ҳаял ҳәм еркек, жәми сексен адамнан басқасы оның айтқанын қылмайды. Соның ушында ол Аллатааладан жәрдем сорайды. Аллатаала оған сәрўи ағашын инам етип, ол ағаштан кеме жоныўды буйырады. Нух бул кемеге 80 адам менен бирликте өзиниң үш баласын ҳәм он сегиз мың әлемдеги бәрша жәниўарларды жуп жуптан тийейди. Мине сол ўақытта Аллатаала оған топан суўын жибереди. Сол ўақытта дүньяның жүзин суў басып барлық мақлуқатлар қырылады. Нух пайғамбар кемеси менен дүньяның төрт тәрепин аралайды. Иблис (Шайтан) бул жерде де оған жаманлық ислейди. Бәрша жәниўарлар менен бирликте мүлгип отырған тышқанның қасына келип:

- Соншама жәниўарларға қарағанда да сениң тисиң өткир, бүйтип аш болып отырғанша кемениң түбин тес. Арғы жағында қапшық-қапшық дәнлер бар деп үгитлейди.

Шайтанның алдаўына исенген тышқан кемени теседи. Сол себепли кеме суўға толып ғарқ бола баслайды. Нух пайғамбар бул апаттан қутылыў ушын кемедегилерден жәрдем сорай баслайды. Сонда бир жылан үш бүкленип кемениң тесилген жерине тығын болып, кемени апаттан сақлап қалады. Бул ҳаққында қарақалпақ фольклорында да әдеўир мағлыўматлар сақланған. Қарақалпақлардың дәстүр қосықларынан болған «Ярамазан» да:

Бурынғы пайғамбарым кеме жонған,
Кемесин тышқан тесип суўға толған,
Бир жылан үш бекленип тығын болған,
Муҳаммед ҳүмметиңе ярамазан.

—деп айтылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылан топан апатындағы бул еткен жақсылығы ушын дүньядағы ең мазалы гөш пенен аўқатланыўы керек еди. Сонын ушында дүньядағы ең мазалы гөшти таўып келиў ушын шыбынды (пешше сүйир шыбын) ды жумсаған. Пешше: «Ең шийрин нәрсе адамзаттың қаны менен гөши» деп қарлығашқа хабар береди. Адамзат пенен бурыннан ең жақын дос болған қарлығаш бул хабардан қәўипсинип: «Сениң мазалы дәмнен татқан тилиңди бир сорып көрейин»—деп айтқанда пешшениң тилин жулып алған. Ол бул хабарды айтқанда да қуры дызылдай берип ҳешким түсинбеген. Буннан кейин қарлығаш:

— Ол қурбақаның қанын мазалы деп атыр, деген. Солай етип, жылан қурбақа менен аўқатланыўы тийис болған.

Көп қолжазбаларда Нухтың кемесиниң Шам журтының Мусил қаласына жақын жердеги Жуди таўынан шыққанлығы ҳаққында айтылады. Айырым дереклерде Кавказдың Эльбурс шыңы, гейпараларында Тянь-Шан (Қазы қурт) деп берилген.

Нухтың үш баласы Хам, Сам ҳәм Ефастың пүткил дүнья халықларының атасы болғанлығы ҳаққында айтылады. Гейпара дереклерде бул үшеўи де тек Шығыс халықларының пайда болыўы ушын тийкар болады. Мәселен Хам Ҳиндстан ҳәм Қытай, Сам араб ҳәм Иран, Ефас түрки моңғол еллериниң атасы—деп жорыйды. Ал айырымларында Хам ақ ҳәм сары тәнлилер, Сам қара тәнлилер, Ефас моңғол келбетлилер—деп жорыўшылықта бар.

Қалайда көпшилик Шежирешилер дүньяда көпшилик халықлардың пайда болыў себеплерин усы Нух пайғамбардың әўладларының дүньяның төрт мүйешине тарқалыўынан—деп жорыйды. Солай болса да Нухтан кейинде бәрше пайғамбарлар өткен. Лекин шежирешилер буннан кейинги бәрше инсанлар Нух әўладлары екенлигин тән алғаны менен буннан кейинги пайғамбарлардың Нухтың қайсы баласының әўлады екенлиги ҳаққында ҳеш нәрсе айтпайды. Нухтың ақлық, шаўлықларының аты болса айырым халықлардың атамалары менен байланыстырылады. Солай болсада, шежирешилердиң айтыўына қарағанда, Адам Атадан Нух заманына шекем 2500 жыл, Нухтан Ибраҳым пайғамбар заманына шекем 1500 жыл, Ибраҳым пайғамбар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дан Муўса пайғамбар заманына шекем 460 жыл, Муўса пайғамбардан Ийса пайғамбарға шекем 1930 жыл, Ийса пайғамбардан Муҳаммед пайғамбар дәўирине шекем 480 жыл деп шамалайды. Ал, Мухаммед пайғамбар болса VI әсирде арабия жеринде өткен тарийхта бар адам. Солай болғанда олардың түсиниги бойынша сол VI әсирден турып қарағанда жер жүзиндеги адамзат тиришилигине 5870 жыл болған—деп есаплайды.

Солай етип, Нух перзентлеринен кейинги пүткил дүньядағы ҳәкимшиликтиң түрлери де өзгерген. Дүньяда бир неше халық пайда болғаннан кейин оны басқарыў Қаған, хан, патша ҳәм бийлер қолына өтеди.

Солайынша ҳәр түрли халықлар ҳәм ханлар шежирелери басланады. Шежирешилердиң айтыўына қарағанда ең дәслеп халықлар расаларға бөлинип қаралмаған. Бәлки жер, сорам (территория) баслы орынды атқарса керек. Мәселен Европа менен Азияның шегарасына келип орналасқан. Нухтың кишкене баласы Ефастың сегиз баласының атлары Түрк, Хазар, Сақлап, Рус, Мың, Чин, Камари ҳәм Тарийх—деп аталады. Булардың ишиндеги Түрк, Хазар, Рус, Чин (Қытай) көпшиликке мәлим. Булар түр-түси, тили, этнографиясы жағынанда бир текли халықларға сирә усамайды. Солай болсада олардың атасы тек биреў—Ефас. Түрклер шежиресин жазған Әбилғазы Баҳадыр ханда тап усы пикирди илгери сүреди.

Түрк тиллес халықлардың атасынында Ефастың туңғыш улы Түрк қаған болғанлығы мәлим. Соның ушында Шежирениң ендиги бөлегин барлық тиллес халықлар атасы болған Түрк Қағаннан басламақшымыз.

# Екинши бап

## ТҮРК ҚАҒАННАН ШЫҢҒЫС ХАНҒА ШЕКЕМ

Мәртебели Түрк қаған Ефас улының қайсы дәўирлерде жасағаны мәлим емес. Шежирелердиң ҳеш биреўи де оның жасаған заманы ҳаққында мағлыўмат бере алмайды. Бәлки ол растанда бизиң тарийхшыларымызға мәлим болмаған жүдә ерте заманларда жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

саған шығар. Солай болсада, бул ҳаққында айырым пикир билдириўшилер де табылады. Олардың пикири бойынша Түрк Қаған VI әсирдеги түрки қәўимлериниң батыр саркардасы Истеми қаған (563-567) болыўы мүмкин. Яки болмаса Тоныкөк (682-691), яки Култегин (716-734), яки Билке Қаған (735-жыллар) әйтеўир ең дәслепки түрки қәўимлериниң көсемлериниң бәриниң аты аталады. Бирақ қәнигелер булардың ҳеш биреўи мененде келисе алмайды. Себеби Шежиреде көрсетилген исимлер бизиң заманымызда жасаған ханлардан әдеўир узақ. Солай болсада әййемги Түрк Қаған басшылығындағы патшалық Ыссық көл менен Енисей дәрьясы аралығында болған. Елди жүдә әдиллик пенен басқарып халқы абат болған. Түрк Қағанның төрт улы болып олар Тутақ, Чигил, Барсашар ҳәм Имлақ деп аталады. Соңынан туңғыш улы Тутақ патшалық еткен. Буннан кейин оның баласы Аблаша хан, оннан кейин оның баласы Деббақой хан, оның улы Күйик хан, оның улы Аланча хан патшалық етеди.

Аланча ханнан еки ул перзент туўылып, биреўиниң аты Татар, екиншисиниң аты Моңғол атанған. Соның ушында Аланча хан елди еки баласына бөлип берип, елдиң аты да Татар ҳәм Моңғол болып екиге бөлинип кеткен. Татардан қалған әўладтан оның улы Буқа, оның баласы Еленша, оның баласы Атлы хан, оның улы Атсыз хан патшалық еткен. Хорезм шах Атсыздың (1127-1157) буған байланыслы яки байланыссыз тәреплери тарийхшылар тәрепинен еле толық анықланбаған. Солай болсада, Шежиредеги Татар хан әўладлары Хорезм шахлар әўладларына әдеўир жақынласып барады. Бул түрки моңғоллардың ең дәслеп татар-моңғол болып бөлиниўлеринен дерек береди.

Уллы мәртебели Моңғол ханның төрт улы болып Қара хан, Озхан, Көзхан ҳәм Көрхан деп аталады. Ол өзиниң тири ўақтынан баслап-ақ үлкен баласы Қара ханды тахт ийеси деп таныған. Шежирешилердиң айтыўына қарағанда оның мәканы Қызыл қум етеклери, Сыр дәрьяның жағасы деп жүритиледи. Ол ҳәммеден өзгеше бир перзентли болып, бир жылға шекем ат қоя алмаған. Соңынан Оғуз деп ат қойған екен.

Қара хан нәслинен болған усы Оғуз қаған ҳаққында тарийхта толып атырған аңызлар көп. Ол гейде түрки



www.ziyouz.com kutubxonasi

халқын пайда етиўши әпсанаўый қаҳарман, гейде османлы түрклер, түркмен ҳәм азербайжан халықларының бабасы, гейде Арал бойы ҳәм сахра қәўимлериниң көсеми сыпатында да көзге тасланады. Ол ҳаққында («Оғузнама»)—деп аталған үлкен бир дәстан да мийрас болып қалған.

Қалайда Оғуз қаған тарийхтағы басқа қағанларға қарағанда да өзгеше болған жеке тулға. Дерлик барлық шежирешилерде оны Моңғол ханның ақлығы сыпатында тәрийплеген. Тарийхый тәғдирлер шынында солай болған ба, яки болмаса сол дәўир тарийхшыларының бәри де Шыңғыс хан сиясатынан айбынып, тарийхта өткен ең күшли патша ҳәм сардарлардың ҳәммесин моңғол нәсили менен байланыстырыўға мәжбүр болған ба, ол жағы белгисиз. Әйтеўир айырым тарийхый фактлер моңғол тарийхы менен байланыспасада қосып жибергенлиги байқалады. Мәселен Оғуз ханның еле қырқына шықпай атырыпақ өз анасына: «Әй ана сен мусылман болмасаң сүтиңди ембеймен» —деп айтыўы, оның «мусылман болмаған қызды алмайман»—деп шатақ салыўы тарийхый ҳақыйқатлық—деп қараўға болмайды. Себеби моңғоллардың өз дини ҳәм исеними бар. Оларды мусылман динине қабыл етиў ушын гүрес бәлки Оғуз хан дәўиринен басланған шығар. Бирақ солай болсада олардың айырымларының мусылман динин қабыл етиўи Шыңғыс хан заманынан кейин басланған. Бәлки Оғуз қағанның арғы бабасы Моңғол да шығар. Бирақ қалай болғанда да ол түрки халықлардың бабаларының бири. Себеби түрки тиллердиң негизинде оғуз, қыпшақ ҳәм қарлуқ бирикпелери қурайды. Соның ушын да оғуз қаған бириктирген қәўимлер оғузлардың түрки халықлардың пайда болыўындағы орнын бийкарлап болмайды.

Шежирешилер баян еткендей-ақ Оғуз ханның салтанаты Шыңғыс ханнан кем болмаған. Ол тез ўақыттың өзинде Орта ҳәм Киши Азия, Қытай, Ҳиндстан ҳәм Византия жерлерин ийелеген. Оғузнамада анық көрсетилгендей-ақ ол Қытай, Татар, Чуршит, Танғут ҳәм Ийт Барақтың еллерин өзине қаратқан.

Әбилғазы Баҳадыр хан өзиниң «Түрклер шежиреси» китабында Оғуз ханның саўашлары ҳаққында бир қызықлы ўақыяны айтады. «Ол ўақытлары сар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кардaлардың ҳәммеси де бала шағаларының ҳәммесинде арбаға салып журетуғын еди. Себеби узақ созылып кеткен саўашлардың өзи соны талап етти. Усындай саўашлардың биринде Оғуз ханның батыр беклериниң бири қазаланды. Оның ҳаялы ҳәмледар еди. Күйеўиниң қайтыс болғанын билип саўаш майданына барған. Күн суўық еди. Ҳәкисине сол жерде толғақ тутып қалып, ҳаял не қыларын билмей бир гиддиман ширик ағаштың қуўысына кирип, теректиң қабығының арасына баласын туўды. Оғуз хан бул ҳәдийсени еситип ол баланың атын Қыпшақ қойды ҳәм өз қәўендерлигине алды. Себеби ески түрки тилинде иши қуўыс ағашты қыпшақ-деп атайды екен. Соңынан ол баланы тәрбиялап Атил (Едил) журтына патша етип тайынлады. Бәрше Қыпшақ ели оның нәселинен тарқалған» —деген шешимге келеди.

Оғуз ханның алты улы болып олар Күн хан, Ай хан, Жулдыз хан, Көк хан, Таў хан ҳәм Теңиз хан—деп аталған. Күн ханнан төрт ул: Қайи, Баят, Әлқәўли, Көрәўли; Ай ханнан төрт бала: Езир, Ябир, Дуруғa, Докар; Жулдыз ханнан төрт ул: Ошар, Қарнақ, Бекдили, Қарқин; Көк ханнан төрт ул: Баяндур, Бачана (печенег), Шаўылдыр, Жәбин; Таў ханнан төрт бала: Салур, Әмар, Алайонтлы, Ургир; Теңиз ханнан төрт ул: Игдир, Бикдиз, Оба. Қиник.

Оғуз ханның буннан басқа да жигирмалаған ақлықлары болған. Бирақта ол өзиниң елиўден аслам ул қызларының тек жигирма төртине ғана ел бийлеўге рухсат берген. Соның ушында олардың ишинен жигирма төрт ақлығын таңлап алғанлығы сезиледи. Солай-да ол алты баласын алты журтқа хан сыпатында қабыл еткен. Ақлық шаўлықларының мәмлекетти бөлшеклемеўи ушын нәсиятлар қалдырған.

Солай етип бир жағынан татра ханларының сулаласы (династиялары) басланса, екинши жағынан Моңғол ханлары сулаласы басланады.

Шежирешилер бул екеўинде неликтенде түрк қәўимлеринен айырып қарамайды. Мәселен бир жеринде Моңғол десе, және бир жеринде сол ханның өзинде түрк, я болмаса бир ханды татар—деп атаса, екинши бир жеринде түрк деп атай баслайды. Бирақ татар менен Моңғол сулалалары арасында әдеўир келиспеўшиликлер келип шыққан. Ең изинде Татарлар Сүйиниш



www.ziyouz.com kutubxonasi

хан дәўиринде әдеўир күшейип кетеди де Моңғол суласының соңғы ханларынан болған Әлхан үстинен жеңиске ериседи. Буннан кейин Әл ханның ең кишкене баласы Қыят Сүйиниш хан әўладларынан пүткиллей жеңилип, еле ержете қоймаған улы Нөкисти жетеклеп таўдың үңгирлерине қашып кетеди. Буннан төрт әсирден кейин Моңғол сулаларының және күшейип кеткенлиги мәлим болады. Әбилғазы Баҳадыр хан өз «Шежире»синде «Арадан төрт жүз жыл өткеннен кейин моңғол және әдеўир күшейди. Ол жерде отырған түрк халқының қәўимлери татарлар «бизлерде моңғолмыз»—деп «олардың алдыларында бас ийди». («Шежире» 30-бет).

Бул ўақытлары түрки қәўимлери де өзлериниң қәддин тиклей баслаған еди. Әбилғазының айтыўына қарағанда ол ўақыттағы түрки қәўимлериниң өзи де тек бесеў болған. Олар: уйғыр, кийикли, қыпшақ, қалаш ҳәм қарлуқ. Қыпшақлар Едил ҳәм Жайық дәрьялары бойында кийиклилер түркменлер менен бирге, қарлықлар Сыр бойында еди.

Уйғыр сөзи бир заттың уйыўынан алынған. Мәселен сүт қурамындағы затларды бир-биринен айырыўға болатуғын болсада, қатық болып уйығаннан кейин бир-биринен айырып болмайды. Соның ушында тоғыз сайда отыратуғын тоғыз санлы уйғырлар атанған.

Қарлуқлар таў арасындағы ел болып өзиниң Арыслан хан—деп аталған патшасына ийе еди.

Қырғыз ели Оғуз ханның Қырғыз деп аталған шаўлығының атынан пайда болған. Олар Ибир-Сибирь журтына оғада жақын турады.

Татар ели жүдә ески ел. Ол Қытайға жақын болып, гейде олардан жеңилип, гейде жеңип өмир кеширеди. Алахшан деп аталған үлкен қаласы да бар. Жеринде алтын, гүмислер оғада көп. Соның ушында табақ-қасықларының ҳәммеси гүмистен. Жайлаўында жылқысы көп болады.

Және бир белгили тайпаның аты Қытай. Булар Қара Қытай ҳәм Сары Қытай болып екиге бөлинеди. Әсиресе Қара Қытайлар Шуршит патшалығынан көп жәбир көрди. Бирақ Қара Қытайдың Тойсытайфардеп аталған патшасы 513-(Бес жүз он үшинши) жылы Қырғыз ўәлаятларын бойсындырып әдеўир күш жыйнады. Соңынан Ғаўбалық (Бала Сағун) қаласының



www.ziyouz.com kutubxonasi

патшасы Илк хан оған бойсынатуғынын билдирди. Ески түрки тилинде ғаў—«уллы», балық—«қала» дегенди аңлатады. Буннан кейин Баласағунды ийелеп, Илкти саркарда етип тайынлап өзи Гөр хан деген лақап алған. Қытай тилинде «Гөр» сөзиниң өзи де патша мәнисин аңлатқан. Гөр хан буннан кейин Андижан, Ташкент, Түркистан ҳәм Самарқанд жерлерин өзине қаратты. Оннан кейин Арпаз атлы әскер басшысын жөнелтип Ургенииштеги Хорезмшахлар мәмлекетин өзине қаратты. Усындай себеплерге көре Хорезмшах Атсыз ҳәм оның баласы Текеш оған улпан төлеўге мәжбүр болған еди. Соңынан тек Султан Санжар ғана Румнан берги жерлердеги әскерлериниң ҳәммесин жыйнап Гөр хан менен урыста жеңди, бирақ әскериниң бәри қырылып қалғаны ушында Марыға қарай қашып кетти.

Қоңырат атамасы да тап усы дәўирлерден басланады. Шежирениң айтыўы бойынша Қоңыратлар қайсы батырдың нәслинен тарқалған. Оның үш улы шорлық Қубайшир ҳәм Тасбуйдай-булардың үшеўи де атаққа шыққан мерген болған. Шорлық ҳәтте соншама мерген болған. Ол өз иниси Қубайшир менен келиспей қалып бир-бири менен атысқанда инисине зәлел келтирмеў ушын оның қулағындағы узын сырғасын гөзлеп атып, оқ сырғаны тесип еткен. Қоңырат соның баласы екен. Бәрше Қоңырат қәўими соннан тарқалған—деп көрсетиледи.

Моңғол тарийхында булардан тысқары түрки қәўимлерине тән болған қыят, нөкис, маңғыт, кенегес, оймаўыт, найман, арғын, керей жалайыр сыяқлы атамалар оғада көп ушырайды. Булар бәлки сол дәўирдеги түрки моңғоллардың араласпаларынанда пайда болған болыўы итимал. Себеби булар Моңғолдың бурынғы тарийхында актив колланғаны менен соңғы дәўириндеги тарийхында онша ушыраспайды. Ал Орта Азия этнографиясында оғада актив қолланылады.

Моңғол патшаларының ең генже әўлады Әл ханның баласы Қаян. Қаяннан қалған әўлад Қыят пенен Нөкис. Қыят ханның өз баласы болса, Нөкис—инисиниң баласы. Мине усы еки урпақтан соңғы Моңғол ханлары тарқалған. Қыятлар басым болып кеткенлиги ушында Нөкислилер тахтқа ерисе алмаған. Ал Қыят



www.ziyouz.com kutubxonasi

нэсилиндеги патшалардың ең соңғысы Дубынбаян өз қарындасы Аланқуўаға үйленгени ушында отыз жасына жетпестен өлтирилген. Ал оннан қалған еки баланың тәғдири де өлим менен питеди. Солай болсада Қыятлар Аланқуўаны басқа хан нэсилиндеги адамларға бергиси келмеген. Есугей баҳадыр негизи Қыят еди. Сонда да сарай хызметкерлери оны Аланқуўаны ҳаял етип алыўына мумкиншилик бермеди. Усындай себеплер менен оның баласы болған Шыңғыс ханның дүньяға келиўи де жүдә жасырын жағдайда өтеди. Бул жағдайда анық түсиниў ушын сол ўақыттағы Моңғол патшаларының тәғдирине бир көз жиберип көрейик.

Қыят әўлады Қурластан кейин Барташина патша болды. Буннан кейин оның баласы Қоймарал, Қоймарал улы Бешин, Бешинниң баласы Тиймаш, оның баласы Киши, Кишиниң баласы Хожам бурыл изли-изинен Моңғол тахтын ийелейди. Бирақ басқа дәўирлердегидей нәтийжели бола алмады. Солай болсада бул сулала (династия) ел бийлеўин даўам ете берди. Хожам бурыл қайтыс болғаннан кейин оның баласы Бекебандун оннан кейин Самсаўшы, Самсаўшыдан соң оның баласы Калимашу, буннан кейин оның баласы Темиртас, Темиртастың баласы Меңлихожа, Меңлихожа өлиминен кейин оның баласы Жулдыз хан тахтқа отырды. Жулдыз хан еки балалы болып оларда жаслайынан тахт ушын таласып бирин-бири өлтирген екен. Солардың биринширинен Аланқуўа атлы қыз, екиншисинен Дубынбаян деген ул туўылған. Бирақ патшалық нышаны ҳәм уллы хан нәсияты қыз бала болған Аланқуўада қалғаны ушын сарай әмелдарлары буларды жарастырыў ушын Аланқуўаны өз әжағасы болған Дубынбаянға атастырған. Бирақ бул халықтың салт-дәстүрлерине қайшы болып әллеқандай қарама-қарсылықларға алып келген. Солай етип Дубынбаян отызжасқа жетпей-ақ қайтыс болады. Бул ҳаққында Шежирешилерде еки түрли пикир бар.

Биреўлери: «Дубынбаян өз қарындасын алғаны ушында өлимге ылайық еди»—деп жазса, гейпаралары: «Ол өзи хан әўладынан болғаны менен оғада залым болды»—дейди. Ал базылар болса: «Дубынбаян оның әўлады емес. Ғарлықтан болған бала еди»—деген жуўмаққа келеди. Буның қайсы бири дурыс, қайсы бири надурыс екенлиги белгисиз. Әйтеўир Ду-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бынбаида онпап қалған еки нәрестеде белгисиз се-
беплер менен өлтирилген. Буннан кейин Аланқуўаға
үйленгендей хан тухымынан адам табылмаған. Табыл-
ғанларында сарай әмелдарлары унатпаған. Усындай
бир жағдайда Аланқуўа бирден ҳәмледар болып қа-
лып Шыңғыс хан дүньяға келеди. Бул ҳәдийсени адам-
лар: «Аланқуўа Күннен ҳәмледар болған»—деп тар-
қатып жибереди.

«Аланқуўа ҳаққындағы аңыз» дерлик ҳәмме ше-
жирелерде де ушырайды. Оның әдеўир толық вариан-
ты Әбилғазы Баҳадыр ханның «Түрклер шежиреси»
китабында берилген:

«Аланқуўаның кәтқудасы Дубынбаян өлиминен
соң Жулдыз ханның басқа әўладлары ағайин туўысқан-
ларынан оның қолын сораған лар көп болды. Бирақ
Аланқуўа олардың ҳеш биреўине да разылық бермеди.
«Мен енди ҳешқандай ерге тиймеймен. Балларымды
жигит болғанша тәрбиялайман. Мәмлекеттиң бийлиги
өз қолымда болады»—деп турып алды. Солай етип
арадан әдеўир ўақыт өтти.

«Бир күни кеште жатып еди. Сәҳәр ўақтында оянды.
Түңликтен бир жарық көринди. Жарық пенен қосылып
түри ақ сарыдан келген бир тана көз киси кирип кел-
мекте еди. Аланқуўа қорыққанынан басқаларды оят-
қысы келип бақырып жибермекши еди. Бирақ даўысы
шықпады. Тили тутлықты. Турайын десе бирден қол-
аяқларының дәрманлары кетип қалды. Бирақ ақылы
жайында еди. Жаңағы киси болса әсте келип оны өз
қушағына алды. Бирге жупласып соңынан және түң-
ликтен шығып кетти. Ертеңине бул сөзди айтсам
инанбас—деп ҳешкимге айтпады. Бес-алты күн өткен-
нен кейин ол киси және келди. Сол жағдайлар және
тәкирарланды. Соңынан және келди. Усындай жағ-
дайда Аланқуўа ҳәмледар болып қалған еди».

Көпшилик шежирелерде бул нурдың адам екенли-
ги ҳаққында да айталмайды. Онында ең баслы себеп-
лери бар. Себеби ислам дүньясы ғарлық еткенди жақ-
тырмайды. Солай екен әллеқандай жесир ҳаялдың
ғарлығын Шежиреде баянлап отырыўдың ҳешқандай
қәжети жоқ еди. Усындай себеплер менен Шығыс ше-
жирелериниң көпшилигинде: «Аланқуўа Күннен ҳәм-
ледар болды»—деп айтылған пикир илгери сүрилеði.
Бирақ Моңғоллардың өзлери бул фактти жасырмай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Себеби Шыңғыс ханның әкеси Есугей баҳадыр. Анасы Дубунбаян ханның жесири болған Аланқуўа.

Аланқуўа бул исти өзи қәлеп иследи ме, яки өз әтирапын қоршаған моңғол қәтқудаларының жасырын шешими солай болған ба, ол жағы белгисиз. Бирақ моңғол ханларының буннан кейинги ең батыр ҳәм күшли нәсили Шыңғыс ханнан басланды.

Шыңғыстың әкеси Есугей батыр ҳаққында да Шыңғыс еллеринде толып атырған аңызлар көп.

Бир дереклерде Шыңғыстың әкеси араб, бир дереклерде түрк, ал жәнe бир дереклерде «парсы болған» дейди. Әйтеўир қайсысына исениўиңди де билмейсең. Солай болсада: «Моңғол ханлары өз нәсилимиз бузылмасын—деп, ағасының қызын инисиниң баласына берип, қайтама өз нәсиллерин әбден бузып алды. Соның ушын ең соңғы хан Дубынбаян әўладларын хан деп тәрийплеўге мүмкин болмай қалды. Усындай себеплерге көре ең күшли хан Шыңғыстың жасырын әкеси түрк баҳадыры еди»—деген пикирлеринде аз да болса ҳақыйқатлық бардай көринеди.

Бирақ Шыңғыс ханның атасы Есугей баҳадыр өзи қыятлар династиясынан болсада Жулдыз хан сулаласына кирмейди. Солай болсада бул да жети атасынан баслап ханлық мәнсапта болған. Соның ушында оның Моңғолдың уллы ханларынан болған Аланқуўа тахтына даўагерлигине исениўге болады.

## ҮШИНШИ БАП

### ШЫҢҒЫС ХАННАН БАСЛАП ТҮРК ТИЛЛЕС ХАЛЫҚЛАРДЫҢ ӨЗ-АРА БӨЛИНИЎИНЕ ШЕКЕМ

Уллы мәртебели Шыңғыс хан тарийхый сәнениң бес жүз тоғызыншы (ҳижрий) доңыз жылы Моңғолдың Йылун-йылдық деген жеринде дүньяға келди. Туўылғанда бир қолының алақанын қысымлап, жудырықлап туўылған. Енеге болған ҳаял баланың қолын жаздырып қараса уйысып қалған бир бөлек қан бар екен. Жорытқан ўағында оның мәнисин ҳешким билмеди. Бир ақсақаллы қарыя айтты: Бул есегейгеннен кейин уллы патша болады. Дерлик жер жүзиниң көпшилик бөлегин өз қолына алады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тийкарында солайда болды. Ол пүткил дүньяны титиреткен патша дәрежесине еристи. Шыңғыс ханның әкеси Есугей баҳадыр еди. Ол өз баласына Темурчин—деп ат қойды. Соңынан патша болғаннан кейин Шыңғыс—деп аталған атақты ийеледи. Ол ўақытлардағы Моңғол нәсиллеринде «Уллы хан», «Киши хан» деп атаўшылық көп болған. Есугей баҳадырдың бабалары Қыят әўладлары болсада уллы хан дәрежесине ерисе алмаған. Таў етеклерин жайлаған бир киши ханлық екен. Булда Есугей дәўиринде үлкен түскинликке түскен. Бир күнлери оның бабасы Күн түсине аян берип: «Сен уллы хан Аланқуўаға бас қоспасаң болмайды. Егерде бас қоссаңыз пүткил дүньяны өзине қарататуғын перзент туўылады»—деп айтқан. Аланқуўа бас хан болсада күйеўи қайтыс болған жесир еди. Солай етип Шыңғыс хан Есугей менен Аланқуўа нәсилинен туўылды.

Шыңғыс ҳәрқандай адам өзиниң жети атасын билиўи шәрт—деп есаплаған. Соның ушында ол өзиниң жети атасын төмендегише баянлайды: Уллы мәртебели Есугей баҳадыр, оның атасы Бартан хан, оның атасы Әбиў хан, оның атасы Қабыл хан, оның атасы Илинжақ, оның атасы Туман хан, оның атасы Будату, оның атасы Байсуңқар хан, оның атасы Будақур, оның атасы Қайду хан, оның атасы Мурти, оның атасы Дутыман хан, оның атасы Дутақун, әйтеўир әдеўир ханлардың атларын келтиреди. Жоқарыда баян еткенимиздей-ақ ол өзиниң ана тәрепин Қаян ханнан баслап Жулдыз ханның ақлығы Аланқуўа аналық пенен тамамлайды.

Шыңғыс он үш жасқа шыққанда әкеси Есугей баҳадыр қайтыс болады. Солай болсада ол хан әўлады болғанлығы ушын қыйыншылық көрген емес. Анасы ақ пәтия берип, ақ кийизге салып хан көтереди. Бул дәўирде хан нәсили соншама көбейип кеткенлиги себепли Моңғол журтында хан көп еди. Базылары қараўында тек бир аўыл болсада өзин хан санап, бир-бирине бағынбай жүрди. Шыңғыс хан булардың базы биреўлери менен урыс-қағыссыз келисип айырымларына әскер жумсағаны ҳаққында да айтады. Оның Қоңырат елин бойсындырғаны ҳаққында Шежиреде төмендегише айтылады: «Уллы мәртебели Шыңғыс



www.ziyouz.com kutubxonasi

хан Тақи Қула дәрьясының бойына келди. Бай, дәўлетли бир елге жолықты.

— Қандай елсиз-деп сорады.

— Қоңырат елимиз-»деди.

Бул елди Түрк Амал деген хан басқаратуғын еди. Баҳадырлары жүдә көп еди.

— «Егер ел болсаң дәўлетиме серик бол, биригейик. Дос болсаң қолыңды бер. Жаў болсаң айқасқа шық— деди. Буннан кейин тамамы Қоңырат журты Шыңғыс ханға қосылды».

Шыңғыс хан буннан кейин Найманды, Меркитти, Таңқутты, Маңғытты, қырғызды, уйғырды, Қара Қытай ҳәм Шуршитти өзине қаратты. Солай етип моңғол журтын биротола бириктирди.

Бул ўақытлары түрк қәўимлериниң моңғоллар менен биротола араласып кеткенлери де, олардан пүткиллей сыртта жүргенлери де бар еди. Шыңғыс хан олардың бәринде бағындырды. Соңынан Қытай, Ҳиндстан, Иран, Араб еллерин қолға киргизди.

Батыс Европаға ҳүжим баслады. Киши Азия ҳәм Кавказ еллерин бойсындырды. Бул еллер толық бағынғаннан кейин Шыңғыс хан «Уллы Шежире» жаздырып өзиниң арғы бабасының Түрк Қаған ҳәм Оғуз Қаған екенлиги ҳаққында баян ете баслады. Буннан кейин оған Киши ҳәм Орта Азия, Кавказ, Орал бойлары әдеўир садық болып қалған еди. Сонлықтанда Шыңғысты тек басқыншы ғана емес, өз бабаларының мийрасхоры сыпатында да қабыл ете баслады. Усындай себеплер менен Моңғоллар жүдә аз санда болыўына қарамастан түрк тилин ҳәм мусылман динин қабыл етти. Көп санлы түрк тиллес халықлардың әскерлериниң күши менен ғана жеңиске ерисе баслады.

Буның менен Шыңғыс ханнан бурын Түрк елинде атақлы патшалар болмаған—деп жуўмақ шығарыўға болмайды. Шыңғыс ханнан бурын Маварунахр Араб ҳәм Иран патшаларынан әдеўир ғәрезли болып қалғаны менен де Хорезмшахлар мәмлекетинде күшли түрки патшаларының суваласы басланған еди. Булардың арасында Алтын Таш, Атсыз ҳәм Текеш ханлар тилге алынады. Буннан басқа ҳәр үлкелерде патшалық еткен, Гөрхан, Султан Санжар, Султан Махмуд ҳәм басқаларды еске алыў мүмкин.

Бирақ Шыңғыс хан олардың әўладларында түрк



www.ziyouz.com kutubxonasi

нәсилинен екен—деп аяп отырған жоқ. XIII әсердеги патшалардың ҳәммесин қырып жиберип, оның орнына, өз нәселинен болған патшаларды қойды. Бул патшаларда бир әсирден кейин пүткиллей түрклесип кетти.

Шыңғыс хан қаншама залым болғаны менен оның сиясатының Орта Азияның түрки халықлары ушын айырым пайдалы тәреплери де болды. Себеби бул жердиң отырықшы түрки халықлары X әсирден баслапақ араб ҳәм парсы үстемлигинде жасады. Соның ушында сыртқы көшпели қәўимлер тәрепинен талан-таражларға да ушырады. Усындай себеплер менен өзбеклердиң бир бөлеги «Көшпели өзбеклер» атаныл Сибирьге, қарақалпақлардың бир бөлеги Днепр ҳәм Едил бойларына шығынып кетиўине мәжбүр болды. Солай болсада Шыңғыс хан басқыншылығынан кейин пайда болған үлкен еки орай Алтын Орда менен Шығатай мәмлекети түрки тилиниң раўажланыўына үлкен ерк берип жиберген еди. Сол тийкарда бул еки орда арқалы өзбек: қазақ, қырғыз, түркмен, қарақалпақ, татар, башқурт ҳәм басқа да түрк тиллес халықлар бөлинип шықты. Көшпели өзбеклерде XVI әсирден баслап Маварунахрдағы отырықшы өзбеклерге қосылып өз ордасын беккемледи.

Шыңғыс ханның көп еллерден тартып алған бес жүздей кәнизи болған. Солардың тек бесеўи ғана заңлы ҳаялы еди. Оларда сол заманның ең көрнекли ханларының қызлары, ал айырымлары ҳаяллары еди. Себеби хан өлсе ханның ҳаялын хан алыў дәстүр болған. Айырым ханлар Шыңғыс хан менен айқаста қазаланған. Солай болсада Шыңғыс хан олардың сулыў ҳаялларының айырымларын некелестирген. Ҳаялларды некеге алыў олардың сулыўлығына қарап емес, бәлки оның нәсилине қаралған. Усындай себеплерге көре оның тек бес ҳаялынан өрбиген балалар ғана тахт ийеси—деп дағазаланған. Булардан биринши Бөрте қатын Моңғолдың Фужин әўладларының қызы, екиншиси Канжу —Алтан ханның қызы, үшиншиси Көсуў—Таян ханның жесири, төртиншиси—Милун, бесиншиси—Есуган. Бул екеўи де татар патшасының қызы еди.

Шыңғыс әўладлары жүдә көп болғаны менен олардың төртеўин ғана өз патшалығы ушын ылайық—деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

тапқан. Булардан биринши улы Жошы, екиншиси Шығатай, үшиншиси Оқтай, төртиншиси Толы еди.

Булардың атларының ҳәммесин Шыңғыс ханның өзи қойған болып, сол ўақытлары пүткил Азияны өз ишине алатуғын төрт улысты төрт баласына бөлистирип берген еди. Шыңғыс ханның буннан басқа да бес баласы болған. Бирақ олардың ҳеш биреўине де улыс несип етпеген. Қытай жерин бөлисип алған майда ханлардан есапланатуғын еди. Солай болсада Шыңғыс хан өз балаларының татыў болып жасаўы ушын гүрести. «Алтаў ала болса, аўыздағыны алдырар, төртеў түўел болса төбедегини алар»—деген нақыл сол дәўирден қалған дейди.

«Шыңғыс хан өз балларын мәсләҳәтқа шақырып қорамсағынан бир оқты жебени алып сындырған.Соңынан және онлаған оқты алып, бир қолға алып:

— Қәне, буны ким сындыра алады?—деп айтқан.

Балаларының ҳеш биреўи де он оқты сындыра алмаған. Соның ушында ол дүньяда күшли болыўдың тийкары биригиў»—деп түсиндирген.

Шыңғыс хан дүньяның көпшилик жерлерин, ийелеп, жеңилмес хан атанып алты жүз жигирма төртинши (624) ҳижри жылы бул жарық дүнья менен хошласты. Оның барлық өмири саўашларда саўыт ишинде өтти. Ҳәтте әжели жақынлаған ўақтында да ол Қытай елинде саўашта еди. Ол өз өлиминиң жақынлағанын сезип, өзи өлсе де бул ҳаққында ҳешкимге билдирмеўин өтинген. Себеби Шежирешилер Шыңғыс ханның атағының өзи-ақ бир миллион әскерге барабар еди—деп тәрийплейди. Соның ушын оның өлими ҳаққындағы хабар ҳәрқандай саўашта да жеңилиске ушыратыўы мүмкин еди. Буның үстине ол аўырыўдан өз арбасындағы отаўында қазаланды. Солай болсада дәслепки ўақытлары Шыңғыс ханның өлимин өз балаларынан өзге адам билген жоқ. Ертеңине Шыңғыс әўладлары менен Шийдурку арасында саўаш басланып бул саўашта да Шыңғыс әскерлери жеңди.

Шыңғыстың ўәсиятына көре оны сол жердеги терек түбине жерледи. Себеби Шыңғыс хан: «Мен пүткил әлемди өз қолыма алып, оның ҳәммесин өзиме ўатан етиўге талапланған адам едим. Соның ушында мениң аяғым тийген жерлердиң ҳәммесинде өзиме ўатан —деп есапланcын»—деп ўәсият еткен. Соның ушында



www.ziyouz.com kutubxonasi

оның қәбири Қытай жеринде қалып кеткен. Лекин соңынан бул қәбир Моңғол жерине көширилген деп те айтылады.

Шыңғыс хан дәўиринде әскерлер әдеўир тәртипке салынған. Әскерди басқарыў он киси менен он мың киси аралығында болған. Мәселен он кисиниң үстинен қарайтуғын адам Датха, жүз кисиниң баслығы Жүзбасы, мың кисиниң баслығы Мың басы, оның мың әскерди басқарған саркардаға Ноян—деп ат берди. Ал жүз мың әскерди басқарыўшыға әмир—деп ат берди. Солай етип батырлар әўладлары жүзеге келе баслады. Лекин Ноян менен Әмирлер ханнан ғәрезли еди. Солай болсада гейпара әмирлер ҳәтте ханлардан да үстин болып кеткен. Бундай әмирлер Шыңғыс хан дәўиринде болмағаны менен де, Шыңғыс өлиминен кейин оның әўладлары тусында үлкен даңққа ерискен. Мәселен Ноғай, Әмир Темур, Едиге тап сондай әмирлер еди. Олардың айырымлары өмириниң соңғы жылларында ғана хан қызларына үйленип, хан титулына ериседи.

Шыңғыс хан өзиниң тири ўақтында дүньяның көп жерлерин ийелеп, өзи Моңғол жерине уллы хан болып, төрт улына басқа улыслардың ҳәммесин бөлип берген еди. Булардан үлкен улы Жошыға Қыпшақ даласының орайлық үлкеси болған Едил-Жайық бойлары менен Түркстан ҳәм Хорезм тийисли болды. Екинши баласы Шығатайға Орта Азияның орайлық қалалары менен Аўғанстан ҳәм Иранның бир бөлеги, сондай-ақ басқа да Шығыс еллери, үшинши улы Толыға Киши Азия менен Кавказ еллери қарайтуғын еди. Ал кишкене баласы Угадайға Қытай журтын тапсырды. Соның ушында Угадай атасы өлиминен кейин Моңғол менен Қытайды қосып алып басқарады.

Бул жағдайлар Рашид-ад-дин ҳәм Мырза Улығбектиң «Төрт улыс тарийхы» атлы китапларында оғада айқын сүўретленген. Тап усы жерге келгенде миллий шежирелерде өз-ара бөлинеди. Себеби көпшилик түрки халықларының бөлиниўи де Шыңғыс хан өлиминен соң, усы төрт улыстың тарийхый раўажланыўлары тийкарында пайда болған.

Қарақалпақлардың тарийхый тәғдирлери негизинен Хорезм, Едил-Жайық ҳәм Түркстан менен сабақлас. Демек қарақалпақларды сол ўақыттағы Жошы



www.ziyouz.com kutubxonasi

улысы тарийхынан ҳешқандай ажыратып қараўға болмайды.

Қарақалпақ атамасы негизинен IX әсирдеги Хорезм патшасы Алтын Таш заманында пайда болды. Ол сол дәўирдиң басқа да түрки қәўимлери сыяқлы тилге алынады да соцынан печенеглер атланыслары нәтийжесинде ысырылып Дон дәрьясының бойларына барып қалады. Буннан кейин Қыпшақлар тәрепинен жаўлап алынып, оларға қосылып, тили ҳәм түринде ҳешқандай парық болмағаны ушында Қыпшақлар атанып, Едил ҳәм Жайық бойларын жайлай баслаған. Себеби бул дәўирдеги Қыпшақлардың өзлери де қазақ, қарақалпақ ҳәм көшпели өзбек қәўимлеринен ибарат еди. Соның ушында булардың тил ҳәм мәдений бирлигинде айта қаларлық өзгешеликлер боған емес.

XIII әсирде Шыңғыс хан буларды усындай бир жағдайда жаўлап алған еди. Бирақ Қыпшақларды жаўлап алыў Моңғоллар ушын аңсатқа түскен жоқ. Көп әскери қырылып кетти. Соның ушында Шыңғыс хан өз сиясатын ең дәслеп қыпшақларды қорқытыўдан баслады. Оның бир бөлегин қылыш пенен қырып таслап, екинши бир бөлегин сырт еллерге қул етип сатып жиберген еди. Ал үшинши бөлек Моңғоллардан ғәрезли еди. Шыңғыс хан Моңғолдың оғада аз болыўына қарамастан бул бөлекти беккем тутып турыў ушын Қыпшақ беклери менен қыз алысып, қыз берисип ҳәкимлик орынларға тайынлай баслады. Буның ең баслы себеби Қыпшақ қәўимлериниң түр-түсиниң моңғолға усаўы болса, екинши жағынан олардың этногенезинде де моңғоллар менен әллеқандай байланыслардың болғанлығы ерте дәўирлерден бери сабақлас киятырған айырым түрк қәўим ҳәм урыўларының моңғоллар арасында да ушырасқанлығы еди. Соның ушында ол моңғоллар менен түрклерди байланыстырыўшы сиясат қурды. Сол тийкарда әййемги Түрк Қаған, Оғуз Қаған ҳәм Моңғол қағанларын байланыстырыўшы Шежирелер майданға келе баслады. Усындай себеплер менен түрк тиллес халықлар Шыңғыс ханды өзиниң ата-бабасы сыпатында да тән алды.

Қарақалпақларды бириктириўши еки арыс Қоңырат пенен Маңғыттың Моңғол қәўимлери арасында ушыраўы да таң қаларлық ҳәдийсе еди. Усындай себеплерге көре Шыңғыс әўладлары Түрктиң Қоңырат



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм Маңғыт қәўимлерине де қырын қараған жоқ. Шыңғыс хан тусында булар мәмлекетте баслы орынға көтериле алмағаны менен де оның әўладлары тусында қоллап қуўатланылды. Усындай себеплер менен XIV әсирде Маңғытлар қәўиминен шыққан мың басы Ноғай Әмир дәрежесине еристи.

Қарақалпақлар шежиресиниң басы усы Ноғайдан басланады. Ноғай негизинде хан болмаған. Ал Әмир атанған. Өз әтирпына көп ғана түрк тиллес халықлар қәўимлерин бириктирген. Соның ушында бул бирлеспе «Ноғайлы аўқамы» деп аталады. Халқымызда өз атамасын өзгертип сол кисиниң ҳүрметине Ноғайлы деп атала баслаған. Бул ҳаққында XIX әсирде жасаған Өтеш шайыр;

Ол Ноғайлы қарақалпақ дермишлер,
Бүлгиншилик пенен жүрген дүньяда.

—деп жазса, халық жыраўы Қыяс Хайратдийнов:

Ноғайлы дейди екен, халқымды сонда,
Түп бабамды көзиң көрген қобызым.

—деп толғанады.

Соның ушында қарақалпақ эпосларының ҳәммеси де Ноғайлы дәўири менен беккем байланысады. Тарийхта қарақалпақлардың Ноғайлы атамасын қабыл етиўи тап XVI әсирге шекем даўам еткен. Себеби Ноғайлы аўқамын дүзген Маңғытлар ҳәкимшилиги тарийхта үш әсир даўам етти. Ноғай өлиминен кейин бул бирлеспе гә Ноғайлы, гә Маңғытлар болып көзге тасланады. Ҳәтте XIV әсирдеги Өзбек ханның басшылығындағы «өзбеклер» бирлеспесинде де Маңғытлар түрк тилинде сөйлейтуғын бир халық—деп қабыл етилген. Сол дәўир тарийхшыларынан Рузбахан Исфаний: «Маңғытлар қазақлар менен бирге өзбеклер бирлеспесине қосылды» — деп жазады. Соның ушында Маңғыт саркардалары болған Едиге, Нуратдийин Өзбек ханлары тәрепинде турып саўашқа қатнасады. Бул ҳаққында XV әсирдиң данышпан шайыры Әлишер Наўайы:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәнe Маңғыт өзбек пенен дос болды,
Жүзлерге жарасқан бир жуп қаш болды.

—деп тәрийплейди.

Соның ушында қарақалпақлар Өзбек хан, Жәнибек хәм Шайбаны хан заманларынан баслап-ақ өзбек ҳәм қазақ қәўимлери менен пүткиллей араласып кеткен. Булардың әмир әўладларынан болғанлығының өзи де қырғынларға дуўшакер еткен еди. Себеби қарақалпақлардың орта әсир тарийхының Хорезм, Түркстан ҳәм Едил-Жайық бойларында теңнен сақланып қалыўының өзи де усы жағдайларды дәлийллейди. Қарақалпақлар Едиге ҳәм Нуратдийинниң нөкери сыпатында көбирек қырылған.

Бирақ булар Орыс хан дәўиринде эдеўир есин жыйнайды. Сығанақтың берги қапталынан Өзген қаласын салып Орыс ханның баласы Оққас бекти хан етип тиклейди. Соның ушында Оққас тарийхта қарақалпақлардың биринши ханы сыпатында қабыл етилген. Бул XV әсирдиң ақырына туўра келеди. Ал оның баласы Муўса бий дәслеп Түркстанда турып Шайбаны ханның Орта Азияны жаўлап алыўына үлкен жәрдем көрсеткен болсада, соңынан Дәшти Қыпшаққа уллы хан бола алмағанына өкинип, қайтадан Едил-Жайық бойларына кетип қалады. Солай етип ол Сарайшыққа барып аға бий титулын ийелейди. Бул ҳаққында белгили Хорезм тарийхшыларынан Баяний өзиниң «Хорезмшахлар шежиреси» китабында:

**Бул дүньяда нелер болып өтпеди,**
**Муўса бийге тахтта несип етпеди,**

—деп жазған еди.

Муўса бий әўладлары болған Шыйқым, Сейтек, Қасым, Досым Орақ, Қазый, Юсип ҳәм Исмайыллар ҳәммеси де аға султан болып, айырымлары хан атанды. Соңынан Ноғайлы султанлары арасында жер талас болып, Сейтек Хорезмге, Досым Сибирьге, Орақ пенен Қазый Кавказға кетти. Барлығы да қара басы кеткен жоқ. Өзлерине тийисли улысларын алып кетти.

Муўсаның генже балалары Юсип пенен Исмайыл қарамағында болған «алты улы Ноғайлы» (Мүйтен, Қоңырат, Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғытлар) азайыңқырап барып XVI әсирдиң ақырында жәнe қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалпақлар атанған еди. Бул орданы ең соңғы беккемлеўге тырысқан ең соңғы хан Муўса бийдиң ақлығы болған Тынахметтиң баласы Орманбет бий. Ол өмириниң ең соңғы гезлери хан титулын ийелеген. 1596-жылы Жунгардың ханы XI Урлықтың қарақалпақларға қарсы шабыўылында қазаланған. Қарақалпақ халқының бахты ушын гүрескен әжайып ел перзентлериниң бири болған. Соның ушында оның аты қарақалпақлар арасында аңызларға айланып кеткен.

# Төртинши бап

## ХАЛЫҚЛАР ҲӘМ ХАНЛАР ШЕЖИРЕЛЕРИ

Үлкен дәрьялардың бир нешше каналларды пайда ететуғыны сыяқлы тарийхта да бирнешше өзгерислер болады. Бул негизинен алғанда тарийхый дәўирлер менен байланыслы. Себеби ҳәрқандай дәўирде де бирден халық пайда бола бермеслиги мүмкин. Оларды пайда етиўши жағдайларда болады. Өйткени дәслеп Қыпшақ даласында бирнешше түрки қәўимлери жасағаны менен олардың биригиўлери менен тарқаўлары жүдә тез болды. Биригиў бир түрдеги ҳәм бир тилдеги халықларды қәлиплестирген болса, ол айырылыў көп түрли ҳәм көп тилли халықларды пайда ете баслаған еди.

Шыңғыс хан бир түрдеги бир тилдеги мәмлекет етемен дегени менен оның изи келиспеди. Бириншиден ол өзи аз халықтың ўәкили бола тура көп халықты бағындырған, соның ушында ол басып алған үлкелерде басқа тилдеги мәдениятлардың раўажланыўы болғанлығы мәлим. Демек ол бириктирген мәмлекетлер мақсет жолында бир бағдарда болғаны менен де руўхый жағынан тарқақ еди. Буның үстине Шыңғыс ханның ақлық шаўлықларының оғада көп болыўы ҳәм ханлық ушын таласыўлары мәмлекеттиң әдеўир майдаланыўына себепши болды. Соңлықтанда ҳәрбир хан әўладының өз улысын талап етиўи айырым қәўимлердиң де өз алдына халық болып кетиўине алып келди. Усындай себеплер менен Шыңғыс ханның ақлық ҳәм шаўлықлары тусында он бестен аслам түрки қәўимлер өз алдына халық болып қәлиплескен еди. Олардың ең ири-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лери өзбек, қазақ, түркмен, қырғыз, қарақалпақ, татар ҳәм башқурт ханлықларын дүзип, сол атамадағы халықлардың дүзилиўине тийкар салды.

Бул халықлар бирден пайда бола қойған жоқ. Ең дәслеп тили ҳәм түри бир-бирине усас болған, халықлар бирлеспеси дүзилди. Тап усындай бирлеспелердиң бири он сан түрк қәўимди өз әтирапына жәмлестире алған XIV әсирдеги Ноғайлы бирлеспеси еди. Ал буннан кейинги Өзбек ханның тусындағы «Өзбеклер» бирлеспеси өз әтирапына өзбек, қазақ, қарақалпақлардан ибарат үш халықты бириктирген еди. Соңынан булардың бәри де өз алдына халық болып қәлиплести. Халықлардың пайда болыўы ушын ханларда баслы орынды атқарған. Бул бағдарда Ноғай ҳәм Өзбек ханлардың атларын келтирген мақул. Булар хан ҳәм әскер басылар болыўына қарамастан ҳәтте ең ири халықлар атамалары да солардың исми менен байланысады. Сол дәўирдеги Шыңғыс хан нәсиллериниң атларының күшли болғанлығы сонша, ҳәтте гейпара қәўимлер өз атамаларын жоғалтыңқырап барып қәлиплескен. Мәселен қарақалпақлар IX әсирде пайда болыўына қарамастан Моңғол қәўимлериниң тәсири астында Маңғытлар ҳәм Қоңыратлар деп аталған еки халықты пайда етиў бағдарында гүрескен. XVI әсирде Моңғоллар тәсири пүткиллей жоғалғаннан кейин кешигиңкирен барып қарақалпақ халқын қәлиплестирди.

Қарақалпақлар тарийхының төркиплери жүдә узақ болғаны менен де оның ең арғы бабаларының бири Ноғай хан болған адам емес, бәлки әмир болған. Моңғол заңы бойынша ханнан өзге адамлардың ҳеш биреўи де мийрасхор емес. Соның ушында Ноғай Алтын Ордада қаншама белгили адам болыўына қарамастан өз мийрасын сақлап қала алмады. Оның мийраслары басқа ханлықлар арасында бөлинди. Буннан кейин Әмир болған Едигениң тәғдири де сондай. Тек қарақалпақлар өз бабасы деп таныған XV әсир ақырындағы Оққас ханнан ғана азлы-көпли мийрас қалған. Булда оның баласы болған Муўса бий ҳәм оның әўладларының Едил ҳәм Жайық бойларындағы ҳүкимранлығы менен басланып, орданың ең соңғы бийи Орманбет ханның өлими менен тамамланады.

1596-жылғы Жунгар басқыншылығынан кейин қарақалпақлар үлкен бүлгиншиликлерге ушырап, Хорезм



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм Түркстанда өз халқының бир бөлегиниң жасап атырғанлығын сезип, сол жаққа қарай көшкен. Солай етип XIV-XVI әсир ҳүжжетлеринде қарақалпақлар ҳаққындағы мағлыўматлар үш жерде (Хорезм, Сарайшық, Түркстан) да ушырасатуғын болса, XVI әсирден баслап Түркстан Хорезм ҳәм Бухара дереклеринде де ушырасады.

XVI әсирдиң ақырынан баслап қарақалпақлар Бухара ханы Абдулланың сорамындағы Түркстан ўәлаятының жергиликли халқы болып есапланып Сығнақ әтирапын жайлаўшы халық сыпатында мәлим болады.

Түркстан бул ўақытлары биресе Бухара ханлығы, биресе Қазақ ханлығының сорамында да болып турған. Сол ушын бул жерде XVII әсирден баслап майда ханлықлардың болғанлығы да мәлим. Булар ҳәтте тарийхта қарақалпақлар ханлығы деп те аталады. Мысалы: Тобаршық султан (1694-1709), Ғайып султан (1709-1722), Ешим Мухаммед (1722). Бул ханлардың миллетиниң ким екенлиги де белгисиз. Моңғол ханлары нәсиллери менен байланысқан түрки ханлар еди. Соның ушында түрки халықлар арасында ханның миллетин сораўда дәстүр болмаған. Хан тухымынан болса өзиниң ханы сыпатында қабыл еткен. Олар солайынша ҳәр қыйлы халықлардың өз бабасы сыпатында сиңисе алған. Бирақ 1723-жылғы Жунгар атланыслары қарақалпақларды бул ханлықларынан айырды.

XIV әсирге келип Алтын Орданың пүткиллей ыдырап кетиўи бир нешше түрки халықларын пайда етти. Өзбеклер, қазақлар, түркменлер ҳәм қырғызлар өз алдына халық болып жәмлести. Соңынан татар, башқурт ҳәм Сибирь менен Кавказдың түрк тиллес халықлары өз-ара ажырала баслаған еди. Булардың айырымлары XVII-XVIII әсирге келгенде өзлерин миллет сыпатында таный баслап әдеўир көркейди. Ал қарақалпақлардағы урыўлық урыс-қағыслар XVI әсирге шекем даўам ете берди. Солай етип бириккен халық байрағын көтериў жолында әдеўир кешеўиллеп қалған еди.

XVI әсирге келип өзбеклер үш ханлыққа (Хорезм, Бухара ҳәм Қоқан), буннан әдеўир кейин қазақлар үш жүзге (Уллы, Орта, Киши) болып бөлинип өз ханлықларына да ийе болған еди.

Түркстандағы Жунгар шабыўылынан кейин, инине



www.ziyouz.com kutubxonasi

буға ҳəм Угашы аты менен мəлим. Батыўдың буннан басқа Айыўхан ҳəм Улақшы деген еки баласы болды.

Батыўдың тахтына мийрас болып қалған Туку ханның биринши баласы Тарбу. Оның көп ҳаяллары болып соннан еки бала қалған. Биринщиси—Төле, Буқа, екиншиси—Копчак. Туку ханның екинши баласы Мөнгиң үш ҳаялынан бирнеше балалары болды. Оның биринши ҳаялы Олжай Қоңыраттың қызы еди. Екинши ...лы Үйсин, үшинши ҳаялы Куба қатын Маңғыттың ...л. Булардан он бала қалды. Солардан Алкуй, Айрез...удахан, Барлуқ, Тоқтайлар ханның бəйбишеси бас... Олжай аналықтан туўылған. Ал басқа тоқалды... туўылған балалар Сары Буқа, Мулакай, Карезс...ухан, Туғрылшадан перзент қалмаған. Буны Əбил...илер ҳəрқыйлы мағанада түсиндиреди. Тоқал резси...ның тахтқа таласыўға ҳуқықы болмағаны лардың...и өлтирген яки нəсил қалмайтуғын етип пишкейин ...ыўы да итимал.

...нан-ақ ... үшинши улы Тода Монкудиң еки ҳаялы болып қа...шиси Қоңырат қəўиминен, ал екиншиси болбул жер... белгили бийлеринен Төре Кутлықтың қыуширады...рдан Ур менгу, Шишекту ҳəм Тубитай ... Бирақ ...а қалған.

... өзиниң ата... төртинши баласы—Тоқ Буға. Оның ...тырларына ...əўекел Қай—деп аталған еки баласы Ноғай əм...

... əсирде ...бесинши баласы Угашыдан перзент қалмашық ...

(Сас...удың үшинши баласы Айыўханның жети балаты...лды. Булардан Барақ, Булар, Бутудж, Дақдақа, Қ...г, Сама ҳəм Донгур.

...атыў ханның төртинши баласы Улағшыдан перзент ...маған. Ханның соңғы əўладларынан ҳеш ўақыт ...зентлердиң қалмаўын Шежирешилер олардың ана...ының нəсили пəс болғанлығынан—деп түсиндиреди. ...лардың бəри де қартайған ўағында сулыў қызлар... ҳаяллыққа алған. Бул қызлар сулыў болғаны менен ...негизинен орта ҳал адамлардың қызы болған. Со...ң ушында олар перзентли болғанда да белгисиз се...плер менен өлтирилген. Жошы ханның үшинши улы ...ркеденде перзент қалмаған. Жошының төртинши ...ы Беркеджар ханның Созақ жериндеги болған саятында туўылып анасы тосаттан қайтыс болған. Со-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның ушында оны бир мусылман ҳаялға емиздириўге мәжбүр болған. Сол себепли оны моңғол ханларынан әлеўир айырып қарайды. Оннан Көкши ҳәм Ийис Буға деген бала қалған. Көкшиден Инжил-Темир, Балықшы, Доқтай, Тоқ-Темир—деп аталған төрт бала. Ал Ийис Буқадан Сарай Буқа деп аталған балалары қалған.

Солай етип Шыңғыс ханның Орта Азия, Қазақстан ҳәм Орал жерине ҳәкимлик еткен ханлар үлкен улы Жошыдан тарқалған болып, Моңғолдың «Сайын» династиясын пайда еткен.

Буннан кейинги Моңғолдың уллы ханларынан бири Шабан хан. Шабан ханның он еки баласы болып булар: Байнал, Баҳадыр, Қадақ, Ширик, Мерхан, Қуртқа, Абашы, Сабыл хан, Баянжар, Маджар ҳәм Көникши деп аталады. Байналдан Илик Темур, Бек Темур ҳәм Ийса Буқа деп аталған үш бала қалған. Екинши баласы Баҳадырдан Жошы Буқа менен Қутлық Буқа туўылған. Жошы Буқаның Бадағул, Бек Темир, Баянжар ҳәм Ийса Буқа деп аталған төрт баласы болған. Бадағулдың баласы Мың Темир хан Жәнибектиң қызынан туўылып еди. Соңынан Әлбек пенен Полат туўылды. Әлбектиң балалары Ильяс, Тәўекел хожа, Үш Қуртқа, Ханбай. Ханбайдан Мухаммед Хожа хан туўылған. Полаттың Ибрайым ҳәм Арабшах деп аталған еки баласы болды. Ибрайымнан Хызыр хан менен Дәўлет шайых. Хызырдың Әлеке деген баласынан Жәнибек Ал Дәўлет шайхтан Әбилхайыр хан туўылды.

Шежирениң орта буўынында негизинен Түрк-моңгол араласпасының пайда болыўы, моңғол ханлары династияларының көбейиўи нәтийжесинде айырым халықлардың пайда болыўы, сол халықларды басқаратуғын ханлардың тилиниң ҳәм дининиң өзгериўи тийкарында түрки халықлардың пайда болыўы ҳаққында сөз болады. Бундай Шежирелердиң көпшилиги Әбилхайыр хан, Жәнибек хан ҳәм Мухаммед Шайбаны хан дәўирлеринен басланған.

Уллы мәртебели Әбилхайыр ханның он бир баласы болды. Бириниши баласы—Шах Бутақ султан. Екинши баласы—Хожа Мухаммед. Булардың екеўиниң де анасы Барқут қәўиминен еди. Үшинши ҳәм төртинши баллары Мухаммед Султан менен Ахметтиң анасы Маңғыт, Ал Хайдар, Санжар ҳәм Шайх Ибрайымның ана-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сы Қоңыраттың қызы болған. Соңғы баллары Кушкинши хан менен Сүйинши хожа мырза Улуғбектиң қызынан туўылды. Ал Ақ Буруқ пенен Сайыт Баба султанның аналарының ким болғанлығы мәлим емес. Булардан Мухаммед Ибрайым, Ахмет ҳәм Ақ Бурықтан перзент қалмады.

Күшкинши ханның Әбу Сайыт, Абдулла, Әбди Латип деп аталған үш улы болды. Әбу Сайыт ханнан Уған султан, Султан сайыт, Жуўан мәрд хан, Султан Мухаммед, Худай Берди султан—деп аталған бес бала қалған.

Султан Сайыттан: Баҳадыр Султан, Хажы Хусайын, Ядгар Султан, Шасаўыр Султан;

Жуўанмәрд султаннан: Әбилхайыр Султан, Музаффар Султан, Достум Султан, Махди Султан, Қошым Султан, Рустем Султан, Әбдиәзийз;

Султан Мухаммедтен: Шайхым Султан, Бузахир Султан, Баба Султан;

Худай Бердиден: Юсип Султан ҳәм Аўб Султан туўылды.

Әбилхайыр ханның биринши баласы Шах Бутағ султаннан уллы мәртебели ханлардың бири Мухаммед Шайбаны хан туўылды. Ол тарийхта базда Шайбек хан деп те аталады. Екиншиси Махмуд Султан. Шайбек султаннан үш ул: Темур Султан, Сүйиниш—Мухаммед Султан, Хуррам султанлар тахтқа отырған.

Темирдиң улы Полат хан, Сүйинши Мухаммедтен Яр Мухаммед, Мухаммед султаннан Убайдулла хан, Санжар Султаннан Ахмет шах, Қутым Султанлар туўылған.

Ал Әбилхайыр ханның кенже баласы Хожа Мухаммедтен Араб султан, Баба султан ҳәм Жәнибек хан туўылды.

Жәнибек ханның он еки баласы болып: Қыстан Қара Султан. Пир Мухаммед Султан, Рустем Султан (Омар хан), Яр Мухаммед Султан, Сулайман Султан, Суфы Султан, Асфандияр Султан, Паянда Мухаммед, Дос Мухаммед, Шах Мухаммед ҳәм Искендер хан атына ийе болды.

Қыстан Қара султаннан Қылыш Қара султан ҳәм Жан Қара султан; Пир Мухаммед Султаннан Мухаммед патша, Махди Султан, Шах Мухаммед Султан, Дин Мухаммед султан; Рустем Султаннан Хазар Сул-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тап; Яр Мухаммедтен Хысраў; Сулайман Султаннан Махмуд Султан, Шах Мухаммед, Жәнибек Султан ҳәм Шолпан Султан деп аталған ханлар өрбиген.

Жошы ханның және бир әўлады Өз Темир болып, оның Сарыша деген баласынан Тоқлы Хожа хан туўылып, оннан Тохтамыс пенен дүньяға келеди. Тохтамыстың Жалал-ад-дин, Жаббарберди, Кепек, Карим Берди, Искендер, Әбу Сайыт, Кушик, Керимберди деген балаларының болғанлығы ҳаққында айтылады. Буннан тысқары Тохтамыс ханның Малика, Ханика, Жаника, Саадат, Хатийша атлы бес қызы болған.

Моңғоллардың ханлық режелерин бузыў ушын XIV әсирде түрки қәўимлерден шыққан үш әмир де еркин ҳәрекет еткен. Булардан Ноғай, Темур ҳәм Едигенин аты аталады. Булардың ең күшлиси Шахрисабздиң барлас қәўимлери арасынан шыққан Темирлан болды. Ол өзи Шыңғыс хан нәсилинен болмасада түрки халықлар арасынан шыққан ең күшли әмир еди.

XIV әсирдиң екинши ярымында Шыңғыстың екинши баласы Шығатай аты менен пайда болған улыста әдеўир келиспеўшиликлер келип шықты. Бул улыстың белгили ханларынан Қазан хан өлиминен кейин (1358-жылы) Мауарунахрдың батыс бөлегинде әдеўир майданаыўшылықлар пайда болды. Шахрисабзда Хажи Барлас, Хожентте Баязит бек, Балхта әмир Хусейин, Шибирған жерин Мухаммед Апарди ийеледи. Мине усындай бир дәўирде Әмир Темир бас көтерип 1370-жылдан баслап мәмлекетти өз қолына алды. Солай етип сегиз жыл даўамында пүткил Мауарунахр Темур қолына өтти. Ол 1380-жыллардан баслап Иран, Кавказ, Ирак, Киши Азия ҳәм арқа Ҳиндстанды өз қолына киргизген еди. Дәслеп Әмир Темурдиң өзи де Шыңғыс хан ҳәм оның әўладлары жолынан барды. Шыңғыс әўладларынан болған Суюрғатмишти (1370-1380) буннан кейин Султан Махмудты (1380-1402) хан етип тикледи. Бирақ булардың бәриде қуўыршақ ханлар атанды. Булар тек хан атанғаны болмаса мәмлекет негизинен Әмир Темур тәрепинен басқарылған еди. Султан Махмут өлиминен кейин бул қағыйда бийкарланды. Ханлыққа мийрасхор ҳәм ҳәкимлер Темур әўладларынан тайынланды. Соның ушында Темурийлер сулаласының шежиреси бөлек. Бул сулала мәмлекетти XVI әсирден баслап Шайбаны ханның басып алыўына



www.ziyouz.com kutubxonasi

шекем даўам етип келеди де ханлық мәнсап ҳәм ҳәкимлик Шайбанийлер сулаласының қолына өтеди.

Мухаммед Шайбаны негизинен Шыңғыс хан нәсилинен болып, Өзбек ханның ақлығы еди. Соның ушында ол Шыңғыс хан нәсилиндеги адамлардың тахт ийелеўин мақуллады. Сол ушында дәслеп Шайбанийлер, соңынан Аштарханийлер мәмлекет минберине шыға баслады. Өзлери Шыңғыс әўладлары деп саналса да ол дәўирге келип бул бегзадалар өзбек, қазақ, түркмен, қырғыз ҳәм қарақалпақ миллетлерине тән болған адамлар сыпатында көрине баслаған еди.

Ал Қиши шежирелер болса негизинен XVI әсирден кейинги ханларды сөз етеди. Солай болсада олардың түп бабасы Шыңғыс ханға барып тиреледи. Мунис Хорезм ханларының Шежиресин жазбақшы болғанда да орта буўын ханлардан болған Ядгардан баслап, оның он бирinши атасының Шыңғыс хан екенлигин дәлийллемекши болады. Мәселен: «Уллы мәртебели Ядгар хан; оның атасы Темур шайх, оның атасы Хажы Толы, оның атасы Араб шах, оның атасы Полат, оның атасы Менгу Темур, оның атасы Бадагул, оның атасы Жошы Буқа, оның атасы Баҳадырхан, оның атасы Шабан хан, оның атасы Жошы, оның атасы Уллы мәртебели Шыңғыс хан еди»—дейди.

Ядгар хан дәўиринде де Моңғол ханларының династиялық дәстүрлери сақланған. Оның баллары Абулек хан ҳәм Әминек ханлар патшалық еткен. Бирақ хан жаслай қайтыс болып, оның баллары жүдә жаслық етип, яки ханнан зүрәд қалмағанда гейде бул дәстүрлер бузылған. Оның орнына Шыңғыс әўладларынан болған басқа ханлардыңда сайланыўы мүмкин болған.

Усындай бир жағдайларда Ядгар ханның екинши баласы Әминек хан Маварунахрге қашып кетип қалады да оның орнын Бурге султанның улы Жолбарыс хан ийелейди. Жолбарыс ханнан кейин Паланж ханның улы Султан Хажи хан; буннан кейин Абулек ханның улы Хасанқулы хан; буннан кейин Әминектиң баласы Суфайын хан; оннан кейинде Хийўа тахтын Әминек әўладлары болған Бушға хан, Аванеш хан, Қалхан, Ақтай хан, Хажим ханлар патшалық еткен.

Буннан кейинде Хийўа тахтына отырған, Арабмухаммед хан, Хабаш Султан, Асфандияр хан, Әбилғазы



www.ziyouz.com kutubxonasi

хан, Аюшша хан, Худайдад хан, Әрнек хан, Уәлий хан, Шаҳназар хан, Бахыт хан, Сайдәли хан, Мууса хан, Ядгар хан, Ешим Мухаммед хан, Шерғазы хан, Сарыайғыр хан, Баҳадыр хан, Жолбарыс хан, Тайыр хан, Нуралы хан, Әбилғазы екинши, Ғайып хан, Қарабай хан, Темирғазы хан, Тәўке хан, Шерғазы хан, Әбилғазы үшинши, Нуралы хан ҳәм басқалар.

Қарақалпақлар тарийхын терең изертлеген белгили тарийхшы П. П. Иванов бул ханлардың бессўиниң қарақалпақлардан болғанлығын анықлаған. Буннан тысқары Мунистиң өзи де бес ханды қазақ, үш ханды қарақалпақ ханлары сыпатында сүўретлейди.

Қарақалпақлар шығысы бойынша үлкен халықлардан есапланған. Бирақ бул халықтың тарийхый тулғалары болған Ноғай менен Едиге олардың саўашларда көбирек қырылыўына себепши болса керек. Орыс, Оққас, Мууса, Орманбетлер қарақалпақ халқының ең дәслепки ханларынан есапланады. Соңғы дәўирде Түркстан ҳәм Хорезм жеринде де өз ханлықларын тикленген. Бирақ аз халыққа айланғаны ушын Жунгарлардан көбирек жәбир көрген.

## Бесинши бап

### ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ

Ырасын айтыўымыз керек, журттың бәри өз тарийхын Адам Атадан баслап атырғанда биз ҳәрне барына қанаатланған болып, өзимиздиң мәдений тарийхымызды XVIII әсирден баслап жүрдик. Оқыўшылардың:

— Муғаллим, бизиң XVIII әсирдиң арғы жағында мәдений тарийхымыз болмаған ба?—деген сораўларына гүмилжи жуўап қайтарып:

— Еле толық изертленбеген,—деген сөзлер менен шекленип келдик.

Жақын арада болып атырған халықлар жоқ. Ҳәрқандай халық үлкен болсын, кишкене болсын, әйтеўир өз тарийхы бар. Соның ушын булардың үлкен яки кишкене болып қалыўының өзи де ҳәрбир әсирдеги тәғдирлердиң социаллық-экономикалық жағдайларынан излеўге туўра келеди. Усындай себеплер менен «Қарақалпақ тарийхы» мектеплерде пән сыпатында оқытылып атыр. Бирақ еле толық қәлиплесип кете қойған



www.ziyouz.com kutubxonasi

пән емес. Тек оқыўшылар емес, бәлки халық өз тарийхының төркинлерин билгиси келеди.

Әлбетте, қарақалпақ халқы өзин қоршаған тили, түр-түси, үрип-әдети, этнографиясы бир-бирине жақын болған қазақ, өзбек, қырғыз ҳәм түркмен халықларынан бөлек жасаған емес. Өз алдына халық болып қәлиплесиў дәўирлери де солар менен сыбайлас XIV әсир, бәлки, оннанда арғы дәўирлерге сәйкес келеди. Ал халықтың пүткиллей азайып қалыўының себеплери феодаллық урыслар менен байланыслы. Соның ушында қарақалпақлар басқа түрки халықлар қатары VI әсирден баслап XIV әсирге шекем даўам еткен улыўма түрки жазба естеликлерин өзлериниң ортақ мүлки сыпатында қарайды.

Қарақалпақлардың әййемги пайда болған жери Хорезм ойпатлығы, тап ҳәзирги жасап турған мәканда қәлиплескен. Шығысы жағынан Сак ҳәм Массагет тайпалары менен байланысады. Соның ишинде дәрья бойы сакларының аўқамы нәтийжесинде пайда болған. Бул ҳаққында көрнекли тарийхшы С. П. Толстов белгили бир шешимге келген. Қарақалпақлардың ата-бабаларының жаўынгер қәўим болғанлығы ҳаққында тарийхшылар көп пикир жазған. Әсиресе IX әсирдеги араб тарийхшысы А. Н. Науверий: **«Сол дәўирдеги Хорезм патшасы Алтын Таштың саҳра қәўимлеринен таңлап алынған атлы гвардиясының** аты «Қалпақлар» —деп аталатуғын еди»,—деп жазады. Соның ушында IX әсирде пайда болған «Қалпақлар» қәўиминиң атамасы көп ғана тарийхшыларды қызықтырғаны мәлим.

Бул қубылысты халқымыздың әййемги жазба дереклердеги бир көриниси, деп есапласақ, екинши жағынан аўызеки эпосларға көшип кеткен ең әййемги дәўир ўақыялары, грек алымлары сөз етип жүрген. Массагет эпосларының дәстүрлериниң қарақалпақ фольклорында актив сәўлелениўи бизди әдеўир ойландырады. Буннан тысқары ерте дәўирлерде қарақалпақлар жайлаған әййемги Хорезмде «Қаңлылар» мәмлекети ҳәм қыпшақлардың бир бөлеги болған «Ябылар» мәмлекетлериниң пайда болыўы халқымыз этнографиясы менен байланысқан бөлеклер,—деп есаплаймыз. Бул дәўирде басқа ири түрк тиллес халықлардың өзи де еле тарийх шеңберине шыға алған жоқ еди.

Бул дәўирде Әмиў ҳәм Сырдәрьяның төменги ағы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сында Огуз, Қыпшақ ҳәм Қарлуқ қәўимлери биригип жасады. Булардан огузлар түркмен ҳәм әзербайжан, Қарлуқлар өзбек ҳәм уйғыр, Қыпшақлар қазақ, қырғыз ҳәм қарақалпақ қәўимлерин пайда еткени менен соңынан оғуз-қыпшақ ҳәм қарлуқ-қыпшақ болып арасын кеткенлиги белгили.

Бул ўақытта қарақалпақлар Арал теңизиниң қубла жағаларынан баслап Жаңакентке шекемги жерлерди ийелеген. Ал қазақлардың баслы бөлеги Жаңакент пенен Созақ аралығында жасады.

IX-XII әсирлерде Орта Азияда Араблар ҳүкимранлығы әдеўир күшли еди. Соның ушында Араблар саҳра қәўимлерин беккем услап турыў ушын «Пайғамбарлар саҳабалары» деген ат пенен өзлериниң айырым әскер басшыларын ҳәким сыпатында жиберип турған. Усындай себеплер менен X әсирдеги қазақ қәўимлери арасында Әнес саҳаба, қарақалпақлар арасында Мәлик саҳабалар хан сыпатында қабыл алынған. Бул ҳаққында қарақалпақ классик шайыры Бердақ өзиниң «Шежире» синде:

Әнес Мәлик еки киси
Пайғамбардың саҳабасы...

Яки болмаса:

Мәликтиң улы Разыҳақ,
Жаслығында қойды ғулпақ,
Кийген екен қара қалпақ,
Соннан қалпақ болған екен.

—деп жазады.

Тарийхый дереклерге қарағанда Мәлик саҳаба X әсирдиң ақырында Жаңакентке хан болған адам сыпатында тәрийпленеди.

Ал буннан кейин қарақалпақлар жайлаған Арал теңизиниң бойларына печенеглер бастырып киреди де жәнe шым-шытырық ўақыялар басланып кетеди. Печенеглер негизинен түрки тилинде сөйлейтуғын бир қәўим болып «Қайың адамлар» деген мағананы билдиреди екен. Әсиресе оның шығыс группасы қарақалпақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларға әдеўир жақын тайпа болған. Олар қарақалпақлардың көпшилик бөлегин бағындырып әскер сыпатында қабыл еткен. Оларды көшпели мүлк, арба ҳәм дәскелер болғаны ушында өзине бейим қәўимлерден қосып алып, басқа еллерди талаў ушында пайдаланатуғын еди. Соның ушын X әсирлерде қарақалпақлардың бир бөлеги печенеглер менен қосылып, Дон дәрьясының бойларына барып қалғанлығын көремиз. Олар печенеглердиң батысқа ҳүжим жасаў ҳәрекетлерине көнбей, Киев князы Святослав пенен аўқамлас болыўға бел байлап, Днепр дәрьясының бойында өзиниң «Қара бөриклилер» деп аталған ордасын дүзеди. Киев Русының социаллық-экономикалық турмысына белсене қатнасады. Солай етип печенеглик атланыслар нәтийжесинде екиге бөлинип қалады. Қарақалпақлардың Хорезмде қалған бөлеги жүдә аз ҳәм қуралсыз болғаны себепли тарийх бетлеринде жүдә кем из қалдырған. Сол дәўир тарийхшыларының берген мағлыўматларына қарағанда олар Султан Ўәйис таўларында, Арал теңизи жағаларында балықшылық, дийханшылық ҳәм шарўашылық пенен күн көрген. Айырым бөлеклери, ҳәтте, Араллылар—деп те атала баслаған. Соңын ала олардың Хорезмди Шыңғыс хан ҳүжиминен қорғаўға белсене қатнасқанлығы билинеди. Соңынан Алтын Орда Хорезм менен қосылып кеткеннен баслап, Сарайшық ҳәм Хорезм қарақалпақлары арасында беккем қатнасықлар дүзиледи.

Батыста пайда болған қарақалпақлар ордасы Қара бөриклилер Шығыс Европа тарийхында үлкен орны бар. Ол рус князьлери менен аўқамлас болып көп ғана жетискенликлерди қолға киргизеди. Бирақ буларда XII әсирдиң ақырында Қыпшақ қәўимлери тәрепинен жаўлап алынады. Солай етип қыпшақлар аўқамына биригеди. Негизинен алып қарағанда XII әсирдеги қыпшақлар аўқамының өзи де бүгинги күндеги түрк тиллес халықлардың бирикпелеринен ибарат еди. Себеби сол дәўирдеги қыпшақлардың өзи де бүгинги күндеги қазақ, қырғыз, қарақалпақ, өзбек халықларының пайда болыўына себепши болған. Сол ўақытлары Енисейден Созаққа, Моңғолия жеринен Донға шекемги аралықлар «Қыпшақлар даласы» (Дәшти Қыпшақ) — деп аталған. XII әсирде олардың ордасы Едил менен Жайық дәрьяларының аралығында орналасқан еди. Олар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың әскерлери де шексиз қаҳарманлыққа ийе еди. Соған қарамастан Шыңғыс хан 1223-жылы, 31-майда қыпшақларды пүткиллей жаўлап алды.

Қыпшақ қәўимлериниң түр-түсиниң моңғолларға әдеўир усаўы, әскерлериниң қаҳарманлығы Шыңғыс ханға әдеўир қол келген еди. Соның ушында ол екиленбестен Қыпшақ қәўимлери арасына өз ордасын дүзип, қыпшақ жигитлерин ҳәкимликке таярлай баслады. Бул үлкени «Алтын Орда» — деп дағазалап, түрки тилин мәмлекетлик тил сыпатында қабыл етти. Бул аз сандағы моңғоллардың үлкен мәмлекетти услап турыўына жәрдем беретуғын еди. Буннан тысқары түрки халықларының арасында моңғол қәўимлериниң урыўларына сәйкес келетуғын урыўлардың да бар екенлиги мәлим болды. Бундай урыўлардан әсиресе Маңғыт пенен Қоңырат. Усындай себеплерге көре түрк тайпалас халықлардың Маңғыт қәўиминен шыққан Ноғай деген адам XIV әсирдеги Алтын Орда тарийхында ең баслы орынға көтерилди. Өзи Әмир атанып, түрк тиллес халықларының улысын жәмлеп, Ноғайлы аўқамын дүзди. Оның мәмлекетте ең баслы орынға көтерилген дәўири 1300-1340-жыллар. Мине усы Ноғай әмирдиң аты қарақалпақлар тарийхы менен оғада тығыз байланысады. Қарақалпақ мәдений тарийхында еки әсирден аслам ҳүким сүрген Ноғайлы дәўири сол киси ҳәм оның әўладлары менен сабақлас.

Көп ғана түрк тиллес халықлар аўқамынан қуралған қыпшақлар бирлеспесиниң орнына моңғоллар қурған Алтын Орда XIV әсирде әдеўир көркейди. Бул орданың ханы дәслеп Шыңғыс әўладларынан болғаны менен де, шаҳзадалардың өзи де сол орданың пухарасы болған түрки қәўимлери менен қуда-қудағай болып, хан нәсили түрки халықлар менен де араласып кеткен еди. Соның ушында хан султанлардың көп ҳаял алып шахзадалардың көбейип кетиўлери, Орданың бирнеше улысқа бөлинип майдаланыўына ҳәм бирнеше түрк тиллес халықлардың да пайда болыўына алып келди. Усындай себеплер менен өзбек халқының уйытқысы ерте дәўирлерден басланыўына қарамастан Алтын Ордадағы Өзбек хан дәўирине келип қәлиплести. Бул жағдай Маварунахрдың отырықшы өзбеклери менен Қыпшақ даласының көшпели өзбеклериниң биригиўине алып келди. Буннан бир әсир кейин 1456-жылы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәнибек хан Шуў ҳәм Талас дәрьяларының бойында қазақ ханлығын тикледи. Қырғызлар Енисей бойынан Тянь-Шаньға қарай көшти. Туркменлер Мары әтирапында жәмлене баслады.

Алтын Орданың «Ақ Орда» ҳәм «Көк Орда» болып бөлиниўи улыслардың және де майдаланыўына себепши болды. Соның ушын қарақалпақларда бул дәўирлерде басқа улыслар менен көшип қонып, гә қазақлар менен бирликте Жәнибектиң ордасында, гә Сырдәрьяның Аралға қуяр жеринде Тоқтамыс қарамағында, гә Сығнақта, гә Қутлық Темур сорамағындағы Хорезмде көринеди.

Соның ушын да XIV әсирде раўажланған жыраўлар поэзиясы, шешенлик өнери қазақ, қарақалпақ ҳәм ноғай халықлары арасында тең раўажланған. XIV—XV әсирлерде жасаған Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Жийренше шешенлердиң Едил, Жайық ҳәм Түркстан ўақыялары менен байланысыўының мәниси соннан.

Қарақалпақлар қалайда Ноғай өлиминен кейинде оның сиясатларына әбден садық болып қалған халық. Соның ушында олар Ноғайлы аўқамын қайтадан дүзиў ушын гүрескен. Бул жағдай әсиресе Маңғыт әмирлеринен болған Едиге оның баллары Нуратдийин Оққас тусында әдеўир көзге тасланады. Ҳәтте, Оққас XI әсирдиң ақырында Сығнақтың қапталынан Өзген деген қала салдырып өз ханлығын тиклеп те үлгерген. Бирақ бул жағдайлар көпке созылмаған. Қала сыртқы душпанлар тәрепинен жаўлап алынған.

Көрнекли тарийхшы Т. А. Жданко қарақалпақлардың Орыс ханды ҳәм Оққас ханды өз бабасы сыпатында тән алыўларын есапқа алып, қарақалпақ халқының қәлиплесиў дәўири сол XV әсирдиң ақыры деп болжайды.

Бул дәўирде Хорезм менен Түркстан беккем қарым-қатнаста болған. Қарақалпақлардың мәдений орталығы белгили үш орай арқалы әмелге асады. 1. Сарайшық әтирапында. 2. Шымбай, Сәтемир, 3. Жаңакент, Өзген. Мине усы қалалар қарақалпақлардың он әсирге жуўық сырын шертип бере алады. Биз жақын күнлерге шекем, ҳәтте Шымбай қаласының сырын да билмейтуғын едик.

Академик В. Бартольд бул қаланың Шыңғыс хан



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқыншылығынан бурында бар екенлиги ҳаққында өз картасында көрсеткеннен кейин ойланыўымызға туўра келди. Солай етип, қарақалпақлар тарийхының Хорезм, Едил-Жайық ҳәм Түркстан үлкеси менен беккем байланыслы екенлигиниң гүўасы болдық. Бирақ бул жағдай қарақалпақлар тарийхында толық изертленген емес. Қарақалпақлардың XIV-XV әсирлерде Едил бойы менен бирликте Хорезм ҳәм Түркстан дереклеринде ушырасыўы олардың Алтын Орда мәмлекетиниң майдаланыўына байланыслы бурынғы мәканларына қарай көшкен улыслар ма, яки булар бурыннан-ақ Хорезмде қалған қарақалпақлардың бөлеги ме, ол жағы белгисиз. Солай болсада қарақалпақлар усы дәўирде үш үлкениң тарийхында да анық ушырасады. Тарийхый мағлыўматлардың тән алғанындай-ақ қалайда олардың XV әсирдиң ақырында орайласқан жери Сығнақ этирапындағы Өзген қаласы, арқа Хорезмдеги Султан Ўәйис таўларының әтирапы—деп белгиленеди. Сол ўақыттағы Алтын Орда мәмлекетиниң шегаралары Сарайшықтан басланып Хорезм ҳәм Түркстан жерлерин өз ишине қосып алған. Тарийхшы Рузбахан Исфаханийдиң берген мағлыўматларына қарағанда «Алтын Ордадағы хан тәрепинен әмир ҳәм султанларға улыс белгиленгенде олар менен бирге ағайин-туўысқан аймақлары, өзине садық болған нөкерлери көшип қонып жүрген». Демек Орыс хан тусында қарақалпақлардың көпшилиги Түркстанға көшип өткен бе, яки болмаса булар сол дәўирдеги Хорезм қарақалпақларының уйытқысы ма? Ол жағы белгисиз. Қарақалпақлар XV әсирде Сырдәрьяның орта бөўынында өз ханлығын дүзиўге ҳәрекет жасаған. Оққас өлиминен кейин бул ханлық қулайды да, Оққастың баллары Муўса, Жамғыршы ҳәм Асан Жайық бойларына қарай қашады. Бундағы мақсети қулап баратырған Алтын Орданы Ноғайлы аўқамын қәлиплестириў тийкарында қайтадан дүзиў еди. Бул ўақытта өзбеклер ҳәм қазақлар өз ханлығын тиклеп үлгерген. Ноғайлы байрағы әтирапына жәмленген қарақалпақлар менен бирликте олардан басқа да бирнеше түрк тиллес халықлар бар еди. Соның ушында Жамғыршы Астраханның ханы деп дағазаланып, Муўса бий Әмир титулын ийеледи. Оққастың үшинши баласы Асан ҳаққында жетерли мағлыўматлар жоқ. Айырым дереклерде ол «Жайық



www.ziyouz.com kutubxonasi

жолында қазалаптан»—деп айтылады. XVI эсирден баслап башқурт ҳәм татарлардың да бөлинип кетиўине қарағанда бул орданы бириктириў аңсатқа түспеди. Соның ушында бул орда Муўсаның баллары Шыйқым, Шейдаяқ, Шайқы Мамай тусында әдеўир шайқалып турды.

Тарийхый дереклерге қарағанда Муўсаның ортаншы баласы Шейдаяқ әжағаларына өкпелеп, өзине тийисли улысты изине ертип Хорезмге кетип қалған. Буннан сәл кейин оның иниси Досым да өз улысын ертип Сибирь жаққа көшип кетеди. Сол жақта Ерман менен айқасып жүрип қайтыс болады. Буннан кейин оның иниси Орақ ҳәм баласы Қазый екеўи өзине тийисли улысты бөлип алып Дон дәрьясының бойына қарай көшеди. Булар Киши Ноғай атанып, Кавказдың ноғай, қумық, қарашай ҳәм басқа түрк тиллес халықларының пайда болыўына себепши болады. Ал Орданың қалған бөлеги «Ноғайлының алты улы» атанып Муўсаның генже балалары Юсип ҳәм Исмайыл қолына өтеди. Себеби Орданың қалған бөлеги қарақалпақ халқының тийкарғы уйтқысы болып, негизинен Мүйтен, Қоңырат, Қытай, Қыпшақ, Кенегес ҳәм Маңғыттан ибарат алты қәўимнен қуралған еди. Усы Ноғайлының алты улы бөлеги, XVI эсирде Ноғайлы аўқамы толық ыдыраганнан кейин өзлериниң бурынғы этникалық атамасы қарақалпақлар екенлигин тән алып өзлерин қарақалпақлар—деп атай баслаған. Ал қарақалпақ фольклорының көпшилигиниң «Ноғайлы елинде»—деп басланыўының негизи усыннан. Қарақалпақлар XIV эсирде Ноғайлы аўқамының негизин қураў менен бирликте XVI эсирде бул аўқамды және де беккемлеўге тырысқан. Сол себепли тарийхымыз қарақалпақлардың Ноғайлыдан айрылғанлығын толық мойынлайды. Бул ҳаққындағы мағлыўматлар тарийхый дереклерде ҳәм шежирелерде де сақланған. XIX эсирде жасаған қарақалпақ классик шайырларынан Өтеш Алшынбай улы өзиниң «Дүньяда» деп аталған қосығында:

Оны Өтеш Шежиреден көрмишлер,
Соның аз-кем жерин айтып бермишлер,
Ол Ноғайлы қарақалпақ дермишлер,
Булгиншилик пенен жүрген дүньяда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—деп жазады. Ал қарақалпақ халық жыраўы Қыяс Хайратдийинов болса:

Ноғайлы дейди екен халқымды сонда,
Түп бабамды көзиң көрген қобызым.

—деп толғанады.

Қарақалпақлардың Ноғайлыдан айрылыў дәўирлериниң өзи де шым-шытырық тарийхый ўақыялар менен толы. Муўса бийдиң балалары көп болғаны менен олардың ҳәр бири ҳәмел ушын таласып Орданы пыт-шыт етип жиберген. Ҳәтте ең генже балалары Юсип пенен Исмайылда бир-бири менен келисе алмай улысты екиге бөлип жибергенлиги байқалады. Юсип бийдиң гөззал қызы Сүйинбийкениң Қазанның ханы Жанәлий ханның зайыбы болғаны да бизге тарийхтан мәлим. Бирақ Юсип ханның әзәзүли болған Қошшақтың сөзине ерип ханды өлтиреди. Сүйинбийке Қазанның ханы болып дағазаланады. Бирақ буның изи Сүйинбийкениң өзин ҳәм төрт жасар баласы Өтемистиң рехимсиз түрде өлтирилиўи менен тамамланады. Бул жағдайлар қарақалпақ фольклорында:

Таслап кетип Хорезмдей ўатанды,
Жайықта бабамыз Ноғай атанды,
Тахт өлтирди Сүйинбийке апаңды,
Дәўраныңның бәри әрман қарақалпақ.

—деп айтылған халық қосықларында оғада айқын көринеди. Буннан тысқары сол дәўирлерди айқын сүўретлеп бере алатуғын халыққа кеңнен мәлим болған «Ер Қосай», «Ер Көкше», «Ер Сайын», Орақ ҳәм Қазый ҳаққындағы халық дәстанлары да бар.

Ноғайлы аўқамы XVI әсирдиң ақырына келип пүткиллей қулады. Буған ең баслы себеп, бул дәўирдеги Жуңғар басқыншылығының ҳәўиж алып кетиўи еди. Муўсаның генже баласы Исмайыл өлиминен кейин оның балалары Тынахмет ҳәм Орысбек арасында тахт ушын жәнжеллер басланды. Тынахмет өлиминен кейин Орысбек қолына өткен Орда пүткиллей қырылыў дәўирине келип жеткен еди. Халық арасында ашлық ҳәм әптадалық ҳәўиж алды. Қалайда халықты бундай әптадашылықтан қутқарған Орданың ең соңғы бийи, Тынахметтиң баласы Орманбет еди. Оның Орданы басқар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған дәўири (1584-1596) жылларға туўра келеди. Орманбет тусында халық пүткиллей абат болып, қой үстине торғай жумалаған заман болған. Өзи батыр ҳәм ақыллы киси болғаны ушын халық ол ҳаққында түрли әпсана, аңыз ҳәм дәстанларды пайда еткен. Бирақ бул жағдайлар да узаққа созылмаған.

Жуңғарлардың жаўыз патшасы Хо Урлық 1596-жылдың бәҳәр айларында көп әскер менен бастырып киреди де, тыныш өмир сүрип атырған халықты тоз-тоз етип жибереди. Орманбет бий бул саўашта қаҳарманлық пенен қаза табады. Өзиниң дана басшысынан айрылған халық үйиринен айрылған қойдай ҳәр шөптиң астын панала п жүрип зордан күн көреди. Ол заманның дәстүри бойынша ел басшысының орнын басқандай зүряды болыўы керек еди. Орманбет бийден ул перзент қалмады. Оның Бийбайша, Гүлайша ҳәм Сарыша атлы қызлары болып, халық оның кишкене қызы Сарышаны ақыллы сезип бий сайлаўға уйғарған. Бирақ Хо Урлық халықты үшинши мәртебе шапқаннан кейин басқа илаж ете алмастан: «Едил бойында еркин ел бола алмадық. Енди ерте дәўирлерден баслап, ата-бабамыз еркин мәкан етип өрбиген өз журтымыз Хорезм бар. Оннан аррағырақта бабамыз Орыс хан менен Оққас хан патшалық еткен топырағы теберик жер Түркстан бар. Сол жаққа көшемиз»—деди де көрпе-төсеклерин арқаланып жолға рәўана болған. Қарақалпақлардың Хорезм ҳәм Түркстанға қарай шубырып көшиўлери 1596-1597-жылларды өз ишине алады. Душпанларынан таланып, пыяда ҳәм аш қалған халықтың алты ай жолларда сергиздан болыўы да аңсат емес. Бул ўақытлары Түркстан Бухара ханлығына қарайтуғын еди. Бухара ханы Абдулла қарақалпақларды жақсы қабыл еткен. Буларға Сығнақ ўәлаятын инам етип тап Миян көлге шекемги жерлерди бөлистирип берген. Бул жағдай оның 1598-жылғы шығарған жарлығында тастыйықланады. Хан өз жарлығында Түркстанда жасаўшы басқа халықлар менен бирликте қарақалпақларды да тилге алады. Бул қарақалпақларды өз атамасы менен атаўшы дәслепки ҳүжжет болғаны менен қарақалпақлар атамасы XV әсирдеги рус жылнамаларында да ушырайды. Демек қарақалпақлардың халық сыпатында қәлиплесиў дәўирлери XV әсирге туўра келеди, деген пикирлерди толық қуўатлаўға болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақлар буннан кейин тап XVIII əсирдиң бас гезлерине шекем бир ярым əсирге шамалас Түркстанда жасады. Соның менен бирликте қарақалпақлар бул дəўирде тек Түркстанда жасады деўге болмайды. Себеби олардың Хорезмде жасаған бөлеги Араллы өзбеклери менен бирге отырып Сəтемир, Шымбай ҳəм Қоңырат əтирапында өз алдына ханлық дүзиўге ҳəрекет еткен. Олар ҳəтте Түркстан ханларын да хорезмли қарақалпақ султанлардан қойыўды талап еткен. Усындай себеплер менен Есим өзек бойынан Түркстанға шақырылған еки султан да жолда өлтириледи.

Қарақалпақлар Түркстанда жасаған дəўиринде Бухара ханлығының сиясий жағдайларына да үлкен тəсирин тийгизип турған. Мəселен Имамқулы (1611-1642), Субханқулы хан (1680-1702) дəўирлеринде халықтың ханлық зулымлығына қарсы көтерилислердиң болғанлығы ҳаққында айтылады.

Қазақтың ханы Тəўке (1680-1718) Түркстан халқы оннан ғəрезли жағдайда жасады. Соның ушында бул үлке гə Бухара ханлығына, гə Қазақ ханлығына өтип турды. Усындай себеплер менен Əз Тəўке əўладлары тийкарында қарақалпақ елиниң дəслепки ханлары пайда бола баслады. Булар Тобаршық султан (1694-1709), Ғайып султан (1709-1722), Ешим Мухаммед (1722) ҳəм басқалар.

1718-жылы Тəўке хан өлиминен кейин қазақ ханлығы да əдеўир майдаланып кетти. Қазақлар үш жүзге бөлинди. Əбилхайыр менен Полат хан өз алдына бөлеклепип кетти де Орта жүздиң байрағын көтерген Созақтың тəғдири қыл үстинде қалды. Бул дəўирде Түркстан қарақалпақлар ханлығы есапланғаны менен де оның қурамында қазақ ҳəм өзбек халықлары да бар еди. Ешим Мухаммед хан есапланғаны менен де сол ўақыттағы Бухара ханы Абулфайыздан (1711-1747) ғəрезли болды. Бирақта Абулфайыздың Түркстаннан салық өндирип алыўдан басқа күтиги болмады. Түркстанның шегараларын сыртқы душпанлардан қорғаўдан бас тартты. Усындай себеплер менен пүткил Қазақстан даласын басып алыўға бел байлаған Жунгарлар 1723-жылы бəҳəрде Түркстан жерине бастырып кирген еди. Жунгар патшасы Цеван Рабтан бул теңсиз саўашқа жүз мыңнан артық өз əскерин төккен еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазақстан тарийхындағы «Ақ табан шубырынды, алқа қол суўлама», қарақалпақлар тарийхындағы «Посқан ел» тәғдирлери солай басланған еди. Қалай-да Түркстанда бул дәўирде ярым миллионға шамалас адам қырылып, қалғанлары душпанға бенде болған. Тарийхшылардың берген мағлыўматларына қарағанда бул жан түршигерлик саўашлардан кейин Түркстанға көп жылларға шекем адам дарымаған. Аман қалғанлар ел арасына еплеп жасырынған. Қазақлар өзиниң кең даласына, өзбеклер өз ағайинлерине барып қосылған. Еки ортада дағдарыста қалған қарақалпақлар Арал теңизиниң бойында өзлериниң ески мәканлары бар екенлиги есине түсип, қазан-табағын арқалап Сырдәрьяның төменги жағына қарай көшкен. Бирақ бәри бир тәрепке қарай көшкен емес. Сырдәрьяны өрлеп, Ташкент, Әндижан ҳәм Ферғана ойпатына қарай көшкенлери де болған. Буннан тысқары Самарқанд, Нурата арқалы Бухарага, соңынан Қаршы шөллери менен Сурхан таўларына шығысып кеткенлери де бар. Солай етип Жунғар атланысларынан кейин қарақалпақлар үш тәрепке бөлинип көшиўге мәжбүр болған. Булардың Өзбекстан ўәлаятларына тарқалған бөлеклери «Жоқарғы қарақалпақлар»—деп аталса да, олар көп санлы халықлар арасына сиңисип кеткен. Тек Бухара қарақалпақлары — деп аталған Тамды ҳәм Кенимех қарақалпақлары ғана өзлериниң миллий ғәрезсизлигин сақлаған ҳалда жасап атыр. Ал Арал теңизине қарай көшкен төменги қарақалпақлар өзлериниң миллий ғәрезсизлигин толық сақлап қалды. Олар ата-бабаларынан мийрас болып қалған бурынғы бөлекке келип қосылды. Бул жолда да олар әдеўир қыйыншылықларға ушырады. Олардың Сырдәрьяның Аралға қуяр жерин, Жаңадәрья бойларын диййханшылыққа өзлестириўине қарамастан Қазақтың Киши жүзиниң ханлары Әбилхайыр ҳәм Ералы султан үсти-үстине салықлар салып әдеўир қысым жасады. Бул жағдайлар олардың 1740-1760 жыллардан өзлериниң әййемги мәканы болған арқа Хорезмге толық көшип өтиўине себепши болған еди. Қарақалпақлар Хорезмге көшип өткеннен кейинде Хийўа ханларынан ғәрезли болып жасады.

Салықлардың ҳәдден зыят көплиги халық арасында айырым наразылықларды да келтирип шығарған. Усындай себеплер менен халықтың 1827-1828 ҳәм 1858-



www.ziyouz.com kutubxonasi

1859 жыллары миллий азатлық котерилислери келип шыққан. Олар өзи жасап турған үлкеде ғәрезсиз қарақалпақлар ханлығын дүзиў ушын гүрескен. Қарақалпақлар үлкеси соңғы дәўирде суверенли республика атаның, өзи менен сыбайлас жасап атырған туўысқан халықлар менен тең қәдем тасламақта.

Бул халықтың шығысы, пайда болыўы тарийхы, арзыў-әрманлары туўысқан өзбек, қазақ ҳәм түркмен халықлары менен пүткиллей араласып кеткен. Бул туўысқанлық тамырлар Хорезмнен басланып, Едил ҳәм Түркстан жеринде де даўам еткен. Тарийхтың өзи тәрийплеп көрсеткендей қарақалпақлар бул халықлар менен татыўлықта жасаған. Дәслепки Ноғайлы аўқамының өзи де ҳәзирги он түрли түрк тиллес халықты жәмлестирген екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Алтыншы бап

### БЕРДАҚ ШАЙЫР ҲӘМ ОНЫҢ «ШЕЖИРЕ» ШЫҒАРМАСЫ

Қуншығыс еллеринде өз халқының мәдений тарийхы ҳаққында Шежире жазып қалдырған алым ҳәм шайырлар көп. Солардың арасында әсиресе XIX әсирде жасаған белгили қарақалпақ классик шайыры Бердақ Ғарғабай улы айрықша орынды ийелейди. Бул «Шежире»ниң өзгешелиги соннан ибарат. Ол қарақалпақлар тарийхы бойынша биринши жазба нусқада қалған. Екиншиден, оның авторы тек қарақалпақлар ғана емес, бәлки басқа халықларда тән алған данышпан шайыр ҳәм ойшыллардан болған Бердақ еди. Соның ушында бул шын мағанасындағы тарийхый шығарма сыпатында қаралмағаны менен қарақалпақлар тарийхы ҳаққында ең дәслепки болжаўлар сыпатында қараўға болады. Бердақ «Шежире»синиң тарийхтың әйне өзи сыпатында қабыл етилмеўиниң себеби,—бул негизинен көркем шығарма. Көркем шығарма тарийхый теманы сүўретлегенде де айырым фантазияға бериледи. Сол себептен онда фантазияның үстин болып кетиўи мүмкин. Өйткени Бердақ бул шығарманы жазарда көбирек аңызларға тийкарланған. Бунnan тысқары тарийхый фактлерде аз емес. Демек ол көп ғана тарийхый китаплар менен де таныс болған. Соның ушында ол бул шығармасын өзиниң көрген билгени, оқығаны ҳәм еситкенлери тийкарында хатқа түсиреди. Бул пикирди Бердақтың Шежиресин изертлеген алымлар Нәжим Дәўқараев, Сабыр Камалов, Марат Нурмухамедов, Исмайыл Сағыйтов, Кәримбай Худайбергенов, Мақсет Тилеўмуратов, Әбдисайыт Пахратдийинов ҳәм басқалар да бийкарламайды.

Соның ушында Бердақ «Шежире»синде тарийхый фактлиң избе-излиги толық сақланбаған. Гейде тарийхый дәўирлер шатастырылып үлкен тулғалар менен киши тулғаларда араласып кетеди. Бул жағдай оның тарийхый шынлықты көбирек өз дәўири менен байланыстырмақшы болғанлығында көрсетеди.

Қулласы бул шығарма тек қарақалпақ халқының тарийхы ғана емес, соның менен бирликте бәрше түрки



www.ziyouz.com kutubxonasi

халықлар тарийхы ушын оғада характерли болған бир ҳүжжет. Басқа түрк тиллес халықлар шежирешилери қатары Бердақта өз Шежиресин пайғамбарлар заманынан баслап XIX әсирдеги қарақалпақлар турмысы менен тамамлайды.

Ол заманларда ҳәрқандай халықтың оқымыслы адамы өз халқының шежиресин жазып қалдырыўы дәстүр еди. Бердақта сол жолдан барды. Себеби ол өз халқының белгили шайыры болыўы менен қатар өз дәўириниң философы ҳәм тарийхшысы да еди. Мәселениң сол тәрепин ойлап, ол өз халқының Шежиресин жазып қалдырыўға бел байлады. Ол әлбетте соншама талантлы болыўына қарамастан, Қарақалпақстанның бир түпкиринде жасаған адам. Соның ушында тарийхый ўақыялардың уңқыл-шуңқылына шекем биле бермеслиги мүмкин. Сол жағын есапқа алғанда Бердақ Шежиресинде айырым қарама-қарсылықларда бар. Бирақ бундай қарама-қарсылық сол дәўирдиң миллий шежирелериниң көпшилигинде болған. Оның ушын Бердақты гүналаўға болмайды. Себеби оның өз халқының Шежиресин жазба түрде қалдырыўының өзи де үлкен қаҳарманлық еди. Солай етип ол қарақалпақ халқының ең дәслепки Шежиресин жазып қалдырды. Оның:

Бердимурат ҳақтың қулы,
Саҳрада өскен булбили,
Бул Шежирени жылқы жылы,
Халыққа машхур қылған екен.

— деп жазыўына қарағанда «Шежире» 1894-жылы жазылған.

Басқа түрки Шежирелери сыяқлы Бердақтың «Шежире»сиде пайғамбарлар заманынан басланған. Бундағы ең баслы сюжет Адам Атадан басланбағаны менен-де пайғамбарлар ҳәм олардың саҳабаларынан басланады. Басқа Шежирелерде пайғамбардың төрт саҳабасы Әбиўбәкир, Сыдық, Омар ҳәм Оспан—деп берилсе , Бердақ Шежиресинде Сыдықтың орнына Әлий көрсетиледи. Мысалы:

Гүл йүзлери шамсуў қамар,
Әбиўбәкир ҳәзирети Омар,
Оспан, Әлий, төрт шәрияр,
Пайғамбардың яраны екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Буннан отыз үш мың саҳаба тарқалған болып, солардан еки саҳаба Арал бойларына келген. Бул Әнес ҳәм Мәлик саҳаба болып, олардың атлары Шығыс тарийхшыларының мийнетлеринде көбирек ушырайды. Әсиресе Әнес саҳабаның аты пайғамбарлар Ҳәдислериниң ҳәммесинде де бар. Ал Мәлик ҳәм оның улы Разыҳақ Жаңакентте хан болған. Булардың жасаған заманы Хорезмдеги Араблар ҳүкимранлығы X-XI әсирлерге туўра келеди. Бердақта өз бабасының тарийхын тап сол дәўирлерден баслаған. Мысалы:

Әнес, Мәлик екки киши,
Пайғамбардың саҳабасы,
Әнес қазақтың бабасы,
Шундан «алаш» болған екен.

Мәликтиң уғлы Разыҳақ,
Яшлығында қойды ғулпақ,
Кийген екен қара қалпақ,
Шундын «қалпақ» болған екен.

Солай етип Бердақ қарақалпақлар Мәлик ханның улы Разыҳақтан тарқалған деген шешимге келеди. Бул жағдай тарийхый ҳақыйқатлыққа әдеўир жақын. Бирақ буннан кейин Бердақ өзбек халқының келип шығыўы ҳаққында пикир жүргизеди де «Өзбек қалпақтың (қарақалпақтың) улы еди»—деген шешимге келеди. Бирақ бул пикир илимий ҳақыйқатлыққа туўра келмейди. Мысалы:

Саҳра халқы көшип гезбек,
Кантли йерден ўатан дузбек,
Қалпақтың уғлыдур өзбек,
Өзбек йекке болған екен.

Буннан кейин ол: «Өзбектиң Жийен—деген улы бар еди»—дейди. Ал тарийхый ҳүжжетлердиң ҳеш бирсўинде де бундай мағлыўматлар ушыраспайды.

Шежиредеги буннан кейинги сюжет Майқы бийден басланған. Майқы бий—шынында да барлық шежирелерде түрки халқының атасы сыпатында берилген.

Ал Бердақтың көрсетиўи бойынша Майқы бий Өзбектиң Жийен деген баласының бәйбишесинен туўылған болып, оннан Жайылған, Сейилхан деген еки бала қалған. Сейилханнан түркмен, Жайылғаннан Қоңы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рат туўылды—деп жорыйды. Екинши ҳаялы Сарназдан Қытай менен Қыпшақ, бунан кейинги ҳаялынан Муйтен менен Қыят, ал оннан кейинги ҳаялынан Кенегес, Маңғыт ҳәм Теке Яўмыт туўылды—дейди.

Бердақ солай деп айтады да Майқы бийден кейин өзбек, түркмен, қарақалпақ ажыралып кетти—деген шешимге келеди. Яки:

Муйтен, Қоңырат, Қытай, Қыпшақ,
Кенегес-Маңғыт жиникдек,
Бәри алты урыў қарақалпақ,
Өзбектен айрылған екен.—

деп жазады.

Бул пикир тарийхый дереклерге әдеўир сәйкес келеди. Себеби қарақалпақлар XVI әсирде «Ноғайлының алты улы ордасы»—деп те аталған. Буннан кейин Шежирениң сюжети және де өзгерип барады. Сол заманда Алтын хан деген шәўкетли патша болып, ол бәрше халықларын басқарған екен. Зайыбы пери болып оннан Алмалы-Көрикли деген бир қызлы болыпты. Өзиниң басқа зүряды болмағаны ушын оны бир бөлмеге қамап асыраған екен. Қыз күнге ашық болып соннан ҳәмледар болып қалыпты. Бул жағдайды қыздың анасы патшаға хабарлаған. Қәҳәри келген патша қызды алтын сандыққа салып дәрьяға таслатқан. Алтын сандық бир жерлерге ығып келгенде оны Томаўлы менен Шабан деген еки мерген көрип қалады. Соңынан ексўи ойласып Шабан сандықтың өзин алыўға, ал Томаўлы болса ишиндеги затқа разы болады. Солай етип сандықтың бир мушынан атып, оны жағаға жақынластырмақшы болады.

Бердақтың пикири бойынша Қыят урыўының пайда болыўы да сол сандықтың қыя атылыўынан болған. Мәселен «Шежире»де:

Алтын сандық зыят деди,
Зарар келсе уят деди,
Туўры атпа, қыя ат—деди,
Шуннан Қыят болған екен.

Солай етип сандықты жағаға шығарып, ишин ашып қараса, ишинде айы-күни толған гүл жүзли бир ҳәмледар келиншектиң отырғанын көреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул әлбетте Шыңғыс Шежирешилери баян еткен Алланқуўа ҳаққындағы ҳикаятқа оғада туўра келеди.

Ал Шежирениң Бердақ вариантында Томаўлы Алмалы-Көриклини өзине некелеп алады. Оннан «Күн перзенти» болған Шыңғыс хан, соңынан Бөдекетай, Бүркелтай деп аталған балалар туўылған.

Ал Моңғол Шежирелериндеги Алланқуўаның да үш баласы болып, оның биреўи Шыңғыс хан Күннен туўылған еди. Соның ушында моңғол шежирелери менен түрки шежирелери арасында да әдеўир байланыстың бар екенлиги сезиледи.

Бердақ буннан кейин Шыңғыстың көп еллердиң үстинен қараған хан болғанлығы ҳаққында айтады. Мысалы:

Қойды Қушбеги метерди,
Шыңғыс бекти хан көтерди,
Майқыға ықтыяр берди,
Хан атасы болған екен.

Майқы, Қотан ҳәм Кетбуға бийлер аўызеки әдебиятта көп ушырасқаны менен де жазба дереклерде онша ушыраспайды. Әсиресе Майқы көп дереклерде түрки халықлардың бабасы сыпатында тән алынған. Соның ушында халық «тоқсан аўыз сөздиң түбири Майқы бий» деп бийкарға айтпаған. Бул ҳаққында Шежире изертлеўшилердиң пикиринде: «Майқы түрки халықлар бабасы болғаны ушында моңғол шежирелеринде үлкен итибар берилмеген»—деген пикирлер айтылған. Ал Бердақ өз шежиресинде Майқы бийди бабасы сыпатында тән алады. Соның ушында ол:

Әўел бабамыз Майқы бий,
Аның уғлы Жайылған бий,
Жайылған улы Нағадай,
Нағадай бий болған екен.

Нағадай бий йурт ағасы,
Жумлә Қоңыраттың бабасы,
Отыз уғлының атасы,
Уғлы отыз болған екен.

— деп жазады.

Бердақ буннан кейин және қарақалпақ қәўимлериниң пайда болыў дереклерин илгери сүреди. Ол қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалпақлардың негизги алты қәўими (Мүйтен, Қоңырат, Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт) Шыңғыс хан дәўиринен бурын пайда болды—деген шешимге келген. Ҳәтте оның пикири бойынша Шыңғыс қурған Алтын Орданың өзи де усы алты қәўим тийкарында раўажланған. Себеби Шыңғыс хан қарақалпақлардың еки арысын Орданың тийкары сыпатында қараған. Бул ҳаққында Бердақ өз «Шежире»синде:

Қоңырат тапты бир арысын,
Маңғыт тапты бир арысын,
Өзге ағаштың бәрисин,
Өзгелерге салған екен.

— деп жазады.

Демек, мәмлекетти арба деп есапласақ, оны бириктириўши еки арыс үлкен еки қәўим Қоңырат пенен Маңғытқа тийисли болған.

Айырым тарийхшылар Қоңырат пенен Маңғытты моңғол қәўимлери деп те атайды. Негизинен алғанда бул атама түрклер арқалы Моңғолларға өткен. Себеби бул қәўим атамалары VIII әсирдеги түрклер арасында ушырайды. Қарақалпақларды орыс сыпатында қәлиплестиргенде усы еки қәўим болып есапланады. Ал бул еки қәўимниң моңғоллар арасында соншама абырайлы болып кетиўиниң себеби Ноғай әмирге байланыслы. Өйткени Ноғайдың өзи де Маңғыттан шыққан. Ол Маңғыт пенен Қоңыратты бириктиргеннен кейин барып басқа қәўимлер қосылған. Соның ушында Алтын Ордадағы киши түрки мәмлекет Ноғайлы аўқамын дүзиўде қарақалпақлардың ең баслы уйытқысы болғанлығында тән алыўға туўра келеди.

Усындай себеплерге көре Бердақ өз Шежиресинде Қоңырат пенен Маңғыт қәўиминиң қарақалпақлардың қәлиплесиўинде ең баслы орынды атқарғанлығын сезиўге болады.

Қырық адам болып жәм болды,
Қоңыратлы жигит ким болды?
Қоңыратлы Майқы деди,
Шуннан Қоңырат болған екен.

Яки болмаса:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайылған урашлы Қоңырат,
Отыз уғылдың зуряды екен.

Яки болмаса Маңғыт қәўиминиң пайда болыўы ҳаққында:

Теке, Кене, бири Маңғыт,
Маңғыт-деген гүлли Маңғыт,
Тек деген, Теке—Яўмыт
Кене Маңғыттың туўғаны екен.

— деп жазған.

Бул жерде Бердақтың «Маңғыт—деген гүлли Маңғыт» деген сөзлерине қарағанда да Маңғытлардың Шыңғыс хан тусында белгили бир халыққа айланыўларын сезиўге болады. Шежиреде буннан кейин басқа да қәўимлердиң пайда болғанлығы ҳаққында сөз барады. Бирақ Бердақ бул қәўимлердиң ҳеш биреўинде Шыңғыс хан менен байланыстырмайды. Оның пикири бойынша бул қәўимлер Шыңғыс хан заманынан әдеўир бурын пайда болған Майқы әўладлары менен тутасады. Яки болмаса алты улы қарақалпақ Майқының баласы Жайылғаннан таралған—деген пикирге келеди. Солай болсада Бердақтың пикиринде де айырым қарама-қарсылықлар бар. Себеби ол бирсе «Қоңырат Майқыдан туўылды десе», соңынан және: «Қоңыратлар Майқының баласы Жайылханнан туўылды» деген шешимге келеди. Қулласы Бердақтың қарақалпақтың алты улы тийкарында пайда болған алты қәўим негизинде бир адамның баласы еди деген пикирлери әдеўир шынлыққа келеди. Бирақ Бердақ моңғол шежирелериниң желисине берилип кетип қарақалпақларды үлкен жети қәўимге бөлип қарайды. Яғный Қыятты моңғол менен бир қатарға қояды. Оның пикири бойынша Қоңырат, Қыят, Муйтен—бир арыс; ал Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт екинши арыс. Ал Моңғоллар болса Маңғытты да Қыяттан шығарады. Бердақ сол Шежирелердиң желисине берилип кеткен болыўы мүмкин. Болмаса қарақалпақлар шежирелериниң негизи бойынша Қыят Қоңыраттың Шүллик деген баласының туңғыш улы. Бирақ Бердақ Шежирениң ортасына келгенде және «Қарақалпақлар алты урпақтан тарқалған алты қәўим» деген шешимге келеди.

Солай етип ол ҳәр бир қәўимди пайда етиўши урпақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳаққында сөз етеди. Мәселен Қытай-Қыпшақлардың пайда болыўы ҳаққында:

Сарпаздан туўды Қытайбек,
Қытайы тонып қылды жөргек,
Йәне бириниң аты Шах,
Қытай-Қыпшақ болған екен.

Шах яш бала ерке уғлы,
«Қып» демеклик араб тили,
Қыпчақдур түрки мәниси,
Шуннан «Қыпшақ» болған екен.

— деп жазған болса, олардың уранлары ҳаққында:

Қытайбек ҳәм қой жыйнады,
Қойы жәҳәнге сыймады.
Уллы таўларды жайлады,
Ол Таў уран болған екен.

Қыпшақ ҳәм йылқы жыйнады,
Желиге қулын байлады,
Қымыз сабасын сайлады,
«Тоқсаба» уран болған екен.

Бердақ буннан тысқары өз шежиресинде Мүйтен, Қыят ҳәм Кенегес қәўимлериниң келип шығыўы ҳаққында да баҳалы пикирлерди айтады. Мысалы:

Бир зайыптан еки ул болған,
Мүйтен менен Қыят туўған,
Туўған анасы Арыўхан
Қыятқа уран болған екен.

Мүйтен ураны Ақшолпан,
Қыят ураны Арыўхан,
Майқы бий Қоңырат болған,
Бәршеси қосылған екен.

Кенениң Маңғыт ағасы,
Кене тентекдур иниси,
Ҳәр иш етсе, кесдур иси,
Ол Кенегес болған екен.

Шөллерде гезер жейраны,
Жейранға қурған араны,
Кенегес-Маңғыт ураны,
Жаўлы Шаўқай болған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақлардың басқа да қәўимлери мине усы алты қәўим арқалы тарқалады. Және бир таң қаларлық ҳәдийсе қарақалпақ урыўлары 96 (тоқсан алтыға бөлинген). Ал әййемги түрк шежирелери болса түрки қәўимлериниң өзи тоқсан алтыға бөлинеди—деп жорыйды. Бәлки бул бир тосаттан болған ҳәдийсе шығар. Сонда да көп этнографларды ойландырады.

Қалайда, Бердақ қарақалпақ халқының тийкарын қураған алты қәўимди атап өтеди де, буннан кейин урыўлардың келип шығыўы ҳаққындағы өз пикирлерин ортаға салады. Ол урыўлар генелогиясын ҳәрбир қәўим арқалы бөлип қарамастан гейпара майда урыўлардың өзи де халық атамасын қәлиплестириўде хызмет атқарғанлығы ҳаққында айтады. Халықты қәлиплестириўде ең баслы еки мүше, яғный арбаны тартатуғын арыс Қоңырат пенен Маңғыт болғаны менен оны бириктириўши бөлеклер ҳаққында да айтады. Сол тийкардан қарағанда ҳәтте Қаңлы ҳәммесиненде үстин турады. Бердақтың тәрийплеўи бойынша Қаңлы сол арбаның (яғный мәмлекеттиң) устасы. Ханлықты бириктириўге қатнасқан адам. Ал басқа урыўлар болса оның бөлеклери сыпатында хызмет атқарады. Мысалы:

Шунда Қаңлы уста болды,
Қағып-соғып арба қылды,
Шүйит еки шүйин салды,
Шундан Шүйит болған екен.

Бердақ буннан кейинги қарақалпақтың урыў ҳәм қәўим атамаларының ҳәммесинде Шыңғыс хан әўладларынан болған хан, султан ҳәм бий атамаларынан излейди. Оның пикири бойынша хан әўладларының тийкары Шыңғыс хан. Түрки ханларының негизи де Шыңғыс ханнан тарқалған деген шешимге келеди. Мысалы:

Шыңғыс ҳаслы кимнен болды,
Атасы жоқ, Күннен болды,
Аға султан, ярым ханлар,
Шыңғыс ханның зүряды екен.

Жәнибек хан ҳәм Жанай хан,
Аның уғлы Тохтамыш хан,
Қазақ ишинде Султан хан,
Шыңғыс ханның зүряды екен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ солай болсада Бердақ қарақалпақлар шежиресин Шыңғыс ханның өзинен басламайды. Бәлки Шыңғыс ханның ақылгөй кеңесшилериниң бири болған Майқы бийден баслайды. Яғный қарақалпақтың арғы атасы Майқы бий, оннан Жайылхан бий, оннан Нағадай бий, Нағадай улы Қарабек, Қарабек улы Жәнибек ҳәм Қәллибек, Жәнибек улы Хайдар, оның улы Әлибек, Әлибек улы Ағәдил, оның баласы Байәдил.

Бердақтың айтыўы бойынша мал-мүлкти айырып тамға бастырыў дәстүри сол дәўирден қалған. Тамғалы тәртибиндеги урыўлардың келип шығыўы да тап сол дәўирлерден қалған. Бул ҳаққында Шежиреде:

Қолына басқан Қолдаўлы,
Санына басқан Ашамайлы,
Жуптан басқан Қос тамғалы,
Тамғасы қос болған екен.

Еккиси саўдагер болды,
Ханнан жығалы хат алды,
Шуннан Ханжығалы болды,
Себеби шул болған екен

— деп айтылады да, буннан кейин Ағәдил улы Толыбай, Толыбай улы Сарыбай, Сарыбай улы Бәдик, Бәдик улы Базар Ғулпақ, Базар Ғулпақ улы Томайлар ҳаққында сөз болады да, бул дәўирде пайда болған айырым урыўлар ҳаққында да пикир билдириледи. Мәселен:

Томай елши дарқан болды,
Бәйбишеси бес ул туўды,
Бесеўи де көсе болды,
Бескемпир атанған екен.

Бердақ буннан кейин Хожакелди, Хажыкелди, Ханкелди, Жанкелди, Султан бийлердиң атын атайды да, бирден Хангелдиниң улы Қарабас, оның улы Ешнияз, Ешнияз улы Ораз аталық, яки Султанның улы Айдос, Майбас—деп бирден XIX әсирге келип қалады.

Шыңғыс хан заманының XIII әсир екенлигин есапқа алғанда бес әсир ишинде бунша қысқа тарийхтың болғанлығына да исенгиң келмейди. Оның үстине Бердақ көрсеткен бий атамаларының өзи де тарийхта оншама из қалдырмаған. Тарийхый дерек тийкарынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

қаралғанда белгили қәўим бийлеринен асып кете алмайды. Ҳәтте тарийхтың өзи тән алған Ноғай, Орыс, Оққас, Мууўса ҳәм Орманбетлердиң де аты аталмайды.

Соның ушында бул бийлердиң атларын тутас қарақалпақ халқының тарийхы ушын тән—деп қараў қыйын. Буннан тысқары олардың басым көпшилиги XVII—XVIII әсирлерде жасаған. Булар тутас қарақалпақ халқының үстинен қарамаған болсада белгили бир урыўды баслаўшы бийлер болғанлығы анық. Соның ушында Бердақ айырым урыўлардың арғы атасын толық айтып оларды Шыңғыс хан заманы менен жақынластырады. Мысалы:

Байәдилден Ашамайлы,
Ҳайдар уғлы Қостамғалы,
Қәндекли билән Қолдаўлы,
Еншисин бир алған екен.

Қос тамға Ашамай басты,
Ашамайлы туўылған екен.
Шир жеген менен Қарны жуўан,
Қолдаўлының туўғаны екен.

— деп жазып Қолдаўлылар шежиреси ҳаққында оғада әҳмийетли пикирлерди айтады. Ҳәтте бул Шежирени қарақалпақ урыўлары ҳаққындағы аңызлар тийкарында жазғанлығын Бердақтың өзи де бийкарламайды. Мәселен:

Бердақ суўпы деяр атым,
Қолдаўлыдур ҳаслы затым.
Ҳайдар, Әлибектиң зүряды,
Айтып тамам қылған екен.

— деп айтылған пикирлер буны анық тастыйықлайды. Себеби Бердақ өз бабасы болған Ҳайдарды Жәнибек ханның улы сыпатында тәрийплеген.

Бердақ буннан кейин Хорезмдеги Қоңырат сулаласының ханларын сөз етеди. Сол тийкарда ол өз шежиресиниң екинши бөлегин XVIII-XIX әсирдеги Хийўа ханларынан баслайды. Бунда ол биринши Арын хан, соңынан Ғайып хан, Мәдемин хан, Әўез инақ, Елтезер инақ, Қутлымурат инақ, Мухаммед Рахим ҳәм Аллақулы ханды тилге алады. Бердақтың пикири бойынша Арын ханның атасы хан болған емес. Арын мәртлиги


www.ziyouz.com kutubxonasi

себепли Жәнибек ханның қызына үйленген. Соның ушында ол соңынан Хийўаға хан болған. Бул ҳаққында Шежиреде:

Алғыр Шуңқардың нешшеси,
Арын мырзадур кишиси,
Отыз уғылдың бәриси,
Арынша болмаған екен.

Йоқдур сөзимниң қатасы,
Хан Жәнибек қәйинатасы,
Ҳаслы төрениң баласы,
Хан күйеўи болған екен

— деп айтып келеди де Хийўа ханларының салтанатын мақтайды. Буннан кейин ол сол дәўирдеги Хорезм ханлары ҳаққында айырым мағлыўматлар берип барады. Мысалы;

Ғайып Хийўаға хан болды,
Қоразбек ҳәм султан болды,
Ақыбети ойран болды,
Мәдемин инақ болған екен.

Мәдемин улы Әўез инақ,
Қуда берди ҳәм дәўлет бақ,
Елтезер инақ, Қутлымурат инақ,
Әўез инақтың туўғаны екен.

Андин соң Мухаммедрахим хан,
Титиреди Қурт, Гүржистан,
Йети ықлым сахып қыран,
Тамам йуртти алған екен.

Ўәлийдур Аллақулы ханы,
Берди қуда дуў жәҳаны,
Әдалатлы қутбы заманы,
Йурты абад болған екен.

Ғайыптың Хийўаға хан болған дәўири 1747-1757 жыллар. Демек бул ўақыялар бизиң дәўиримизге әдеўир жақын. Соның ушында Бердақ шежиресинде тарийхый избе-излилик сақланбайды. Себеби ол Аллақулы ханнан кейин және Нағадай бийди тәрийплеп кетеди. Ал Нағадай бий болса Майқының ақлығы, яғный XIV әсирдеги адам. Буннан кейин және Хийўаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәдиршахтың басып алған дәўири ўақыялары менен араластырып жибереди. Солай етип Шежиредеги тарийхый избе-излик пүткиллей бузылған.

Бердақ буннан кейин шежиреде қарақалпақ батырлары ҳаққында да сөз етеди. Ондағы сөз етилген Досан батыр негизинен XVII әсирде жасаған. Ал Бердақ болса XIV әсирдеги халық аңызларының қаҳарманы Нағадайдың баласы сыпатында тәрийплейди. Мысалы:

Нағадайдың улы Досан,
Досан батыр болған екен.

Тарийхый дереклерге қарағанда Досан шынында да батыр болған. Оның он жети батыр улының Хийўа ханы тәрепинен өлтирилгенлиги ҳаққында да айтады.

Ал Бердақ болса өз шежиресинде усы он жети батырдың өлимин Қоңыраттың «Қара мойын» урыўының келип шығыў ўақыялары менен байланыстырады. Мысалы:

Йузин жыртып жара салды,
Он жети үйге қара салды,
Шундан «қара мойын» болды,
Себеби шул болған екен

Бирақ Досан батыр тарийхта бар адам. Ол Хорезм тарийхында емес, бәлки Бухар хроникаларында тилге алынады. Мухаммед Юсуп Муншиниң айтыўы бойынша ол он жети хожалығын алып Хорезмге өтпекши болғанда хан әскерлериниң қарсылығына ушырап, өзиниң он жети батыр улынан айрылған.

Бердақ шежиресиндеги фактлардың көпшилиги исенимли. Бирақта онда дәўирдиң хронологиясы сақланбаған. Соның ушын гейде ҳәрқыйлы дәўир адамлары да араласып кетеди.

Ҳәтте Бердақ қарақалпақлардың Түркстанда болыў жағдайларында Хийўаның Аллақулы хан дәўиринен кейинге шығарып жиберген. Солай етип Шежірениң сюжет пенен композициясы әдеўир бузылған. Бирақ солай болсада қарақалпақлардың Түркстанда болғанлығы ҳаққында Шежиреде әдеўир мағлыўматлар бар. Мысалы:


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ бир мақлуқ инсан,
Ҳәр нешикдур мусылман,
Ата журтыдур Түркстан,
Түркстанға барған екен.

Лекин солай болсада Бердақ қарақалпақлар тарийхын толық тутас билген адам деп қараўға болмайды. Соның ушында ол өзине әбден таныс болған қарақалпақлардың Қоңырат арысы тарийхына үлкен әҳмийет берген. Ал қарақалпақлар тарийхының XIV-XVI әсирлеринде ең баслы орынларды ийелеген. «Он төрт урыў» бөлеги пүткиллей шетте қалған. Шынында да қарақалпақлардың Қоңырат арысы XVII әсирден баслап ең баслы орынға көтериледи. Түркстан ҳәм Хорезм тарийхында үлкен из қалдырады. Соның ушында Бердақ Қоңырат жағын әдеўир басымырақ етип сүўретлейди. Мысалы:

Кәндур Түркстан әжеп жай,
Он урыў аш, Қоңырат бай,
Шымылдық урлапты Қытай,
Пирден қарғыш алған екен.

Бирақ Бердақ қарақалпақлардың Түркстаннан не себепли көшпекши болғанлығы ҳаққында өз пикирин билдирмейди. Жаңадәрьяға қарай көшкен үлкен бөлек оның дыққатынан шетте қалып кетеди де Сурхан таўларына қарай көшкен, жоқарғы қарақалпақларды ең баслы тема етип алады. Оның пикири бойынша қарақалпақлар дәслеп Сурхандәрьяға қарай көшип, соңынан Хорезмге қарай көшкен. Бул ҳаққында ол өз шежиресинде:

Түркстаннан Қоңырат көшти,
Сурханға да келип түсти,
Малы-жаны оннанда өсти,
Мықлым бийзар болған екен.

Он төрт урыў көшип бүлди,
Қими жолда аштан өлди,
Сурханға булар ҳәм келди,
Қоңыратқа табысқан екен.

— деп жазған.

Бул жерде сол жағдайды айтыў керек, Шежире Бердақтың қәлемине тийисли болғаны менен де, оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

халық арасында оннан аслам вариантлары тарқалған. Булардың ишинде «Бердақтың өз қолы менен жазылған»—деп айтқандай варианты табылмаған. Н. Жапақов ҳәм Х. Ҳәмийдов тәрепинен табылған қолжазбада Бердақтың өз қолынан жазылған—деп қарап болмайды. Соның ушын бул қолжазбаларға да айырым оқымыслы адамлар өз пикирлерин қосып жиберген. Усы тийкардан қарағанда Бердақ Шежиресиниң дәслепки вариантларындағы:

Әсирсе Қоңырат өлди,
Қосыла Қытай да бүлди,
Халық бул жерден үш бөлинди,
Үш тәрепке кеткен екен. —

деген пикирлер оғада дурыс деп есаплаймыз.

Себеби Түркстан саўашларында Қоңыратлылар шынында да қаҳарманлық көрсеткен. Қарақалпақлар Жунгарлардан жеңилип үш тәрепке қарай көшкен. Биринши бөлек—Арал тәрепке, екинши бөлек—Ташкент, Ферғана арқалы Сурхан таўларына, үшинши бөлек—Бухара арқалы Қашқадәрья шөллерине өтип кеткен. Қарақалпақлардың этникалық бирлигин сақлап қалған бөлек—Хорезм бөлеги. Ал Сурхандәрьяға қарай көшкен Қоңыратлар, Бухараға қарай көшкен Маңғытлар бөлеги көп ўақытлар өзиниң этник бирлигин сақлап турыўына қарамастан сол жердеги көп санлы халықлар менен бирге сиңисип кеткен.

Соның ушында Бердақтың «Қарақалпақлар Сурхандәрьядан Хорезмге қарай көшти»—деген пикирлери тарийхый ҳақыйқатлыққа туўра келмейди.

Ал қарақалпақ Қоңыратларының Шүллик пенен Жаўынғыр бөлегиниң Сурхандәрьядан басланды—деп жорыўы да орынлы емес. Мәселен Бердақ XVIII әсирдеги Сурхандәрья қарақалпақларын сүўретлей отырып:

Қара мойын, Мүйтен, Қолдаўлы,
Ашамайлы, Қыят, Балғалы,
Қәндекли билән Қостамғалы,
Шүллик тамға салған екен,
Шундан Шүллик болған екен.

Жаўынғыр кетти муннан көшип,
Жипек жайлаў болды несип,
Малдың қулақ мурнын кесип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүдә сыйлайды. Соған қарағанда бул халық өтмишинен баслап-ақ әдеўир сыпайы болған.

Оқымаған болсада тоқығаны көп, сөз сөйлеўге шебер ҳәм тақыўа болып келеди. Улыўма тарийх жөнинде түсиниги шамалы. Соның ушында өз халқынан көре урыўларын көбирек мақтайды. Ҳәр бир урыўдың тарийхын тап Адам Атадан баслап үлкен халық сыпатында тәрийплейди. Еки урыўдың басы қосылған жерде тарийхый материалларды жыйнап алыўда қыйын. Себеби ҳәрбир урыў өз тарийхын жүдә узақтан баслап бир-бири менен айтысып қалады. Бирақ бул үлкеде ҳәрқандай саўатсыз адамда өзлериниң жети атасын биледи—деп қарақалпақлардың өз тарийхына қызығыўшылығын таңлайы түскенше мақтайды. Тап усындай пикирлер қарақалпақлар арасында болған белгили рус тарийхшылары А. Морозова ҳәм Б. Андриановлар тәрепинен де айтылған. Буның ең баслы себеби этнографиялық фольклордың қарақалпақлардың руҳый азығына ойланыўынан болса керек. Соның ушында халық өз тарийхы, шежиреси ҳаққында ҳәр қыйлы аңызлар тарқатқан. Бул аңызлардың гейпаралары тарийхый шынлыққа туўры келмегени менен, айырымлары тарийхый дәўирлер менен сабақлас болып келеди.

Халықтың өзи шығарған шежирелердиң айтыўына қарағанда арғы атасы Майқы бий. Оның жасаған заманы Шыңғыс ханнан сәл бурынырақ—деп түсиндириледи. Майқының Сейилхан, Жайылхан, Темирхан ҳәм Алаш—деп аталған төрт баласы болған. Сейилханнан—түркмен, Жайылханнан—қарақалпақ, Темирханнан—өзбек, Алаштан—қазақ халқы тарқалған—деп жорыйды. Ал гейпара халық шежирелери бойынша Жайылханнан өзбек, қазақ, қырғыз ҳәм қарақалпақ таралған—деп түсиндириледи. Қазақ шежирелериниң айтыўы бойынша Жайылханнан қазақ, созақ, узақ—деп аталған үш бала туўылған—деп көрсетеди. Соның ушында Созақтан қарақалпақ, Узақтан қырғыз халқы пайда болған—деп жорыйды. Белгили қазақ жазыўшысы Сабит Муханов та өзи дүзген шежире бойынша айта келип, бизиң қазақ жыршылары:

Созақтан қарақалпақ бөлинеди.
Шежиреде тап солай көринеди

—деп айтып жүрипти дейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол айтқандай халық шежирелериниң вариантлары да көп. Қалай болғанда да өзбек, түркмен, қазақ, қырғыз, қарақалпақтың бир атадан өрбигени анық.

Бирақ солай болсада илимий көз қарастан қаралғанда булардың барлығы да Түрк ханның балалары болыўына қарамастан халықтың тийкарғы компоненти тил екенлигин есапқа алғанда Қарлуқ оғуз, қыпшақ болып үшке бөлинеди. Лекин соңын ала Қарлуқта, Оғуз да Қыпшақ пенен араласқан. Олардың Қарлуқ-қыпшақ, Оғуз-қыпшақ болып кетиўи де бул пикирлерди дәлийллейди. Соның ушын бул бес халық арасында да айта қаларлықтай өзгерис жоқ. Олардың тил өзгешелигин есапқа алып үш атаға бөлгенлиги де орынлы. Себеби өзбек тили Қарлуққа бейим болып келсе, түркмен тили Оғузға бейим. Ал қазақ, қырғыз ҳәм қарақалпақ тиллери қыпшақ диалекти тийкарында қурылған. Сол тийкардан қарағанда түркменниң Сейилханнан, өзбектиң Темирханнан, қазақ, қырғыз ҳәм қарақалпақтың Жайылханнан туўылғаны дурыс шығар. Бирақ тарийхтың өзи де биргеликли бола бермейди. Өзбектиң бир жағы Қарлуқ болса, бир жағы Қыпшақ болған. Ҳәтте Алтын Орда дәўиринде пүткиллей қыпшақласып кеткен. IX әсирде оғузлардың өзи де қыпшақласа баслаған. XIV-XV әсирлерде өзбек, қазақ ҳәм қарақалпақлар ортақ тилде сөйлейтуғын халықлар сыпатында бир ордаға бириккен.

Бул жағынан қарағанда ата-бабалар мийрасын айырып қараўда қыйын. Усы тийкарда бул үш халықта өзлериниң ата-бабаларын әдеўир уллы санайды. Деген менен тарийхтың көрсетпелерине даў жоқ. Ҳәммеде өзиниң ата-бабаларынан қалған мийрасларына жүгинеди. Тарийх даўыллары арасында қалған көп халық биреўи үлкен, биреўи киши дегендей әйтеўир ҳәзирги заманға жетип келген.

Жайылханнан туўылған қарақалпақ батыр ҳәм оның алты улы ҳәзир кишкене болып қалғаны менен тарийхы үлкен. Туңғышы Қоңырат пенен Мүйтен жаслығынан өжет ҳәм батыр болып даңқы көп еллерге тарқалып еди. Өзи көп жерлерди бойсындыраман деп әззилеп қалды. Соның ушында оның урпақлары көп еллерде бар. Дәслеп Қоңыраттың байрағын көтергени мененде соңынан Қоңырат урыўы болып үш елге тар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалды. Қарақалпақ Қоңыратлары урыў емес, бәлки қырықлаған урыўды жәмлестирген үлкен бир қәўим.

Қоңыратлылар қарақалпақ халқының бир арысы саналып елдиң жарты бөлегин өзине жәмлеген. Тарийхта Қоңыратлылар атанған үлкен тайпалардың бири. Мүйтенлер тәғдириде тап сондай. Олар арыс есапланбасада гә қоңыратлыларға қосылып, гә ажыралып ҳәрекет жасаған.

Маңғыт—қарақалпақтың ең генже улы. Буғанда мәмлекеттиң екинши бөлеги мийрас болып қалған. Қарақалпақлардың екинши арысының басшысы болып есапланады. Оған хан титулы берилмегени менен де әўладларының ҳәммеси батыр болған. Соңынан Кенегес ҳәм Қытай Қыпшақларды өзине қосып алады. Қытайда көптен бери бар—уллы журт. Ал Қыпшақлар болса уллы Қыпшақ даласының мийрасхорларынан еди. Негизинен алғанда булардың алтаўы да тарийх төркинлеринде бар қәўимлер. Өз алдыларына мәмлекет қурыўды ойлаған. Бул жерлерди Шыңғыс хан басып алғаннан кейин илажсыз Маңғыт-Ноғай әтирапына бириги̇ўге мәжбүр болған.

Қытай, Қыпшақ, Кенегес ҳәм Маңғытлар тоқалдың балалары болғаны ушында оларға өмиринше ханлық несип етпеген. Маңғыт пенен Қыпшақлар өзлериниң батырлығы менен танылған. Қытай ҳәм Кенегеслерде билим менен кәсип баслы орынды атқарған. Бул ҳаққында халық Шежирелеринде: «Қоңыраттан Шүллик ҳәм Жаўынғыр деген еки бала; Мүйтеннен Барша менен Байлар—деп аталған еки бала, Қытайдан үш, Қыпшақтан үш, Кенегестен үш, Маңғыттан бес бала туўылып еди. Соңынан төрт қәўимниң он төрт баласы он төрт урыў болып кетти де қарақалпақлар он төрт урыў ҳәм Қоңырат»—деп атала баслады—деп айтылады.

Қарақалпақлар этногенезин қураған қәўимлердиң ең үлкениниң бири Қыпшақ. Қыпшақлар Шыңғыс хан ҳүкимранлығынан бурынғы уллы қәўим. Бул этноним түрки халықларының көпшилигинде бар. Солай екен оны тек қарақалпақларға ғана тийисли деп қарап болмайды. Бирақ қарақалпақ қыпшақлары урыўлықтан қәўимлик дәрежеге көтерилген. Урыў атамалары менен бирликте өз атына аўыллар ҳәм елатларды да сақлап қалған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоңырат пенен Маңғыт тарийхта Қыпшақ сыяқлы жүдә белгили болмағаны менен Шыңғыс хан заманына келип, булар ҳәтте өз алдына халық болыў дәрежесине шекем ерискен. Мүйтен, Қытай, Кенегес қәўимлеринде тәғдирлери соған әдеўир жақын.

Соның ушында бул ири қәўимлер ең дәслеп тутас бир халықты бириктириў ушын хызмет етпеген. Бәлки ҳәр бири өз алдына халық болыў ушын гүрескен. Олар усы тийкарда Ноғайлы аўқамының ишине жайылып кетеди де ҳәр қыйлы түрки қәўимлер менен пүткиллей араласып кеткен.

Себеби Шыңғыс хан ҳәм оның әўладлары дәўиринде Орал бойы ҳәм Түркстанда жигирмадан аслам ири түрки қәўимлер араласып жасаған. Олардың ең ирилериниң қатнасыўында соңынан «Ноғайлы» (XIV әсир), «Өзбекиен» (XV әсир) бирлеспелери пайда болған. Бул еки бирлеспе қурамында да сол белгили алты қәўимниң аты аталады.

Моңғоллардың қәўимлерди ханның атына бойсындырыў дәстүрлери тийкарында көп ғана қәўимлер өзлериниң бурынғы бағдарынан тайған. Бирақ Ноғай әмирдиң байрағын көтерген Маңғытлар өз пикиринен қайтпаған. Соның ушында XV әсирде өзбек ҳәм қазақ халықлары пайда болғаннан кейинде Маңғытлар—деп аталған халық еки әсир өмир сүрди. Бунын ең баслы себеби Алтын Орда да Маңғытлар әсирлериниң абырайларының күшейип кетиўинен болды. Едиге ҳәм оның әўладларының қыйралыўынан кейин XVI әсирдиң ақырында бул халық жәнe қарақалпақлар деп атала баслады.

Ал бул дәўирде Алтын Орданы жайлаған түрки қәўимлери бир-бири менен пүткиллей араласып кеткен еди. Усындай себеплерге көре қарақалпақлардың алты қәўиминиң айырым бөleклери өзбеклер ҳәм қазақлар арасында да көринеди. Қарақалпақлар Жәнибек хан дәўиринде қазақлар менен пүткиллей араласқан болса, ал Шайбаны хан дәўиринде оның әскериниң тең жартысын қураған еди. Солай етип олар азайыңқырап барып қарақалпақ халқын қайтадан тикледи. Бирақ қалпақ батырдан тарқалған Қоңырат, Мүйтен, Қытай, Қыпшақ, Кенегес; Маңғыт ҳүрметине пайда болған қәўимлер оның негизин қурады. Қоңырат, Мүй-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тен бир арыс; ал Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыттан қуралған он төрт урыў екинши арыс саналды.

Алтын Ордада бирнеше түрки халықларының бирлесиўине байланыслы Қыпшақ ҳәм Қоңырат қәўимлери өзбек, қазақ ҳәм қарақалпақ халықлары арасына тең таралды. Ал өзбеклер ишине қарақалпақлардың көпшилик қәўимлери араласты.

Солай етип XIV-XV әсирлерде түрки қәўимлердиң араласпасы тийкарында Алтын Ордада бир неше түрки халықлар келип шықты. Буларда өз характерине қарап түрли бөлеклерге бөлинеди. 1. Түрки—оғуз топары. Булар Османлы түрклер, Азербайжанлылар ҳәм түркменлер. Олар халық сыпатында ҳәтте Шыңғыс хан басқыншылығынан бурынырақ қәлиплескен. Соның ушын олар басқа түрки қәўимлерге қарағанда да актив ҳәрекет етти. 2. Дәшти Қыпшақ мийрасхоры болған «Түрки-қыпшақлар». Булардың негизин сол ўақыттағы Қыпшақ даласы қәўимлери менен бирликте Түркстан ҳәм Хорезм халықлары қурды. Олардың ең ирилериниң бирикпеси өзбек, қазақ, қырғыз ҳәм қарақалпақ халықларын пайда етти де түрклескен моңғол ханларының ҳәкимшилиги тийкарында бурынғы ата-бабаларының мәканларына қайтадан оралыўына мүмкиншилик туўдырды. Ал қыпшақлардың басқа бөлеклери Ноғай, қумық, қарашай ҳәм басқа да атамаларда майда ҳәкимликлерге ажыралды. 3. Түрк—булғар топары. Булар сол үлкениң татар ҳәм башқурт халықларының пайда болыўына себепши болды. 4. Түрки-моңғол топары болып, булар негизи түрки халықлар-болсада моңғол халықлары менен әбден араласып еки тил араласпасында сөйлейтуғын халықларды пайда етти. Сол тийкарда олар якут, шуваш усаған Сибирь ҳәм Орта Сибирь халықларын пайда етти. 5. Жунгарлар. Булар моңғол тиллес халықлар болсада негизи Шыңғыс тухымынан өзге қәўимлер болып, олар басқаша бир сиясатты әмелге асырыў жолында гүресе баслады. Солай етип Моңғоллар қурған Алтын Орда пүткиллей ыдырай баслады.

Қарақалпақлар усындай бир жағдайда Жәнибек хан дүзген қазақ ханлығы, Шайбаны хан дүзген өзбек ханлығы бирлеспелеринен пүткиллей ажыралып шықты. Буның ең баслы себеби қарақалпақлардың бурын бир үлкен халық болып, соңынан қәўимлик жиклениў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лер тийкарында пүткиллей эззиленип қалған жағдайында қайтадан биригиўи еди.

Бирақ солай болсада Қыпшақ даласы ҳәм әййемги Хорезмди жайлаған ири алты қәўим оның халықлық атамасын бириктириўши қәўимлерден болып қалды. Бул пикирди халық шежирелери де биийкарламайды.

Солай етип қарақалпақ халқының шығысы еки арыс ҳәм алты қәўимнен ибарат. Қарақалпақлардың еки арысқа бөлиниўи негизинен Шыңғыс хан дәўиринен басланған болса керек. Себеби Қыпшақ қәўими соншама ески ҳәм ири қәўим болыўына қарамастан арыс бирлигин атқара алмай қалғанлығының өзи де буны анық дәлийллейди. Туўры, қарақалпақлардың екинши арысы қурамында Қыпшақ та бар. Бирақ ол моңғоллар дәўиринде Қоңырат пенен Маңғыт сыяқлы үлкен күшке ийе емес. Қалайда бул еки қәўимниң түрклер менен моңғоллар арасына тең тарқалып кетиўи тарийхшылар ушын сырлы жумбақ болып киятыр.

Тарийхшылардың берген мағлыўматларына қарағанда ең дәслебинде Маңғытлар жүдә ири қәўимлерден болмаған. Қарақалпақлар тайпасына киретуғын қәўимлердиң ең кишкентайы еди. Бирақ XIV әсирде Маңғытлар арасынан шығып әмир дәрежесине ерискен Ноғай—деген адамның аты Маңғытларды пүткиллей көкке көтерип жиберген. Ноғайды моңғол деп атаўшылықта бар. Бирақ көпшилик тарийхшылар оның тек түрки әскерлерин басқарыўын, соншама күшли адам болсада хан титулын ала алмаў, тек әмир атаныў жағдайларына қарап түрки қәўимниң Маңғытларынан шыққан—деп есаплайды. Ал буннан кейин тарийх минберине шыққан Едиге болса ол қәўимниң атағын және де аспанға көтерип жиберди.

Ал Қоңыратлар Маңғытларға қарағанда да әдеўир ири ҳәм күшли қәўим болыўына қарамастан Маңғыт әмирлери Ноғай ҳәм Едиге тусында өзлерин әдеўир беккем услаған. Моңғоллар бул еки күшли түрки қәўимниң биригип кетиўинен қорқып, биреўине ханлық, биреўине батырлық титулларын инам етип ғыжақ берип келгениде мәлим. Усындай себеплер менен моңғоллар усы еки қәўимниң тәғдирине әдеўир араласты. Белгили тарийхшылар сол тийкарда бул еки қәўим түрки ҳәм моңғол қәўимлери арасында көрине баслады—деп жорыйды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Моңғол дереклери бойынша Қоңырат Қыяттан, ал Маңғыт Оймаўыттан туўылды—деп жорыйды. Ал қарақалпақлар шежиреси бойынша Қыят Қоңыраттан, оймаўытлар Кенегестен тарқалған. Булардың қайсы бириниң алдын пайда болғанлығы ҳаққында тарийхтың өзи де жетерли маглыўматлар бере алмайды. Мәселен IX әсирдиң жазба естеликлеринен болған «Оғузнама»ның айтыўына қарағанда ҳәтте оғуз қағанның бабасы Қыят. Оның Қаңлыбек, Қыпшақбек ҳәм Қытайбек деп аталған балаларының болғанлығы ҳаққында айтылады. Демек Қоңырат, Муйтен, Кенегес, Маңғытлардың пайда болыўы буннан әдеўир кейин. Солай болсада булар моңғоллардан әдеўир алдын Қыпшақлар бирлеспесинде пайда болған.

Парсы тарийхшыларынан Рузбахан Исфаханий: «Моңғоллардың жүдә аз санда болыўына қарағанда тек басқарыўшы топарларының ғана моңғоллардан өз қәўимлериниң атамаларын түрки халықларының арасына тарқатты—деп атаў қыйын. Алтын Орданың тек басқарыўшы топарларының ғана моңғоллардан болыўына қарағанда, олар Орта Азия ҳәм Орал жерлерине өз қәўимлерин толық алып келе алған емес. Соның ушында «Орта Азияға моңғол қәўимлери тарқалды»—деген пикирлерге толық исенип болмайды. Буннан тысқары бул жерлерге келген аз сандағы моңғоллардың өзи көп елге араласып соңынан түрки болып кеткенлиги анық. Соның ушын олардың өзи түрки қәўимлериниң атамасын ийелеўге мәжбүр болды. Буннан тысқары тек олардың ҳүрмети ушын ғана айырым түрки қәўимлер «моңғол атамасын ийелеўге мәжбүр болған болыўы итимал»,—деп жазады. Бул пикирлер тарийхый ҳақыйқатлыққа әдеўир жақын келеди.

Себеби басқыншылық пенен шуғылланған көп еллер ҳәтте өзинен тили, мәденияты әдеўир узақ болған еллерден елат ҳәм қалаларының атамаларын өз тиллерине сәйкеслендирип өзгертип жибергенлиги де мәлим. Усындай себеплерге көре қарақалпақлардың айырым қәўим атамаларының моңғоллар арасында ушыраўы да тәбийий жағдай. Өйткени бул атамалардың Қыпшақ қәўимлери арасында ушырасыўының өзи олардың моңғол басқыншылығынан әдеўир бурын болғанлығын дәлийллейди. Бул мәселеге моңғоллардың өзи де жаман нийет пенен қарамаған. Ол түрки халықларды бағындырғаннан кейин «Бәримизде Түрк ханның ур-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пағынан тарқалғанбыз»—деген сиясатты жүргизип қәўим атамаларын араластырыўға ҳәрекет жасаған.

Солай етип қарақалпақлар IX әсирде пайда болғаны менен түрли жаўгершиликлер нәтийжесинде оларгә қосылып, гә тарқалып Шыңғыс хан басқыншылығы дәўирине келип жеткен. Бул дәўирде қарақалпақлар этногенезинде баслы орынды атқарған еки қәўим Қоңырат пенен Маңғыттың алдынға шығыўы, әсиресе Маңғытты Шыңғыс әўладларының көбирек қуўатлаўы нәтийжесинде халықлық атаманы көтериў ушын гүрестиң болғанлығы байқалады. Бирақ моңғол сиясатында халық атамасын қәўимге емес, бәлки ханның атына берилиўи, қарақалпақлардың дәслепки қәдемлерин жәнеде ысырып таслады. Сонда да булар XVI әсирлерге шекем өз пикирлеринен қайтпаған. Қалайда булардың еки арысқа бөлинип Қоңырат ҳәм Маңғыт халқын пайда етиў ушын болған гүреслери өзлерине әдеўир зыян болды. Бул еки қәўим ҳәр ханға жағынаман деп жүрип-ақ баўырсақтай бөлинип кеткен еди. Ең изинде көп ханлардан алданып барып XVI әсирде қарақалпақ халқын қайтадан пайда етти.

Енди бул халықтың тарийхый этнографиялық дүзилисине келейик.

Қарақалпақ халқының пайда болыўы ҳәм оның тарийхый этнографиялық дүзилиси ең биринши мәртебе С. П. Толстов, П. П. Иванов, Т. А. Жданко, С. Қ. Камалов, Б. Андрианов, А. Морозова, Л. Толстова сыяқлы алымлар тәрепинен қолға алынған еди. Қалайда бул бағдарда П. П. Ивановтың «Қарақалпақлар тарийхы ҳаққында мағлыўматлар» ҳәм Т. А. Жданконың «XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басындағы Хорезм қарақалпақларының урыўлық-қәўимлик системасы»—деп аталған мийнетлери дыққатқа ылайық. Бул еки мийнетте қарақалпақлар шежиресиниң негизин қурайды. Буны халық шежиресине қосып отырғанымыздың мәниси әсиресе профессор Т. А. Жданко өз мийнетин бес жыл даўамында Қарақалпақстанды ешекли-жаяў аралап жүрип жазды. Соның ушында оның келтирген дереклериниң ҳәммеси де халық аўзынан жазып алынған. Сол тийкарда биз қарақалпақлардың XVI-XIX әсирлер арасындағы тарийхы, урыўлар, уранлар ҳәм тамғалар ҳаққында сөз еткенди мақул көрдик.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сегизинши бап

## ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ УРЫЎЛАРЫ, УРАНЛАРЫ ҲӘМ ТАМҒАЛАРЫ

Ҳәрқандай халық бирден пайда бола қойған емес. Соның ушында қарақалпақ атамасының IX әсирде пайда болып (бәлки оннанда алдын болған болыўы итимал, сол тийкарда XV-XVI әсирлерде халық сыпатында қәлиплескенлиги тарийхый факт. Оның пайда болыўында негизинен алты қәўим баслы орынды атқарғанлығына биз жоқарыда айтқанбыз. Ал олардан тарқалған урыўлар мәселесине келсек, биз сол еки арыс, алты қәўимге және қайтыўымызға туўра келеди. Себеби қарақалпақларды тутастырып турған 96 (тоқсан алты) урыўды бирден пайда болған—деп қарап та болмайды.

Тарийхшылардың «урыўшылық—Америка индеецлериниң басына жетти»—деп жазып атырғанына қарағанда буның да жүдә мақтанарлық жағы жоқ. Солай болсада илимниң аты илим. Халқымыз урыўшылық тийкарында раўажланған екен. Буғанда көз жумып өтиўге болмайды. Себеби урыўшылық дүньяның көп санлы халықларында болған. Ҳәтте үлкен халық орыслардың өзинде де урыўшылық фамилиялар арқалы раўажланған. Мәселен орыс алымлары Иванов, Михайлов деген фамилиялардың Иван ҳәм Михайл—деген фамилиялардың Иван ҳәм Михайл—деген адамлар болып он әсирден аслам өмир сүргенлиги ҳаққында жазады. Дәслеп бул адамлар тек бир адамның әўладларына тийисли болса, соңынан бул қағыйда өзгертилген. Бул фамилияға басқа тайпадағы адамлар да қосылып кеткен. Ал кореецлердеги Ким, Цой, Пак—деп аталған фамилиялардың шығысы буннан жигирма әсир бурынғы дәўирлерге барып тақалады.

Бундай бөлиниўшиликлердиң пайдасы да, зыяны да көп болған. Пайдасы сол, олар бир адамның баллары сыпатында тез бириккен. Ал зыяны пайдасынан анағурлым зыят болған. Себеби бир елдиң өзи бирнеше бөлеклерге бөлинип, халықтың аўызбиршилигин буз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған. Ҳәтте ҳәр бири өзин кишигирим мәмлекет санап бир-бири менен жаўласқанлары да болған.

Соның ушында тарийх урыўшылықты қалақлықтың белгиси деп биледи. Урыўшылық өзбеклерде де болды. Бирақ оның ханлыққа зияны тийгени ушында тез сапластырыла баслады. Ал қарақалпақлар менен қазақлар тарқақ жасағаны ушында урыўлық беккем сақланып қалған.

Бурынғы коммунистлик идеологияда урыўларды сапластырыў ушын ҳәрекетлерде бар еди. Бирақ бул жасырын ҳәрекетте болғанлығы ушын гейде урыўшылықты күшейтип жиберген жерлери де болды.

Гейде урыўшылықтың пайдалы тәреплери де айтылады. Бул негизинен медициналық, биологиялық қарым-қатнасларға барып тақалады да, бир урыўдағы адамлардың бир-бирине үйлениўин бийкарлап, өз әўладларының денсаўлықларын беккемлеў ушын биринши урыў менен екинши урыўды қуда-қудағайлық қатнасқа шақырады. Бирақ буның менен де урыўшылықтың ақыбетлерин мақтап болмайды.

Қулласы урыўшылықтың тийкары көбирек бөлиниўди күсей беретуғын ҳәтте бир тилдеги, бир мақсеттеги адамларды да жолдан шығарып, бирлесиўден көре ыдыраўға шақыратуғын жаман үлги. Бул жағдай ҳәтте XIV-XVI әсирдеги қарақалпақлар тарийхында анық сезиледи. Себеби бул дәўирдеги Маңғытлардың өз алдына халық болыў ушын гүреслериниң өзи де қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўин еки әсирге созып жиберди.

Солай болсада тарийхтың тәғдирине шара жоқ. Былайынша қарағанда ҳәрбир халықтың өзи де белгили бир қәўимнен пайда болған. Ол қәўим баслығының балалары да бирнеше қәўимлерди пайда еткен. Солайынша қарағанда бизиң халық деп атап жүрген атамаларымыздың өзи де буннан узақ әсирлер бурын өткен әллеқандай бир ханның баласының аты болып шығады. Бәлки бундай жағдайлар кейинги дәўирлерде жүз бермес. Соның ушында ҳәрқандай халықтың Шежиресин ашып көрсетиў ушын қәўимлик ҳәм урыўлық дәўирлерге көз жибермеўге ҳасла илажымыз жоқ.

Халық арасына тарқалған аңызларға қарағанда 96 (тоқсан алты) урыўдан қуралған—деп айтылған. Бирақ Т. А. Жданко дүзген Шежире бойынша қарақал-

www.ziyouz.com kutubxonasi

пақлардың қәўим ҳәм урыўлар саны 307 (үш жүз жети) ге жеткен. Атап айтқанда Қоңырат арысы Муйтенлерди қосып есаплағанда 145 (бир жүз қырық бес). Т. А. Жданко шежиресинде неликтенде Муйтенлерди Шүллик тийресине қосып есаплаған. Ал буннан басқа халық шежирелеринде Муйтен ҳәмме ўақыт Қоңырат пенен қатар турады. Ал төрт қәўимди бириктирген он төрт урыў (қытай, қыпшақ, кенегес, маңғыт) жәми 162 бир жүз алпыс еки) урыўды қурайды. Еки арыстыңда қурамына киретуғын гейпара майда урыўлар соңғы дәўирлерде пайда болғанлығы ушында «көше»—деп аталады.

Ал енди усыншама атамадағы урыўлар қашан пайда болыўы мүмкин? Буған тарийх илими биргеликли жуўап бере алмайды. Себеби түрки моңғол тарийхының узақ дәўирлери менен байланысатуғын атамалар қарақалпақ қәўимлеринде емес, бәлки урыўлары арасында да бар. Мәселен, Қыпшақ тайпасына киретуғын урыўлар арасында ушырасатуғын Қаңлы менен Ябы. Бул атамалар ҳәтте бизиң әсиримиздиң бас гезинде Хорезмде өз алдына мәмлекет болған. Олардың келип шығыў дәўири бизиң әсиримизден алдыңғы IV әсирди өз ишине алады. Бирақ қарақалпақ қыпшақларының ол дәўирлерге қатнасы толық изертленбеген.

Яки болмаса Муйтенниң «Тели» урыўын VII әсирдеги қулпы таслардағы жазыўларда ушырасса, Қытайдың «Қуйын» урыўы IX әсирдеги жазба естеликлерде көзге түседи.

Ал гейпара урыў атамалары «Қыят», «Оймаўыт», «Нөкис», «Шәўжийли»лер моңғоллардың ески урыўлары менен сабақлас болып келеди. Булар XII-XIII әсирдеги естеликлерде жүдә көп ушырайды. Буннан басқа да Қытай, Уйғыр, Қалмақ, түркмен деп аталған урыўлар белгили бир халықлардың аты менен байланысып келеди. Булардың тарийхы ҳаққында еле арнаўлы илим изертлеў жумыслары жазылған емес. Солай болсада бул урыўлардың тарийхы жүдә узақ дәўирлерден басланатуғынлығы бизди ҳешқандай гүманландырмайды.

Деген менен урыўлар қәўимлерден әдеўир кейин пайда болған. Сонлықтанда оларды XVI-XVII әсирдиң арғы жағынан излеп те болмайды. Урыў атамасы—бул белгили бийлердиң аты. Халық жети атасынан арғы



www.ziyouz.com kutubxonasi

бабасының атын урыў басы есаплаған. Бул орта есап пенен есаплағанда үш әсирге туўра келеди. Айырым адамлар он төрт атасында атын билген. Гейпаралар ҳәр әсирде жасаған бабасын, айырымлары өз бабаларының тек ирилерин ғана санап жетеўге жеткизген. Бундай жағдайларда жети әсир бурын жасаған адамлардың атларынында сақланып қалыўы ҳеш гәп емес.

Мәселениң сол тәрепин есапқа алғанда ҳәтте айырым урыў атамаларының моңғоллардан алдыңғы дәўирлерге барып тақалып қалғанлығына исенгиң келеди. Бирақ барлық урыўлардында тәғдири сондай емес. Демек «қарақалпақ урыўлары XVI-XVII әсирде пайда болған»—деген пикирлер әдеўир шынлыққа келеди.

Бирақта Т. А. Жданконың «Қарақалпақтың «Қара мойын» урыўы XIX әсирдиң бас гезиндеги Әўезбий инақ дәўиринде пайда болған»—деген пикирлери менен келисип болмайды. Себеби қара-мойынлардың бабасы Қара мойын Туғыр бий IX әсирдеги Оғузнамада да ушырайды. Туўры, Қара мойынның он жети батыры Әўезбий инақ дәўириндеги айқаста өлген. Бул ўақыяның урыўды белгилеўде қатнасы жоқ. Олардың тамғасы болған «Т» ҳәрибине сәйкес белгиниң тәрийпи де моңғоллар дәўирине барып тиреледи.

Соның ушында ҳәрқандай урыўды да жақын арада пайда болған деп қарап болмайды. Кейинирек пайда болған гейпара урыўлар бар. Бирақ булардың келип шығыўы XVIII-XIX әсирдеги айырым бийлердиң аты менен сабақлас. Солай болсада олар урыў сыпатында толық қәлиплесе алмағанлығы ушын «көше» деп аталады.

Қарақалпақлардың биринши арысы Қоңырат түрки-моңғол тарийхында оғада актив қәўимлердиң бири. IX-XIII әсир дереклеринде актив ушырайды. Көпшилик шежирелерде ол Мүйтенлер, менен аўқамлас болып келеди. Сол ушында гейде Мүйтен Қоңырат пенен тең қәўим сыпатында берилсе, гейде Қоңыраттың оң қанаты болған Шүлликтиң бир бөлеги—деп бериледи. Солай болсада көп ғана тарийхшылар Мүйтенниң Қоңырат пенен бир қатардағы қәўим болғанлығын мойынлайды. Усы тийкардан қарағанда Қоңыраттың Мүйтен менен бирге қосылып бир арыс болғанлығы шынлыққа келеди.

Қоңырат қарақалпақлардың алты қәўиминиң ишин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

деги ең үлкен қәўим. Ол өз әтирапына 127 (бир жүз жигирма жети) урыўды жәмлеген болып, барлық қарақалпақ урыўларының үштен бир бөлегин тутады. Урыўға бөлиниўшилик бойынша ең азы Муйтенлер, ҳәммеси болып 18 (он сегиз) урыўды қурайды. Ал екинши арыс болған он төрт урыў ўәкиллериниң ҳәр бири 50 (елиў)ден 70 (жетпис) урыў әтирапындағы халықты өз әтирапына жәмлеген.

Халық шежирелериниң айтыўы бойынша Қоңырат Майқы бийдиң Қоңыр ат минген баласы, ал гейпара дереклерде Жайылғанның баласы. Әйтеўир қайсы шежиреде болсада Қоңыратлылар көклерге көтерип мақталған. Буның ең баслы себеби оның қарақалпақ бийдиң туңғыш перзенти болғанлығында. Халық шежирелери қарақалпақтың еки ҳаял алғанлығын айта келип: «Қоңырат пенен Мүйтен бәйбишеден туўылған, ал Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт тоқалдың балалары еди—деп жорыйды. Қалайда бурынғыдан киятырған тәртип бойынша ата мийрас бийлик туңғыш балаға тийисли болған. Соның ушында шежирелердиң Қоңыратқа үлкен жол бериўи де орынлы. Ал гейпара аўызеки дереклерде Мүйтенниң дәслепки аты басқаша болған». Ол атасы өлиминен кейин ағасы Қоңырат пенен ханлыққа таласып анасы Ақшолпанның жәрдеминде тоғайға қашып кеткен. Тоғайда жападан жалғыз аң аўлап, балық тутып күн көрген. Соңынан үйленген. Соның ушын оның гейпара балалары кәрўанлар менен басқа журтларғада барып қалған. Ең изинде оның бет аўзын жүн басып кеткен ҳалында Қоңыраттың баласы Шүллик таўып алып, Мүйтен—деп ат қойып өз балалары қатарында санаған. Сол себепли Мүйтен Қоңыраттың Шүллик тайпасына кирип қалған»—деп жорыйды.

Ески шежирелердиң айтыўына қарағанда Шүллик пенен Жаўынғыр Қоңыраттың еки баласы сыпатында тәрийпленеди. Ал айырым дереклерде «Шүллик—оң қанат»; «Жаўынғыр—шеп қанат»—деп жүритиледи. Бирақ буларда да урыўлар саны биргеликли емес. Шүлликлер Мүйтенлерден тысқары 91 (тоқсан бир) болса. Жаўынғырлар 38 (отыз сегиз) урыў.

Қоңыратлылар жәмленген ҳалында «П» ҳәрпине сәйкес «Босаға» тамғасына ийе. Бир характерли жери



www.ziyouz.com kutubxonasi

тап усындай «Босаға» тамғасы қазақ халқының Қоңырат тайпасының арасына да тарқалған.

Солай етип Қоңыраттың Шүллик тайпасы Мүйтенлерден тысқары үлкен жети урыўға бөлинеди. 1. Қыят, 2. Ашамайлы, 3. Қолдаўлы, 4. Қостамғалы, 5. Балғалы, 6. Қәндекли· 7. Қарамойын.

Қыят белгили үш урыў: 1. Үштамғалы, 2. Тарақлы, 3. Балғалы қыят арқалы 14 тийреге бөлинеди. Бул урыў атамасы келип шығыў тарийхы бойынша әдеўир узақ. Оғуз қаған ҳәм Шыңғыс хан дәўирлерине барып тақалады. Бирақ қарақалпақ қыятларын сол дәўирлер менен байланыстырыўға болама я болмайма, бул жүдә даўлы мәселе және усы урыўға кирген Балғалы Қыяттан тысқары және өз алдына «Балғалы»—деп аталған үлкен урыў бар. Буннан тысқары Қыяттың «тамғалы» ҳәм «тарақлы» сәйкес бөleклери Маңғытлар арасында да ушырайды·

Солай болсада Шүлликтиң көп ғана урыўлары тамғалар менен байланыслы, Мәселен: Ашамайлы, Қолдаўлы, Қостамғалы. Демек бул урыўлар қәўимлердиң өз-ара биригип, мал-мүлктиң тамғаланған бир дәўирлеринде пайда болса керек. Қара мойында тамғаға жақын келеди. Себеби оның да «Т» ҳәрибине сәйкес «туғыр» тамғасы бар. Балғалы—кәсипти билдирсе, қәндекли—жер ҳәм суў атамаларына сәйкес. Олардың ишинде Ашамайлы 13 (он үш) урыў болып, 1. Сақыў, 2. Қарахожа, 3· Жалаңаяқ, 4. Айыллы. 5. Қабасан, 6. Түркмен қара, 7. Жапар, 8. Сары, 9. Абыз, 10. Ақай, 11. Паңқара, 12. Үшбас, 13. Қурама болып бөлинеди· Булардың ишиндеги «Сақыў»ды гейпара алымлар: «Сақлар менен байланыслы емеспекен»—депте қарайды. Бирақ бул мәселениң де бирқанша даўлы екенлиги мәлим.

Қолдаўлы ең ири қәўимлерден болып өз этирапына 16 (он алты) урыўды жәмлеген. 1. Бескемпир, 2. Майшы шалы, 3· Қалқаман, 4. Ғайып қараған, 5. Сары тон, 6. Күлки хожақ, 7. Жәримбет, 8. Жаман Қоңырат, 9. Жуқа, 10. Қызыл аяқ, 11. Қара сыйрақ, 12. Жел қараған, 13. Үлкен бөрик, 14· Шылжуўыт, 15. Қалмақ, 16. Жаман аўыл.

Булардың ишиндеги «Үлкен бөрик»—деп аталған атама XI-XII әсирлердеги Қара бөриклилер арасында ушырайды. Шылжуўыт XIII әсирлердеги моңғол уры-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўы, Қалмақ—белгили бир халықтың аты сыпатында, Қара сыйрақ-Маңғытлар арасында белгили атамалар сыпатында да көринеди. Егер булардың бәрин ерте дәўир деп қарамақшы болсақ, буларға қосылып XVIII-XIX әсирдеги айырым бийлердиң де аты аталады.

Мәселен Ғайып ҳәм Жәримбет. Демек, Шуллик шақабына киретуғын урыўлардың келип шығыўының өзи де көп дәўирлер менен тәғдирлес. Бердақ бул ҳаққында өз Шежиресинде:

Қолына басқан Қолдаўлы,
Сапына басқан Ашамайлы,
Жуптан басқан Қостамғалы,
Тамғасы қос болған екен.

—деп жазады да Қолдаўлының Майшы ҳәм Бескемпир урыўларының пайда болыў жағдайларын XVIII-XIX әсирдеги ҳәдийселер менен байланыстырады. Мысалы:

Базар Ғулпақ уғлы Томай,
Бәршени яратты қудай,
Йәне бириси Меңлибай,
Оннан Майшы болған екен.

Томай елши дархан болды,
Зайыбы беш уғыл туўды,
Бесеўи ҳәм көсе болды,
Бескемпир атанған екен.

Қостамғалы урыўының пайда болыў жағдайлары да тап сондай. Қостамғалыларда негизинен жети урыў. Бирақ олардың соңғысының ҳәм Қостамғалы болып кетиўиниң себеплери еле илимде анықланбаған. Мәселен: 1. Жанкелди, 2. Шыржеген, 3. Аға бегли, 4. Қарны жуўан, 5. Қара қурсақ, 6. Қазақы, 7. Қостамғалы.

Бердақ өз Шежиресинде Ашамайлы, Қолдаўлы ҳәм Қостамғалылар негизинен тамғалар тийкарында бирлесип барады—деп көрсетеди. Мысалы:

Байәдилден Ашамайлы,
Ҳайдар уғлы Қостамғалы,
Қәндекли билән Қолдаўлы,
Еншисин бир алған екен.

Бир сөз бар, қылалы изҳар,
Ҳайдардың екки уғлы бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Малға салған тамғасы бар,
Тамғасы қос болған екен.

Бердақ Қолдаўлылар менен Қостамғалылар арасында да беккем байланыстың болғанлығы ҳаққында айтады. Оның пикири бойынша Қостамғалының Ширжеген ҳәм Қарны жуўан урыўлары Қолдаўлылар менен әдеўир сабақлас. Яғный:

Жанәдил ҳәм тамға салған,
Тамғасыны қолға салған,
Шыржеген ҳәм Қарны жуўан,
Қолдаўлының туўғаны екен.

Буннан тысқары Қостамғалы Балғалы урыўында арасында бар. Бирақ бул атаманың неликтен еки урыў арасына араласқаны мәлим емес.

Урыўлар арасында айырым халық атамаларының ушырасатуғынында биз жоқарыда тилге алған едик. Бердақ өз шежиресинде бул атамалардың пайда болыў жағдайларына да анық жуўап қайтарған. Мысалы:

Мәмбетқулдың үш уғлы бар,
Манақ бөлек, бири Қошқар,
Олжа қыз—Қалмақ зайыбы бар,
Шундан Қалмақ болған екен.

Шүллик топарына киретуғын Балғалы қәўимиде 11 (он бир) урыўдан ибарат. Олар: 1. Ақ балғалы, 2. Нур балғалы, 3. Түркмен, 4. Жаман аўыл, 5. Шөмишли, 6. Тоқымбет, 7. Таз балғалы, 8. Қостамғалы, 9. Қаратал-шы, 10. Асан, 11. Арзықул болып бөлинеди.

Буның ишиндеги «Жаман аўыл»—деген ат әдеўир ерси болсада, халық бул ҳаққында: «Бурын аўылымыз Балғалылар ишинде ең қурғын аўыл болған екен. Бабамыз «Көз тиймесин»—деген нийет пенен солай атаған»—дейди. «Балғалылар өз шежирелерин ҳәзирети Даўыттан баслайды. Олардың айтыўына қарағанда бабалары «Темирши ата» болған Қоңырат бабаның саўыт-сайманларын соққан» деп айтысады.

Қәндеклилер болса өзлерин «Хан текли» деп атап хан әўладлары сыпатында санайды. Бундай пикир Бердақтың Шежиресинде де бар. Мысалы:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреў айтар Қәндекли дер,
Биреў айтар Хан текли дер,
Қылқа тоннан жөргекли дер,
Ҳаслын ҳешким билген емес.

Халық аңызларының айтыўына қарағанда Қәндеклилердиң бабасы қәндектен табылған бала. Яғный айырым адамлар ханның мийрасхорына жаманлық етип, «Хан зайыбы күшик туўды»—деп дағазалап, баланы қәндекке алып барып таслаған. Қәндеклилер соннан өрбиген екен»—деген аңызды айтады.

Екинши бир аңызда: «Бабамыз терең ҳәўиз қазып, оның иши қысы-жазы суў менен толып туратуғын екен. Ҳәмме Қәндекли атаның үйинен суў алдық»—дей бергеннен кейин Қәндекли атаныпты»—дейди. Қәндеклилер негизинен: 1. Қурама, 2. Кийикли, 3. Тоқполат, 4. Садақ болып төртке бөлинеди.

Солай болсада Қәндеклилер ҳаққында пикир билдирген алымлардың көпшилиги «бул қәўим негизинен аңшылардан тарқалған»—деген шешимге келген. Себеби ерте дәўирлерден баслап қәндек (ор қазыў) аң аўлаўдың усылын билдиреди. Қәндектиң ишине сүйир ағашларды қағып кийик-қулан аўлаў бурынғы аңшылардың кәри болған. Булардың «Кийикши», «Садақ» болып бөлиниўлери де бабаларының аңшы болғанлығын тастыйықлайды—дейди.

Ал қарамойынлар негизинен батыр қәўим болған. Олардың батырлығы ҳаққындағы пикирлер Хийўа хроникаларында да бар. Олар негизинен: 1. Аннахожа, 2. Сабалақ, 3. Көтелек, 4. Қәреке, 5. Қарлы марал, 6. Бүлкилдек болып алты урыўға бөлинеди.

Ал бул қәўимлер бойынша тарқалған урыў ҳәм тийрелерди қосып есаплағанда Шүлликлердиң улыўма саны 91 (тоқсан бир) урыўды қурайды.

Жаўынғырлар Қоңыраттың шеп қанаты есапланып, ол негизинен жети урыўға бөлинген. Булар: 1. Теристамғалы, 2. Бақанлы, (Шәўжейлини де тап усы урыў менен байланыстырады), 3. Тийекли, 4. Ырғақлы, 5. Баймақлы, 6. Қазаяқлы, 7. Уйғыр.

Булардан халық шежирелеринде Теристамғалылар менен Бақанлы шәўжейлилер көбирек тилге алынады. Себеби булар Хийўа хроникаларында да актив қат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

насқан. Шүлликлер сыяқлы булар да бирнеше тийрелерге бөлинеди.

Оң ҳәм шеп қанаттан тарқалған бул еки қәўимниң де баслы урыўларының өз тамғасы болса керек. Себеби айырым тарийхый дереклерде «Жети тамғалы Шүллик», «Жети тамғалы Жаўынғыр» деп атаўшылық та бар. Ал базыбир дереклерде Шүлликке Мүйтенди де қосып «Сегиз тамғалы Шүллик» деп атайды.

Дерлик барлық тарийхшылар Мүйтенди қарақалпақлардың негизги алты қәўиминиң бири сыпатында тән алған. Соның ушында ол арысқа байланыслы қәўимлердиң бири сыпатында қабыл етилген. Бул ҳаққында Бердақта:

Қоңырат, Мүйтен, Қытай, Қыпшақ,
Кенегес, Маңғыт—Ақпышақ,
Бәри алты урыў қарақалпақ,
Өзбектен айрылған екен.

—деп жазған. Демек солай екен, бизде Мүйтенди Шүлликтиң бир бөлеги сыпатында қарамастан алты қәўимниң бири сыпатында қарағанды мақул көрдик.

Қарақалпақтың Қоңырат арысына киретуғын Мүйтен қәўими тамғасы бойынша шанышқы, ураны бойынша Ақшолпан.

Биз шежирениң барысында уран ҳәм тамғалар ҳаққында сөз қозғағанымыз жоқ еди. Солай болсада бул қәўимлер ҳәм урыўлар тарийхында араласа жүреди. Себеби Қоңыраттың ураны Жайылхан болса, тамғасы босаға. Ал Мүйтенлер болса жоқарыда сөз етилгендей белгилерге ийе. Уранның негизи ҳәзирги гимнлерге усайды. Бирақ ол гимнлер көп сөзлерден яки қосықлардан ибарат емес. Түби айланып келгенде бир яки болмаса еки сөзден аспайды. Олда болса ерте дәўирлердеги бабасының аты яки болмаса соған қатнасы бар сөз. Бурынғы ўақытлары ҳәрбир қәўим өзиниң уранын айтып бақырып, жаўға атланатуғын болған. Ал тамғалардың атқаратуғын хызмети байраққа әдеўир жақын. Тамға—бул ҳәрбир қәўим ҳәм урыўлардың өзгешелигин ажыратып туратуғын белги. Соның ушында бул белгининде әдеўир өзгешеликлери бар. Алымлардың айтыўы бойынша ҳәрбир тамға қәўимлердиң тийкарғы өзгешелигин аңлатады. Мәселен Қоңыратлардағы «П» формасындағы босаға көп үйлерди бирик-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тириўши үлкен есик дәрўаза мәнисин аңлатса, Муйтенлердеги Шанышқы таңбасы олардың кәсибине қарай таңланған.

Ал уран жағына келгенде Қоңыратлар уллы атаның улы. Соның ушында «Жайылхан»—деп уран салыўына ҳақылы. Ал Муйтенлердиң «Ақшолпан!»—деп уран салыўлары анаға табыныўдан келип шыққан. Соның ушында Муйтенлер тарийхында ҳаял-қызлар баслы орынды атқарады.

«Муйтен аңызлары өзлериниң келип шығыў тарийхында мусылман пери менен көпир периниң урысларынан баслайды. Бул саўашта Муйтенлердиң бабасы мусылман периге болысқан. Соның ушын мусылман пери оны арқасына мингизип алып ушып, дүньяның ең гөззал жерлерине алып бармақшы болған. Буның ушын ол мәнзилге жетип барғанынша көзин ашпаўы керек екен. Бирақ бир жерлерге келгенде бирден көзин ашып қойып, тоғайлықтың ортасына келип қулайды. Ол көп ўақытлар тоғайда адасып жүрип жүзин түк басып кеткен. Соннан Муйтен атанған екен»—деп жорыйды. Бул аңызды Т. А. Жданкода келтирген. Қалайда Муйтен атамасында бул аңызларға исенерлик белгилерде бар. Бирақта Муйтенлердиң ерте дәўирлерде көп ғана Шығыс еллеринде ушырасыўы көп ғана алымларды ойландырған. Солай болсада бул қәўимниң шығысы қарақалпақлар болғанлығы ҳешкимди де гүманландыра алмайды.

Муйтен шежирелериниң айтыўына қарағанда бунында бабасы Жайылхан. Бирақ булар өзлерин Жайылханның екинши ҳаялынан өрбиген әўлад—деп санайды: «Жайылхан бийдиң биринши ҳаялынан Қоңырат, екинши ҳаялынан бизлер, ал үшинши ҳаялынан Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт—деген баллар туўылған. Тахт ушын гүрес басланған ўақытта Ақшолпан анамыз өз баласы болған бабамызды тоғайға алып қашқан. Соның ушында бабамыздың жүзин түк басып кетип Муйтен атанған. Бизиң уранымыздың Ақшолпан болып жүргени соннан. Басқа илажы болмағаннан кейин бабамыз аң ҳәм балық аўлап күн көрген. Соның ушында тамғасы « Шанышқы» болып келген»—деген пикирлерди айтады. Халықтың өзи айтып жүрген бул аңызлар шынында да тарийхый ҳақыйқатлыққа әдеўир жақын келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шежирелердиң болжаўына қарағанда Мүйтенлерде ен дәслебинде Қоңыратлар сыяқлы еки қанатқа ийе болған. Яғный бул еки қанатта Шүллик ҳәм Жаўынғыр сыяқлы Мүйтенниң еки баласы Барша ҳәм Байлар арқалы тарқалады. Шежирешилердиң пикиринше бундай «оң» ҳәм «шеп»—деп аталыў, балалардың әкеси бир болсада аналарының басқа болыўынан келип шыққан. Сол тийкарда Барша бәйбишеден туўылған болса, Байлар жәнс тоқалдан туўылған болып шығады. Бирақ Мүйтенниң оң ҳәм шеп қанатлары Қоңыраттың Шүллик ҳәм Жаўынғырлары сыяқлы тез раўажлана алмаған. Саўашларда жеңиле берґеннен кейин бәриде Шүлликлерге қосылып кеткен—деп жорыйды.

Мүйтенниң оң қанатты пайда еткен улы Баршадан Самат; Кеңтанаў ҳәм Абыз, ал шеп қанатты ийелеген улы Байлардан Тели урыўы тарқалған. Булардан Тели қәўиминиң атамасы VII әсирдеги әййемги түрки жазба естеликлеринде де бар. Бирақ бул ырастанда қарақалпақ мүйтенлерине тийисли қәўим бе? Ол жағы толық анықланбаған.

Мүйтенлер өз урыўларын негизинен «бес тоқсан»—деп бөледи. Бунық негизин сол тийкарғы төрт урыў қурайды да, бесинши урыў сыпатында Тели екиге бөлинип кетеди. 1. Самат; (неликтенде бул урыўға бәйбише топарын қоспай, абызға қосып санайды) 2. Абыз (саматтың бәйбише топары менен бирге). 3. Кеңтанаў, 4. Тели. 5. Телиниң «тилеўберди» ҳәм «аллаберди» топарлары. Сол тийкарда Мүйтенлер 18 (он сегиз) урыўды өз ишине алады.

Қарақалпақлардың он төрт урыў арысы негизинен үлкен төрт қәўимди (Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт) өз әтирапына жәмлеген. Бундағы Қытай, Кенегес, Маңғыт қәўимлери Қоңырат сыяқлы моңғоллар дәўири менен әдеўир байланысатуғын болсада Қыпшақлар тарийхы әдеўир узақ. Булардың не ушын «он төрт урыў» деп аталатуғыны ҳаққында, олардың биригип он төрт урыўды пайда еткени ҳаққындағы мағлыўматлардан тысқары тарийхта айқын айтылған пикирлер жоқ. Себеби сол он төрт урыўды атпа-ат белгилеп бериўши атаманың өзи тарийхта ушырамайды. Халық шежирелеринде «Он төрт урыў дегенимиз Қытай-Қыпшақтың алты баласы менен Кенегес Маңғыттың сегиз баласының жыйынтығы»—деп те айтылады. Бирақ ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

урыў атамасын ийелеген баллардын атларының кимлер екенлиги ҳаққында да толық мағлыўматларға ийе емеспиз Соның ушында тарийхшылар: «Он төрт урыў дегенимиз—ол төрт урыў»—деген пикирди де айтады.

Солай етип қарақалпақлардың екинши арысы есапланған «Он төрт урыў» қәўими 162 (бир жүз алпыс еки) урыўды өз ишине алады. Буларды қурастырған қарақалпақлардың төрт қәўиминиң атамалары да X-XIV әсир дереклеринде ушырайды.

Бул арысқа киретуғын баслы қәўимлердиң бири Қытайлар болып тийрелери менен қосып есаплағанда 62 (алпыс еки) урыўды өз ишине алады. Тамғасы бойынша Шөмиш, ураны бойынша «Уллы таў». Бул қәўимниң аты дүньядағы ең ири халықлардың аты менен аталса да қарақалпақ қытайларының Қытай халқы менен байланысы изертленбеген. Буннан тысқары Қытай қәўими XII-XIV әсир дереклеринде Моңғол тайпалары арасында да ушырайды. Бирақ қарақалпақ Қытайларының буннан әдеўир кейин пайда болғанлығын болжаў мүмкин. Себеби Бердақ қарақалпақлардың Қытай қәўиминиң пайда болыўына Жайылханның Қытайы-қотаннан алған ҳаялы Сарназ бегим ҳәм оның баласы Қытайбектиң аты менен байланыстырады: Мысалы:

Бай зайыбы Сарназ екен,
Ҳүр периниң өзи екен,
Қытайы-Қотанның қызы екен,
Жийен шуннан алған екен.
Сарназдан туўды Қытайбек,
Қытай тонын қылды жөргек.

—деп жазады.

Буннан тысқары Бердақ Қытайлардың ураны не ушын «Уллы таў» болғанлығында анық айтады. Мысалы:

Қытайбек ҳәм қой жыйнады,
Қойы жәҳәнге сыймады,
Ала таўларды жайлады,
Ол таў уран болған екен.

Шежирениң бир нусқасында «Ала таў» десе, және бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

нусқасында «Ўллы таў» дейди. Негизинде «Уллы таў»ы дурыс болса керек.

Демек бул фактлер XVI-XVII әсир, яғный қарақалпақлардың Түркстанға көшип келген дәўирлери менен беккем байланысады. Қарақалпақ Қытайларының негизи 12 (он еки) урыў болып: 1. Бессары, 2. Бексыйық, 3. Қазаяқлы, 4. Қайшылы, 5. Анна, 6. Қуйын, 7. Айтеке, 8. Шериўши, 9. Аралбай, 10. Мәнжиўли, 11. Боқлы қытай, 12 Қырық—деп аталған.

Бул қәўимге киретуғын Қуйын атамасы IX әсирдеги дереклерде де бар. Ол неликтенде ески Қыпшақ қәўимлери атамасында берилген. Ал Мәнжиўли болса араб саҳабаларының исми менен байланысады. Ал қалған атамалар болса қарақалпақлардың сол дәўирдеги тарийхый турмысы менен сабақлас. Бирақ айтеке деген урыў Кавказ ноғайлары арасында да көп ушырайды .Соның ушында урыўларды тек бир дәўирде қәлиплескен—деп қарап болмайды. Себеби ноғайлар қарақалпақлардан XV-XVI әсирлерде ажырасқан. Сонлықтанда қарақалпақлардың урыўларға бөлиниўи әдеўир ерте дәўирлерден басланғанлығы шынлыққа келеди. Ал айырым урыўлар соңырақ пайда болыўы да итимал.

Қытайлар тамғасының Шөмиш болыўы олардың қазанының қутлы болғанлығында көрсетеди. «Уллы таў» болса XVII әсирдеги қарақалпақлардың Қытай тайпасының жайлаған жерлери екенлиги мәлим.

Басқа урыўлар сыяқлы Қытай урыўларында да жупкерлесип келиў жағдайлары бар. Сол тийкардан қарағанда буларда басқа жупкерлескен урыўлар сыяқлы беске бөлинеди. Мысалы: 1. Қайшылы, қазаяқлы, 2. Қырық, Боқлы қытай, мәнжиўли, 3. Бессары, бексыйық, 4. Аралбай, 5. Айтеке, шериўши, анна, қуйын.

Тап усындай жағдай Қоңыраттың Шуллик ҳәм Муйтен топарында да анықланған еди. Себеби Қолдаўлы, Ашамайлы ҳәм Қостамғалылар бир топарға киреди. Қыят жеке ҳалында көринген сыяқлы бул қәўимде Аралбайларда жеке ҳалында көринеди. Урыўлардың бундай жупкерлесип келиўиниң себеби урыў көсемлериниң бирнеше ҳаял алғанынан болған. Өйткени бесинши топарға киретуғын Қытай урыўларының түп сағасы Тәнке. Оның баласы Тоқполат. Ал базыбир шежирешилердиң айтыўына қарағанда Тәнке менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоқполат ағайинли. Тәнкеден Айтеке, Шериўши ҳәм Анна туўылған болса, Тоқполаттан Қуйын туўылған— деп жорыйды.

Базы шежирешилер Бессарылардың келип шығыўын Орыс бий әўладлары менен байланыстырса, гейпаралары Мәнжиўлилерди Асан қайғының урпағы—деп биледи.

Аралбайларды жер, суў атамалары менен байланыстырса, қырықларды Жупар кемпирдиң қырық баласы аңызлары менен тутастырады.

Қыпшақ қәўимлериниң тарийхы оғада ерте заманлардан баслап мәлим. Бул атама бизиң әсиримиздиң биринши жылларында пайда болып, орта Азия ҳәм Орал бойлары IX-XII әсирлерде Қыпшақлар мәмлекети (Дәшти Қыпшақ) атанған. Анығынан келгенде ҳәзирги түрки тилиндеги халықлардың көпшилиги Қыпшақ тайпасынан шыққан. Яғный бул моңғоллардан бурынғы ең күшли мәмлекет. Ал қарақалпақ қыпшақлары болса солардың бир бөлеги. Соның ушында Қыпшақ урыўларының қашан пайда болғанлығы ҳаққында пикир жүргизиў жүдә қыйын. Қыпшақлар басқа түрки халықлар арасында да бар. Бирақ қарақалпақ қыпшақлары өзлериниң қәўим бирлигин тутас сақлап қалған. Өзлерине сәйкес елат, жер ҳәм урыў атамаларына ийе. Тамғасы бойынша Әлип (1), ураны бойынша Тоқсаба.

Алымлардың пикири бойынша бир таяқша (Әлип) ҳәмме әсирлерде де биринperiliктиң мағанасын аңлатқан. Соған қарап «биз бириншни қәўим болғанбыз»— деп айтпақшы болған ба? Яки «Ҳәриптиң басы «Әлип» дегендей биз бас урыўмыз деп айтпақшы ма? Қулласы олардың таңбасында ескиликти билдириўши белгилер бар. Бундай жағдайды Қыпшақ тайпасына киретуғын айырым урыўлар тарийхы да тастыйықлайды. Ал ураны бойынша Тоқсаба. Яғный қымыз қуятуғын гүби. Бул ҳаққында Бердақ өзиниң шежиресинде:

Қыпшақ ҳәм йылқы жыйнады,
Желиге қулын байлады,
Қымыз сабасын сайлады,
«Тоқсаба» уран болған екен.

— деп жазады.

Қыпшақлар негизинен он төрт урыў. Барлық тий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

релерп менен қосып есаплағанда 43 (қырық үш) урыў-ға бөлинеди. Солардың ең баслылары 1. Қаңлы, 2. Саңмурын, 3. Естек, 4. Қанжығалы, 5. Шунақ, 6. Басар, 7. Толыс, 8. Ябы, 9. Арық, 10. Жағалтай, 11. Бағапалы, 12. Майлы балта, 13. Жәдик, 14. Салтыр болып бөлинеди.

Булар арасында Қаңлы ҳәм Ябы жүдә ески урыўлардан есапланады. Себеби бул қәўимлер атамасы араб алымларының IX әсирде дүзген Қыпшақ қәўимлериниң энциклопедиясында да бар. Әййемги дүнья тарийхына мәлим болған он бир қәўимниң екеўин Қаңлы менен Ябы ийелейди. Буннан тысқары IV әсирде Хорезмде усы еки қәўим атамасы менен байланыслы болған «Қаңлылар» ҳәм «Ябылар»—деп аталған еки мәмлекетте бар.

Тарийхшылардың берген мағлыўматларына қарағанда Қаңлылар бирлеспеси XII әсирде Арал жағаларында және пайда болған. Қарақалпақ қаңлылары соның бир бөлеги деп есаплайды. Халық шежирелери Қаңлыларда билимлилик, Ябыларда батырлық гилти бар—деп тәрийплейди. Бул пикирлерде де әдеўир жан бар. Себеби XVIII әсирде Маман батыр басшылығындағы Ябылар топары өз қаҳарманлықлары менен көринсе, XIX әсирдеги Қаңлы уламалары өз билимлилиги мененде көринеди. Әсиресе Ережеп тентек басшылығындағы алты бий ҳәрекетлери олардың әдил басшы болғанлығын да көрсетеди.

Солай болсада қарақалпақ қыпшақларының ҳәммеси ерте дәўирлерде пайда болған—деп дәлийллеў қыйын. Мәселен Саңмурын қыпшақтың аты XIV әсирдеги Қырым ўақыялары менен байланысса, Естеклер башқуртлар тарийхы менен тутасады. Ал буннан кейинги урыўлардың тәғдири XVII-XVIII әсир ўақыялары менен сабақлас. Себеби «Майлы балта»—дәслеп қассап, соңынан бий болған XVII әсирде өткен Байымбет бийдиң лақабы.

Басқа урыўлар сыяқлы буларда да жупкерлесиў бар. Қыпшақ шежирелериниң айтыўына қарағанда Майлы балта, Жәдик ҳәм Салтыр урыўлары Толыбай бийдиң үш баласы атанған. Соңынан үшеўи де бий болып урыў сыпатында қәлиплескен екен—деп жорыйды. Қыпшақлардың басқа урыўларының пайда болыўында да тап сондай болжаўлар бар. Бирақ Қыпшақ ше-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жирелери Саңмурын урыўының пайда болыўын әдеўир бөрттириңкиреп жиберген.

Он төрт урыў топарына киретуғын Кенегес-Маңғыт екеўи жупкерлесип келген қәўим болып, тарийхы қытай-қыпшақлар сыяқлы жүдә ерте дәўирлерден басланбағаны менен белгили түрки-моңғол қәўимлер топарының ең генжелеринен есапланады. Бул қәўимлер XI-XII әсир дереклеринде бар болғаны менен жүдә елеспесиз болып Қыпшақ ҳәм Қоңырат тайпаларының қурамына кирген. Ал XIII әсирдеги Моңғол атланысларынан кейин әсиресе Маңғытлардың жүдә активлесип кеткенлиги байқалады.

Қарақалпақлар арысының оң қанаты Қоңыратлар қолында болғаны менен шеп қанаттың бийлиги ушын гүрес әдеўир ертеден басланады. Бул жолда белгили төрт қәўимниңде өз орны бар. Солай етип төртеўи бириккени мененде бәрибир ҳәрбир қәўим арыс көсеми болыў ушын ҳәрекет еткен. Усы жағдайдан қарағанда ең дәслеп арыс көсемлиги Қытай менен Қыпшаққа тийисли болған. Ал моңғоллар дәўирине келгенде еки арыстың жылаўыда Маңғытлар қолына өтип кетеди.

Солай етип ҳәтте қарақалпақлардың өзлеринде Маңғытлар—деп атай баслаған. Тарийхшылар бунын ең баслы себебин моңғоллар арасында да Маңғытлар деп аталған тайпаның болыўында —деп түсинеди. Негизинде де солай болса керек. Себеби Алтын Ордадағы ең биринши түрки қәўимлер бирлеспеси Маңғытлар тайпасынан шыққан Ноғайдың басшылығында XIV әсирде қуралған. Ноғай биресе түрк, биресе моңғол—деп аталады. Ол түрк пе, моңғол ма бәрибир әйтеўир еки қәўим арасынанда өз қуўатлаўын тапқан. Тап усындай мүмкиншилик Қоңырат қәўиминде де бар еди. Бирақ Ноғай әмир атанып кеткенлиги ушын көпшилик қәўимлердиң соған қол бермеўге илажы болмай қалды. Буннан кейин Едиге, Нуратдийин ҳәм Оққас әмирлердиң пайда болыўы Маңғытлардың абырайын және де күшейтип жибереди. Сол тийкарда Маңғытлар XVI әсирде қарақалпақлар арысының шеп қанатын ийелеўи менен бирликте XV—XVI әсирлерди пүткил халық атамасын өз атағына өткериў ушын ҳәрекет жасайды. Сол дәўирдеги моңғол сиясатын есапқа алғанда бул пикирге толық қосылыўға болады. Буннан тысқары сол дәўирдиң тарийхый шынлығының өзи де бул ҳә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дийселерди анық дәлийллейди. Соның ушында Маңғытлар дерлик барлық шежирелерде де уллы арыс болған Қоңыратлар менен тең ҳуқықлы ҳалында сүўлетленеди. Мәселен Бердақтың шежиресинде:

Қоңырат тапты бир арысын,
Маңғыт тапты бир арысын,
Өзге ағаштың бәрисин,
Өзгелерге салған екен. —

— деп айтылады.

Яки болмаса Бердақ:

Теке, Кепе, бири Маңғыт,
Маңғыт деген гүлли Маңғыт.

—деп жазып, Маңғытлардың жүдә көп болғанлығында айтпақшы болады. Яғный оның пикири бойынша Маңғытлар қәўиминен де үлкен. Ҳәтте «Гүлли Маңғыт» (халық дәрежесине ерисип қалған көп қәўим)— деген шешимге келеди.

Мүмкин Маңғытлар жүдә көп болған да шығар. Бирақ буларда Қоңыратлылар сыяқлы қарақалпақ, өзбек ҳәм қазақ халықлары арасына тең тарқалған. Бердақ өз шежиресинде «Маңғытлар қарақалпақтың Өзбек—деп аталған баласынан туўылған»—деген шешешимге келген. Ол ҳәтте Теке яўмытларды да Кенегес-Маңғытлар менен бирге туўылған—деп қарайды. Бул пикирлер әлбетте еле де изертлениўди талап етеди.

Қалайда XIV әсирде өзбек, қазақ ҳәм қарақалпақ қәўимлериниң араласыўлары пайда болды. Соның ушын булардың қайсы бириниң алдын пайда болыўын дәлиллеў қыйын. Солай болсада қарақалпақлардың жуп арысы есапланған Қоңырат пенен Маңғыт үш халықтың арасына да тендей тарқалған.

Деген менен Қоңыратлар да, Маңғытлар да қарақалпақлар арысының негизин қураганы ушын ҳәм ҳәзирде солай есапланатуғын болғанлықтан булар қарақалпақлар этногенезиниң тийкарларынан бири болып есапланады. Әлбетте қәўимлер ҳәр түрли халықлар этногенезине кириўи мүмкин.

Бирақ бәрибир оның негизги түбирлерин есапқа алыў керек. Бул жағынан қарағанда әсиресе Маңғыт-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лардың қарақалпақлар этногенезинде тутқан орны үлкен.

Қарақалпақ маңғытларының тамғасы Қылыш. Бул жағдай олардың тарийхта жаўынгер халық болғанлығында билдиреди. Ураны Кенегеслер менен бириккен ҳалында «Шаўлы-Шаўхай» (яғный Шаўқым, Жаңғырық дегенди билдиреди). Бул да гернай-сырнай ҳаўазы сыяқлы саўаш ўақыялары менен байланысады.

Бирақ соған қарамастан Маңғытлар қарақалпақлар арасындағы ең аз сандағы қәўимлердиң бири. Тарийхшылар буның ең баслы себеби олардың саўашларда көп қырылғанлығы—деп биледи. Жәми 19 (Он тоғыз урыў) болып төрт топарға бөлинеди. а) Қаратай топары, 1) қарасыйрақ, 2) ақ маңғыт, 3) мамықшы, 4) қосар, 5) қылқалы; б) Сарытай топары: 1) аршан, 2) жанлық, 3) тоқмаңғыт, 4) арсары, 5) тазжаллық, 6) шүйит, 7) жаманша, 8) есебий, 9) тамғалы, 10) тоңмойын, 11) темир хожа.

Буннан тысқары в) бозтай, г) жетим тай—деп аталған бөлеклери де бар. Бирақ булар жүдә аз санда болып толық раўажлана алмаған.

Кенегес-Маңғыт негизи бир адамның баллары болып периниң қызынан туўылғанбыз—деп айтысады. Биреўлери өз бабасын Сары Мәзин деп атаса, биреўлери Баба түкли Шашлы әзийз—дейди. Әйтеўир екеўи де periниң қызынан туўылған болып шығады.

Ақмаңғытлар өз бабасын Едигеден баслайды. Қылқалылар: «Бизиң бабамыз Шыңғыс ханнан қылқа тон жамылған»—деп айтысады. Маңғытлардың төрт урпақ болып екеўиниң өсип өнип, екеўиниң раўажланбай қалғанлығы. «Сары Мәзинниң төрт баласы атлы жолға шыққанда алдынан Қыдыр ата шығып, Қара тай ҳәм Сары тай минген баллар Қыдыр атаны миңгестирип, ал Боз тай ҳәм Жетим тай мингенлери оны мингестирмей жолда қалдырып кеткенлиги себепли болған»—деп жорыйды.

Кенегеслер Маңғытлар менен бир тайпалас қәўим болып ҳәтте бир дәўирлерде пайда болған. Шежирелердиң айтыўы бойынша оның Маңғыттың туўысқан иниси есапланады. Бул ҳаққында Бердақ өз Шежиресинде:

Кенениң Маңғыт ағасы,
Кене тентекдур иниси,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр ис етсе кесдур иси,
Ол Кенегес болған екси.

—деп жазғанындай-ақ Маңғытлар менен бирге жупкерлесип жасаған қәўим.

Кенегеслер Түркстанға көшип келгеннен кейин Маңғытлардан ажыралып өз алдына ҳәрекет еткен. Соның ушында олардың атлары XVII әсирдеги Самарқанд хроникаларында көбирек тилге алынады. Әсиресе Самарқанд ҳәкими болған Ибрайым бий Хорезм қарақалпақлары менен Бухара қарақалпақлары арасында да көбирек тилге алынады.

Кенегеслер жәми 8 (сегиз) урыў болып, тийрелери менен отыз атамаға шамалас тамғасы бойынша атанақ, ураны Маңғытлар менен бирге «Шаўлы-Шаўхай» болып бириккен. Ең баслы қәўимлери 1) араншы, 2) ақ тоғын, 3) өмир, 4) тарақлы, 5) добал, 6) оймаўыт 7) домбазақ, 8) нөкис болып бөлинеди.

Булардың ишинде оймаўыт ҳәм нөкис қәўимлери XIII-XIV әсирдеги түрки-моңғол қәўимлери менен байланысады. Ал Өмир бий атамасы менен Едиге заманында ушырасамыз. Буннан тысқары Кенегес қәўимлериниң атамалары Өзбекстанның айырым ўәлаятларында да ушырасады. Ташкент қаласына жақын жерде Араншы аэропорты, Шыршық тас жолының бойында оймаўыт, өмир, мынжыр—деп аталған аўыл атамалары да бар. Бул атамалар негизинен XVIII әсирде қарақалпақлар Сырдәрьяны жағалап көшкен дәўирлерде пайда болған.

Кенегеслерде Маңғытлар сыяқлы аз санда болыўына қарамастан қарақалпақлар тарийхында үлкен орынды ийелеген. Әсиресе олардың Хийўа ханлары менен беккем байланыста болыўлары XIX әсирдеги қарақалпақлардың он төрт урыў бөлегин беккем услап турыў ушын жәрдемлескен. Бирақ бул жағдай олардың миллий азатлық гүреслерде болған пассивлилигине алып келген.

Усындай себеплер менен XIX әсирдеги қарақалпақлардың он төрт урыў бөлегин басқарып, арыс көсемлериниң бири дәрежесине ерискен Ерназар кенегес гейде елди жаўластырыўға қарсы болған адам сыпатында баҳаланса, гейде қарақалпақлардың Хийўа ханларына гүресине қарсы сатқын адам сыпатында да



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәрийпленеди. Соның ушында қәўимлер тарийхы да өзиниң айырым өзгешеликлерине ийе.

## Тоғызыншы бап

### ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ШЕЖИРЕСИНИҢ АШЫЛМАЙ АТЫРҒАН БЕТЛЕРИНЕН, ЯКИ БОЛМАСА XIV-XV ӘСИР ТАРИЙХЫНА БИР НӘЗЕР

Қарақалпақ халқының тарийхын үйрениў әдеўир ертеден басланыўына қарамастан, елеге шекем көп ғана дәўирлери үйренилмей қалған. Анықлап айтқанда тек XVIII әсир менен XX әсир аралығы ғана бир нәўийе үйренилген деп айтыўға болады. Ал оның арғы жағындағы тарийхымыз болса қум басып кеткен қалалар сыяқлы елеўсиз болып қалған. Базыбир тарийхшылар бул дәўирлерди үйрениў археологияның иси деп есаплайды. Бул да дурыс шығар. Бирақ археологияның сол дәўирлерге қатнасы болғаны менен әдеўир ески дәўирлерди үйренетуғын илим. Ал биз сөз етпекши болған XIV-XVII әсир тарийхын үйрениўде сол дәўирде жазылып қалған китап ҳәм қол жазбалар менен де еле толық танысып шықпағанбыз. Себеби қарақалпақлар бул дәўирде өзи менен сыбайлас жасаған өзбек, қазақ ҳәм түркмен халықларынан бөлек жасаған емес. Қалайда бизиң халқымыз тарийхындағы саўатсызлықлар бул мәселеге әдеўир тәсирин тийгизген болыўы мүмкин. Бул бағдарды тереңирек анықлаў ушын бизде ҳәзирги дәўирде де араб, парсы ҳәм рус дереклерин тутас меңгере алатуғын маманлардың өсип жетиспеўинен болып отыр.

Солайда бул бағдарда изертлеп пикир айтыўға тәўекел етиўшилер ең дәслеп рус алымлары болғанлығын тән алыўымыз керек. Уллы Ўатандарлық урыстан кейин қарақалпақлар тарийхының төркинлерин изертлеўге С. П. Толстов, Т. А. Жданко, В. В. Андрианов ҳәм Л. С. Толстовалар келип ийгиликли жумыс баслаған еди. Негизинен бул ийгиликли истиң басламасы 30-жыллардың басында Ленинградлы талантлы тарийхшы П. П. Иванов тәрепинен басланған, П. П. Иванов қарақалпақлар тарийхына әдеўир жаңалықлар



www.ziyouz.com kutubxonasi

киритти. Бирақ ол 1942-жылғы Ленинград қамалында ашлықтан қайтыс болды. Ол өзи өлериниң алдында «Қарақалпақлар ҳаққындағы тарийхый мийнетимди тамамламай қалдым-аў»—деген сөзди айтқан екен. Ол соншама жүреги таза ҳәм меҳрийбан адам болған. Ҳәтте өзи үлесине тийген нанды да ата-анасы бомба астында қалған бир жетим балаға берип турған. Соңынан өзи ҳәлсиреп жығылған. Қалайда ол қарақалпақлар тарийхының сырларын ашыўға шын ықласы менен берилген адам еди.

Бизде белгили шығыс таныўшылар болмағаны менен рус тилиндеги дереклер ҳәм қарақалпақ фольклоры менен беккем қуралланған тарийхшылар болды. Олар жүдә ерте дәўирлерге қол урмаған болсада өзлери таңлап алған ҳәрқыйлы дәўирлерге тийисли машқалаларды әдил шешти. Булардан академик Сабыр Камалов, профессорлар Қытайбек Сарыбаев, Мақсет Тилеўмуратов, белгили тарийхшылар Есберген Хожахметов, Алпысбай Төреев, Арыс Төреев, Әбдикерим, Қощанов, Айназар Өтемисов ҳәм Оңғарбай Юсуповларды көрсетиў мүмкин. Ал археологларымыз алып баратырған жумысларының өзи өз алдына бир төбе. Бирақ солай болсада бизиң XIII-XVI әсирдеги тарийхымыз пүткиллей дерексиз болып қалғанлығы бизди әдеўир ойландырады. Бизде «Қарақалпақлар тарийхының очерклери» бир неше мәртебе баспадан шықты. Бул китапта да сол дәўирлерге тийисли айырым материаллар бар. Бирақ шешилиўин таппаған айырым жумбақ пикирлер көп ушырайды. Қарақалпақлардың XIV-XVII әсирдеги тарийхы болса тек ат үсти ғана айтылған. Мен сол дәўирдиң әдебий орталығы ҳаққында докторлық илимий жумыс жазғаным ушында қарақалпақлар ҳаққындағы шығыс ҳәм европа дереклерин көзден кеширген едим. Соның ушында бул дәўирдиң тарийхый анықламасын ашып көрсетиўге ҳәрекет еткенмен. Ҳәзирги күнлери халқымыздың тарийхқа қызығыўшылығы мени жәнеде бул мәселеге қайтыўыма мәжбүр етти.

Демек қарақалпақлардың XIV-XVII әсир аралығындағы өз атамасы, тарийхта тутқан орны пүткиллей белгисиз болып қалған. Анығын айтқанда тарийхшыларымыз: «Қарақалпақлар бул дәўирде ноғайлы атанған»—деген пикир менен ғана шекленген. Негизинен алғанда қарақалпақлардың «Ноғайлы»—деп атанғаны да



www.ziyouz.com kutubxonasi

анық. Бирақ Ноғайлының ҳәммесин қарақалпақ—деп атаўға бола ма? Не себепли қарақалпақ атамасы бирден Ноғайлы болып өзгерген? Ол дәўирдиң қайсы қаҳарманлары қарақалпақлар этногенези менен байланысады? деп аталған ҳәркыйлы саўаллар туўылады.

Ноғайлы—көбирек фольклорлық атамаларда ушырасқаны менен ол дәўирге тийисли жазба дереклерде Ноғайлының тийкары сыпатында Маңғытлар—деген халықты сөз етеди. Ал қарақалпақлар тарийхында Ноғайлы айырым сөз болғаны менен Маңғытлар ҳаққында ҳеш қандай сөз болмайды. Сонда Маңғытлардың Ноғайлыдан бөлек халық болғаны ма? Ол да белгисиз.

Қалайда XIII әсирдеги Шыңғысхан басқыншылығынан кейин Дәшти Қыпшақтағы Қыпшақлар аўқамы қулады. Бул жағдай Алтын Ордадағы басқа да қәўимлердиң үстемлигине алып келди. Усындай себеплер менен ордада Маңғыт ҳәм Қоңырат қәўимлериниң абыройы әдеўир көтериле баслайды. Әсиресе түрки халықлар арасынан шыққан биринши Әмир Ноғайдың тарийх минберине шығыўына байланыслы Алтын Ордада Маңғытлар ҳүкимранлығы басланады.

Маңғыт ҳәм Қоңыратлар ҳаққында тарийхшылар еки түрли пикирге ийе. Биринши топар, буларды түрклескен Моңғол қәўимлери деп жорыйды. Екинши топар: бул қәўимлер түрк тиллес болып, Шыңғыс хан бастырып келместен бурында бул жерде бар еди,—деген жуўмаққа келеди. Ал айырымларының айтыўына қарағанда бул еки қәўим түрклер ҳәм моңголлар арасында да болған. Қулласы Шыңғыс әўладлары бул еки қәўимге де қырын қарамаған.

Қалайда бул еки қәўимниң Моңғол нәсилинен болмағаны анық. Себеби булардың арасынан қаншама күшли саркардалар шыққан болсада олардың ҳеш бириўине де хан титулы берилмеген. Бий, аға султан, әмирден артық мәнсапқа көтериле алмаған. Тек Қоңыратлар XIV-XVIII әсирден баслап ғана хан титулына ериседи. Ал Маңғытлардың көпшилиги күшли саркардалар болып Әмир титулында қалып кетеди.

Усындай себеплер менен Алтын Орданың түрк тайпалас халықларының Маңғыт қәўиминен шыққан Но-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғай деген адам ең биринши мәртебе Әмир дәрежесине ериседи. Ол кисиниң Ордада ҳүкимранлық еткен ўағы 1300-1340-жылларға туўра келеди. Ол өзи Алтын Орда әскериниң түрк тиллес халықлардан қуралған шеп қанатына басшылық еткен. Үлкен Әмир атанып, өз атына түрк тиллес халықларды бирлестиретуғын бир улыс жәмлеген. Бул улыс тарийхта Ноғайлы аўқамы деп аталады. Айырым дереклерде Маңғытлар аўқамы депте жүритиледи. Қарақалпақ халқының тутас үш әсирлик тарийхы усы адамның, улыстың ҳәм қәўимниң аты менен тәғдирлес. Дәслеп бул улыстың қурамында бирнеше түрк тиллес халықлар болғаны менен де Алтын Орданың майдаланыўына байланыслы бул улыста майдаланып гейде «Ноғайлы», гейде «Маңғытлар» атанып ең изинде Қарақалпақлар этногенези менен бирликте Кавказдың киши Ноғайлар бөлегин ғана сақлап қалғанлығын көремиз.

Негизинен алып қарағанда «Ноғайлар»да, «Маңғытлар» да бир уғымды билдиреди. Булар барлық дереклерде де аралас түринде бериледи. Тарийхшылар бунық тек «Ноғай» жағына итибар береди де «Маңғыт» жағына онша итибар бермейди. Ал XVI әсирдеги Маңғытларды өзбек ҳәм қазақларға жақын бир халық, —деп атаў менен ғана шекленеди.

XIV әсирден баслап өзбеклер, XV әсирден баслап қазақлар, соңынан татар ҳәм башқуртлар өз алдына халық болып Алтын Ордадан бөлинип шыға баслаған. Тап усы туста XV әсирде Алтын Ордада өзбек ҳәм қазақлардың аўқамласы сыпатында Маңғытлар—деп аталған және бир халықтың пайда болғанлығын көремиз. Тарийхшылар бул халықтың қарақалпақларға қатнасы бар екенлигин анықлаған болсада көп жылларға шекем ол ҳаққында арнаўлы илим изертлеў жумысларын алып бармады. Өзбекстан тарийхында: «Маңғытлар үрип-әдети, тили өзбеклерге жақын бир халық»—деп анықлама бергени болмаса, оның шығысы ҳаққында ҳеш нәрсе айтылмайды. Сонда Едил-Жайық, Түркстан ҳәм Хорезм арасында жүрген халық «Маңғытлар» деген кимлер?

Бул мәселени шешиў ушын биз сол дәўирдиң белгили тарийхшыларынан Рузбахан Исфаханийдиң қол жазбаларына дыққат аўдарыўымыз керек болады. Ол киси Алтын Орданың майдаланыўына байланыслы



www.ziyouz.com kutubxonasi

түрли қәўим бирикпелериниң пайда болғанлығы ҳаққында айта келип: «XIV әсирдеги Алтын Ордадағы өзбек бирлеспесиниң өзи де үш түрли халықты пайда етти.

1). Шайбаны өзбеклери; 2). Қазақлар; 3). Маңғытлар деген шешимге келген Д. Греков, А. Ю. Якубовский. «Алтын Орда ҳәм оның қулаўы», Ташкент, 1956-жыл, 254-бет. Бундағы өзбеклер ҳәм қазақлар ҳәзирде бар халық. Ал Маңғытлардың кимлер екенлиги нәмәлим.

Бул дәўир тарийхы бойынша белгили қәнийгелер В. Д. Греков ҳәм А. Ю. Якубовскийлер Маңғытлардың Алтын Орда тарийхында үлкен бир халықты пайда еткенлиги ҳаққында айтады да бирақ бул халық ҳәзирги дәўирде қайсы халықтың компонентин қурайды, бул ҳаққында ҳеш нәрсе айтпайды. Мәселен булар өзлериниң жоқарыдағы мийнетинде: «Дәшти Қыпшақтағы ең үлкен еки қәўим Қоңырат пенен Маңғытлар өзлериниң қәўимлик бирлигин жоғалтпастан үлкен бир халықты пайда етти. Булар Маңғытлар,—деп атала баслады» (254-бет) деп жазды.

Демек мәселе өз-өзинен мәлим болып турыпты. Алтын Ордада өз алдына үлкен абройға ийе болған еки қәўим Маңғытлар менен Қоңыратлар өз алдына халық болыўға тырысқан. Еки арыс биригип изинде бир халық болған. Бир қәўим атамасын халық сыпатында таныў ушын қалайда Едиге басшылығындағы Маңғытлар ҳүкимранлығы себепши болса керек. Себеби Маңғытлардың ең соңғы бийи Орманбет өлиминен кейин (1596-жыл) халық және өзиниң бурынғы қарақалпақлар деген атамасын қайтадан ийелеген. Бирақ сол дәўирдеги тарийхый қолжазбаларда ҳеш бир тарийхшы Маңғытлардың қарақалпақлар екенлиги ҳаққында арнаўлы түсиник бермеген. Солай етип XIV-XVI әсирдеги дереклерде Маңғытлар өзбеклер менен қазақларға аўқамлас бир халық сыпатында қабыл алынған. Қалайда Маңғытлар белгили бир халық сыпатында сол дәўирдиң тарийхшылары ҳәм шайырларының шығармаларында актив қолланған.

Демек көпшилик тарийхшылар ушын жумбақ болып келген Маңғыт халқының тәғдири де Өзбек ҳәм Қазақ халықларынан узақласып кеткен емес. Солай болсада Маңғытлардың XVI әсирден кейинги тәғдири ҳаққын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да арнаўлы илимий жумыслар майданға келмеди. Ал үш әсир даўамында халық атағына ерискен бул қәўим болса, соңында түрк тиллес халықлардың қәўим бирлигине айланды. Себеби Маңғытлар қарақалпақлардың арыс бирлигин бириктириўши тийкарғы алты қәўимниң биреўи есапланады. Соның ушында Маңғытлар менен Қоңыратлар XIV-XVI әсирдеги түрки халықлардың өз-ара бөлиниў дәўиринде қарақалпақлардың негизги компонентлери ўазыйпасын атқарғанлығын бийкарлап болмайды. Бул мәселени анықлаў XVII-XVIII әсирдеги тарийхшылардың шығармаларында оншама көзге тасланбағаны менен XIX-XX әсирдеги тарийхшылардың мийнетлеринде оғада актив түс алған. Мәселен: Маңғыт-гейде қәўим, гейде халық сыпатында тилге алынып, түрки тилиниң Қыпшақ диалектинде сөйлейтуғын халық болып Едил-Жайық бойларынан келгенлиги айтылады. Әсиресе олардың шығысы Едиге Әмир менен байланыслы болғаны ушын да Совет дәўири тарийхшылары бул халық тарийхына әдеўир гүмилжи қатнас жасаған. Ал XIX әсир тарийхшылары бирқанша әдил пикирлер айтқан.

XIX әсирдеги Алтын Орда тарийхын актив изертлеўшилердиң бири қазақ халқының оқымыслы алымы Шоқан Ўәлийханов өзиниң 1858-жылы жазылған «Орданың қулаўы» деген мийнетинде «Маңғытлар» деп аталған атамаға ҳәмме ўақыт «Қарақалпақлар» деген түсиник берип барады. Ол ҳәтте XIV әсирден баслап қарақалпақлар атамасының «Маңғытлар» ҳәм «Ноғайлы» болып өзгергенлиги ҳаққында да айтқан. Оның пикири бойынша Маңғыт пенен Қоңыратлар ҳәтте Шыңғыс хан басып алмастан бурын да Дәшти Қыпшақтың ең ири қәўимлеринен болған. Соның ушында ол өз мийнетинде төмендегише жазады: «Алтын Орданың майдаланыўына байланыслы Өзбеклер, Ноғайлар, Қазақлар деп аталған көшпелилер пайда болды. Ал бул жерде Шыңғыс хан болмастан әдеўир бурын қырғызлар, маңғытлар **(яки болмаса қарақалпақлар. Ш. Ў)**—деп аталған ири қәўимлер жасаған. (Шоқан Ўәлийханов. Таңламалы шығармалары. Алма-Ата, 1958-жыл, 326-бет). Мине бул пикирдиң өзинен-ақ мәлим болып турыпты «Маңғытлар» атамасының пайда болыўы да тосыннан болған емес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Академик В. В. Бартольд бул қәўим ҳаққында айта келип: «Маңғытлар түрк тиллес халықлардың бири болып, XIV әсирде Алтын Ордада Ноғайлы аўқамын дүзген. Олар Едил дәрьясының жағаларынан баслап Түркстанға шекемги аралықтағы жерлерди жайлайды. Ал гейпара бөлеклери Қырымға шекем барып жеткен». (В. В. Бартольд. Түрк-моңғол халықларының тарийхы. 18-бет). Бул халық ҳаққындағы дереклер Шығыс ҳәм Европа халықларының тарийхый мийнетлеринде әдеўир ушырайды. Сол дереклерде де Маңғол-Ноғай деп биргеликте қолланылған. Ал ерте дәўирде рус жылнамаларында болса: «Илгери өзлерин Ноғайлар деп атайтуғын Маңғытлар көшип келе баслады. (Рус жылнамалары. XIX том, 8-бет). Демек «Ноғай», «Маңғыт» деп аталған атамалар бир мәнисте қолланылған. Мәселен бир усы дәўирди терeңирек изертлеген академиклер Б. Д. Греков, А. Ю. Якубовскийлер: «Маңғытлар XV әсирден баслап өз атамаларын өзгертип Ноғайлы болып атала баслады. Соның ушында бул еки атамада XV-XVI әсир дереклеринде аралас қолланылады» —деп жазады. (жоқарыда аты аталған китап. 254-бет). Демек XIV-XVI әсирдеги Маңғыт Ноғайлы атамаларын бир-биринен ажыратып қараўға болмайды.

Тарийхтағы Ноғайлы атамасы XIV әсирдеги Ноғай Әмирдиң атына қойылғаны менен бул бирлеспени орнатыўда сол Әмир басқарған қәўимде Маңғытлардың орны айрықша болған көринеди. Ноғай өлиминен кейин усы қәўимнен шыққан Едиге, Нуратдийин ҳәм Оққастың активлиги бул қәўимниң абройын жәнеде көтерип жиберген болыўы итимал.

Қалайда Маңғытлардың өз алдына халық аталыўы Ноғай өлиминен кейин болған. Соңғы дәўирде илимий жумыслар жазған көп ғана тарийхшы алымлар мине усы Маңғытларды «тек бир қәўим байрағы астына жәмлениўге болған урыныўшылық Едиге ҳәм Нуратдийин культи» деп атайды. Негизинен қарағанда бул пикирлер шыплыққа келеди. Биз Ноғайлының «Маңғытлар» болып өзгериўине қарсы болсақта усы атама менен аталған қарақалпақлар тарийхының еки әсирлик дерегинен ўаз кеше алмаймыз. Себеби Алтын Орда тарийхын изертлеген қазақ алымы Шоқан Ўәлийханов рус алымы В. Шегловлар мәселеге тап усындай мунәсибетте болған. Солай екен маңғытлардың қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рақалпақларға қатнасы өз алдына изертлеўди де талап етеди. Биз бул жерде ҳәр қандай қәўимге артықмашлық бериўди қуўатлаўдан аўлақпыз. Себеби тарийхтың өзи илим. Ондағы фактларды бурмалап көрсетиўге болмайды. Өйткени биздиң тарийхый шығысымыз болған Едигениң көп жыллар даўамында қуўдаланыўы тарийхымыздың үш әсирлик дәўирин пүткиллей көмип таслады. Соның ушында қарақалпақлардың бул дәўирде не ушын маңғытлар аталғанында дәлийллеўимиз керек болады.

Қарақалпақлардың жуп арысының сағасында турған Қоңырат пенен Маңғыт оғада ерте дәўирлерден бери бар қәўимлер. Халық шежирешилериниң айтыўы бойынша булар екеўи де бир адамның баллары болған. Яғный «бир адамның алты баласының Қоңырат ең үлкени болса, Маңғыт ең кишкенеси». Ал булардың жуп арысқа бөлиниўине келетуғын болсақ және халық шежирелериндеги фактлерге тийкарланыўға туўра келеди. «Майқы бийдиң бәйбишесинен Қоңырат пенен Мүйтен туўылғанда, тоқалынан Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт туўылған—деп жорыйды». Ал айырым дереклерде: «Майқы бийдиң бәйбишесинен алты бала, бир қыз, тоқалдан он төрт бала туўылған. Бәйбишениң төрт баласы менен тоқалдың он баласы саўашта қазаланған. Соның ушында бәйбишеден Қоңырат пенен Мүйтен, тоқалдан Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғытлар саўашта аман қалып Ноғайлының алты улы атанған»—деп жорыйды. Халық дәстүри бойынша да үлкен бала менен кишкене баланың орны бөлек болады. Соның ушында қарақалпақлардың халықлық этногенезин қураўда Қоңырат пенен Маңғыт қәўиминиң тутқан орнын бийкарлапта болмайды. Ҳәтте бул ҳаққында классик шайыр Бердақ:

Қоңырат тапты бир арысын,
Маңғыт тапты, бир арысын,
Басқа ағаштың бәринен,
Өзгелерге салған екен.

— деп жазады.

Бул жерде арба тутас бир халық мәнисинде берилген болса, оның негизин қураған еки арысты ел ағасы болған еки қәўим жоныўға тийисли болған. Мине усы белгили еки арыстың бири болған Маңғытлар Ноғай әмирлиги дәўиринен баслап айрықша бир абы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

райға ийе бола баслаған. Халық бул дәўирде өзлерин Маңғытлар деп атағаны менен қарақалпақлардың негизин қураған алты қәўимниң негизин жойытпаған. XVI әсирдиң бас гезинде Ноғайлы аўқамы қулағаны менен оның негизги уйытқысы болған қарақалпақлар «Ноғайлының алты улы» деген ат пенен XVI әсирдиң ақырына шекем жасап қалды. Негизинен алғанда өзлери халық сыпатында санаған бул «Алты улы»ның өзи де қарақалпақ халқының тийкарын қураған алты қәўимди өз ишине алады. Бул ҳаққында Шежиреде де:

Қоңырат, Муйтен, Қытай, Қыпшақ,
Кенегес, Маңғыт—Ақ пышақ,
Бәри алты урыў қаралпақ,
Хорезмди жайлаған екен.

— деп жазылған.

Демек солай екен Алтын Орда тарийхында тийкарғы орынды ийелеген Маңғыт-Ноғайлар қарақалпақ халқының тийкары болып есапланады. Соның ушында бул дәўирде жасаған белгили шахслар Ноғай, Едиге, Нуратдийин, Орыс, Оққас, Муўса, Орманбет—булардың ҳәммеси де XIV-XVI әсирдеги қарақалпақлардың бабалары болғанлығы анық. Булардың исимлери қарақалпақлар тарийхында да тийип қашып айтылып жүрипти. Бирақ репрессия дәўиринде қуўдаланыўына байланыслы олардың тарийхтағы тутқан орнына елеўли баҳа берилген емес.

Усы ўақытқа шекем жәрияланған тарийхый мийнетлерде қарақалпақлар ҳәкимшилигиниң төркини XV әсирдиң ақырындағы Түркстандағы Өзген қаласының ҳәкими болған Оққас бийден басланады деп айтылған. Негизинен алғанда жазба аўыз еки дереклерде бул пикирди қуўатлайды. Қарақалпақлар Оққас әмир ҳәм оның әўладлары болған Муўса, Жамғыршы, Исмайыл ҳәм Орманбетлерди де өз бабасы сыпатында таныйды. Ал Оққас болса Едигениң ақлығы екени анық.

Егер олай болатуғын болса қарақалпақлар Оққастың әкеси Нуратдийин ҳәм оның әкеси болған Едигени де өз бабам деп таныўына ҳақысы бар. Ал бул машқала болса қарақалпақлар тарийхында елеге шекем елеўли дәрежеде сөз болған жоқ. Соңғы дәўирде Едиге дәстанын баспадан шығарып, «Едигениң ең толық варианты бизде сақланады» деген сөзди айтыў менен ғана шеклендик. Фольклорлық Едиге менен та-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рийхый шахс Едиге арасында аспан менен жер сыяқлы парық бар.

Едиге Алтын Орда тарийхында ең үлкен орын тутқан шахслардың бири болғаны менен ҳеш қандай кемшилиги болмаған деп айтыўға болмайды. Оның өзине жараса жетискенлиги де, кемшилиги де болған. Орта Азия тарийхшыларынан ибр Араб шах оны көклерге көтерип мақтаған. Ал басқалары оған әдеўир сын көзи менен қарағаны менен Әмир Темур дәрежесине жақынласып қалған адам сыпатында баҳалайды. Оның исми Шығыс еллериненде ҳәм Европа тарийхында да көп ушырайды. Оның баслы мақсети көп ғана еллерди бириктириў болғаны менен Шыңғыс ханның жаўызлық тутымы тийкарында ҳәрекет еткенлиги байқалады.

Қалайда ол майдаланып баратырған Алтын Орданы бириктириў ушын ҳәрекет жасаған. Өзи күшли саркарда болыўына қарамастан гә Темирлән, гә Тоқтамыс тәрепинде турып бир неше мәртебе саўашқа қатнасқанлығы тарийхшыларға унамайды. Ал оның Тохтамыстың алдаўына шейин Москваға атланысларында әдалатлы саўаш сыпатында қарап болмайды. Солай болсада Едиге саўашларда көп мәртебе жеңиске ерискен. Өзи қарадан шыққан адам болғанлығы ушын өмиринше хан титулын ала алмай әмир атанған. Ол өзи күшли болыўына қарамастан хан титулын ала алмағанлығы себепли көп ғана ханлардан ғәрезли болғаны ушын да олардың ермегине айланғанлығы сезиледи. Алтын Орданың ҳәрбир ханы оны өзиниң саркардасы етип алыў ушын ҳәрекет еткен. «Соның ушын Едиге Маңғытлардың қаҳарманлығын пүткил дүньяға жайды ҳәм олардың саўашларда қырылып азайып қалыўына да себепши болды»—деп айтылады. Б. Д. Греков ҳәм А. Ю. Якубовскийдиң жоқарыда көрсетилген мийнети. (254-бет). Бул ҳаққында Шоқан Ўәлийханов төмендегише жазады. «Маңғыт саркардалары Едиге, Ер Көкше, Орақ, Ер Шора бәри де тарийхый қаҳарманлар. Ақмаңғыттан шыққан Едиге Темирләнның саркардаларының бири болған. Орақ оның исин даўам еттириўши. Рус княгинасына үйленген. Ал Ер Көкше менен болса рус жылнамаларында ушырасамыз». (Ш. Ўәлийханов. Таңламалы шығармалары. 11-бет).

XIV әсирде жасаған усы Едиге әмир болса, Орман-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бет бийдиң арғы атасы болып, қарақалпақлардың бабаларынан есапланады. Ол ҳаққында көп ғана дәстан аңызлар жүзеге келген болып, қарақалпақ, ноғай, қазақ, башқурт ҳәм татарлар тарийхында әдеўир тилге алынады. Деген менен ол Маңғытлар атанып кеткен қарақалпақлардың дәслепки әмирлериниң бири. Бул ҳаққында көрнекли академик Б. М. Жирмунский: «Уллы дәрежели Мырза Едиге Маңғыт, оның балалары Нуратдийин, оның баласы Оққас, оның баласы Муўса, Жамғыршы, Асан, Муўсаның баллары Сейтек, шайх Мамай, Юсип, ҳәм Исмайыл; Исмайылдың баллары Тынақмет ҳәм Орысбек; Тынахметтиң баласы Орманбет»—деп дизип көрсетеди. (В. М. Жирмунский. «Түрклердиң қаҳарманлық эпосы Ленинград, 1974-жыл, 429-бет).

Мине буның өзинен-ақ көринип турыпты, қарақалпақлардың XIV-XVI әсирдеги тарийхы пүткиллей изертленбей қалған. Темирләнның өзбеклер тарийхындағы орны пүткиллей ашылмай қалғаны сыяқлы Едигениң қарақалпақлар тарийхындағы орны да ашылмай қалған. Сол себепли ҳәзир Едигени тарийхый дерек сыпатында меншиклеп алған халық жоқ. Едигени Маңғыт деймиз, ал Маңғытлар болса тарийхтан қарақалпақлардың XIV-XVI әсирдеги атамасы екенлиги мәлим болды. Буннан тысқары Ноғай деймиз, ал Ноғайлар болса қарақалпақлардың XVI әсирден кейинги бөлинип кеткен бир шақабы. Ал айырым дэреклерде Едигени Өзбек—деп атаўшылық та бар. Буның ең баслы себеби Маңғытлардың (яки болмаса қарақалпақлардың Қ. М.) ҳәм қазақлардың XIV әсирдеги «Узбекиен» бирлеспесиниң қурамында болғанлығынан, деп түсиниўимиз керек. Себеби бизиң тарийхта Едиге әўладлары болған Нуратдийин менен Оққасты өз бабамыз деп танығанымыз тарийхта айтылған. Олай болса Едигени бабамыз—деп танымаўымызға ҳеш қандай илажымыз жоқ. Қарақалпақлар тарийхында Оққас бий ҳәм оның әўладлары болған Муўса, Исмайыл ҳәм Орманбетлер ҳаққында әдеўир тужырымлы пикирлер айтылған. Бирақ бул дереклердиң көпшилиги түрли дәўирлерде халық арасында шөлкемлестирилген илимий экспедициялардың жуўмақларына тийкарланған. Ал ҳәзирги күнде сол дәўирлерге тийисли болған араб шрифтинде жазылған шығыс қолжазбаларының сыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лары менен де танысқандай ўақыт келип жеткен сыяқлы. Сол тийкарда бизде Ленинград ҳәм Ташкент қалаларында көп әсирлерден берли сақланып киятырған айырым қолжазбалар менен танысқан едик. Бул қолжазбалардың көпшилиги XVI-XVII әсирлерге тийисли болып, сол дәўирдеги тарийхый ўақыялар ҳаққында кеңнен сөз етиледи. Биз жоқарыда айтып өткен тарийхый шахслардың тәғдирлери менен таныстырады. Солардың ең ескилеринен есапланатуғын XV әсирдиң орта гезин сөз ететуғын авторы белгисиз болған тарийхый қол жазба «Нусратнама»да Маңғыт бийлери ҳаққында әдеўир сөз етиледи. Мәселен қолжазбаның 57-бетинде «Маңғыттан шыққан Едигениң ақлығы Оққас бек өз қәўимлерин Өзген қаласына көширди». Ал 95-бетте «Маңғыт бийлери Муўса менен Жамғыршы өз бабаларының антына садық екенлигин билдиреди»—деп жазылған болса, 109-бетте: «Қулмухаммед Тарханның Мухаммед Мазин ханның қызын Самарқанд тәрепке қарай алып қашып кеткенлиги Маңғыт баҳадыры Орысбектиң қатты ашыўын келтиреди. Ол Тарханның изинен қуўып ханның қызын алып келеди. Мухаммед Мазин хан бул баҳадырдың ерлиги ушын қызын Орысбекке атастырады»—деп жазылған.

Бул қолжазбалардағы және бир қызық жағдайлар соннан ибарат. Сол дәўирдеги адам аталарынан қарап оларды өзбек, қазақ, қарақалпақ, түркмен—деп бөлип қараўға да болмайтуғын усаған. Себеби XIV әсирде жасаған Хоразмий деген шайырдың өзбекше ҳәм қарақалпақшаны араластырып жазғанына ҳайран болып жүрсек, бизиң бабамыз болған Оққастың биринши баласының аты да Хоразмий бек екен. Тап усы қолжазбаның 97-бетинде: «Маңғытлардың көрнекли саркардасы Оққас бектиң баласы Хоразмий бек саўашта қазаланды»—деп жазылған.

Шығыс қолжазбаларында бундай фактлер оғада көп. Мәселен XVI әсирде парсы тилинде жазып қалдырылған Камалатдин Әлий Мухаммед ханның «Шайбанынама»—деп аталған тарийхый шығармасында, Шайбаны ханның Түркстанға бастырып кириўи менен сол жердеги Маңғытлар ҳүкимлигиниң қулаўы ҳаққында сөз болады. Қолжазбаның 7 ҳәм 8 бетлеринде: «Дәшти Қыпшақтың ҳәкими Муўса Маңғыт Шайбаны ханды жақсы күтип алды. Ол Сығнаққа өз елшилерин


www.ziyouz.com kutubxonasi

жиберип жақсы инамлар берди. Буннан кейин Шайбаны хан Муўса Мырза басшылығындағы Маңғыт әскерлерин өзине қосып алды. Муўса Маңғыт өз қызын Сүйиниш хожа ханға узатып той берди. Бирақ Шайбаны хан өз ўәдесинде турмады. Муўсаны Дәшти Қыпшақтың ханы етип сайлаўдан бас тартты. Буннан кейин Муўса Маңғыт өз әмирлерин шақырып кеңес қурды. Әмирлер айтты: «Усы ўақытқа шекем өз салтанатын қурған ҳәрбир хан Маңғыт әмирлериниң тилеклерине қулақ салған. Шайбаны ханда бул ретте солай ислеўи тийис. Егер қулақ салмайтуғын болса өзи билсин».

Бул жағдайлар әлбетте Муўса менен Жамғыршының Түркстанды таслап және Едил ҳәм Жайық бойларына шығынып кетиўине себепши болған. Себеби Оққас өлиминен кейин Муўса менен Жамғыршаның Сарайшыққа кетип қалғанлығы тарийхтан белгили.

Усы қолжазбаның 15-бетинде «Сайқалбектиң баласы Әмир Орысбек Өзгенди қайтып ала алмай қашып кетиўге мәжбүр болды»—деп жазылса, 14-бетте «Маңғыт Хамзабек төрт мың әскери менен Өзген қаласын қайтадан қолға киргизди»—деп жазады. Демек бул дәўирде Түркстанда шым-шытырық ўақыялар жүз берген. Тап усындай пикирлер XVI әсир тарийхшысы Абдулла Мухаммед Әлий Насуруллаهای «Зубдат ал-асар» (жылнамалар жыйнағы) шығармасында да ушырайды. Бабамыз Оққасбектиң Түркстанды бийлегени ҳаққындағы мағлыўматлар орта әсир тарийхшысы Масудбек Оспан Кухстанийдиң «Тарихи Абдулхайырхани» шығармасында оғада айқын берилген. Қолжазбаның 326-бетинде: «Уллы мәртебели Абулхайыр хан Өзгенди Маңғыт Оққас бий ықтыярына тапсырды»—деп жазылған.

XV-XVI әсирдеги Шығыс қолжазбаларында жупкерлескен үш халық Өзбеклер, Қазақлар, Маңғытлар (қарақалпақлар) қатар сөз етилгени менен Сарайшық ҳәм Түркстанға тийисли ҳүжжетлерде қырғыз, түркмен, тәжик халықлары оншама сөз болмайды. Өзбеклер, қазақлар, маңғытлар гейде қосылып, гейде тарқалып кеткенлиги мәлим болады. Ал XVII әсирдиң бас гезиндеги дереклерде Маңғытлар атамасы пүткиллей жоғалып, оның орнына Қарақалпақлар—деген атаманың пайда болғанлығын көремиз. Соның ушын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да XVII әсирде жазылған Хожамқулы Балхийдиң «Қыпшақлар тарийхы» шығармасының 503 бетинде: «Өзбеклер, қазақлар ҳәм қарақалпақлар биригип үлкен кеңес дүзди»—деген сөзлерин оқыймыз. Усы жағдайларды есапқа алған ҳалында батыс тарийхшыларынан болған Ховорос: «XVI әсирдиң ақырынан баслап Маңғыт Ноғай ордасы өз атамасын өзгертип Қарақалпақлар—деп атала баслады»—деп жазған еди.

Шығыс қолжазбаларының және бир айырмашылығы сонда, бунда тарийхқа кирген ҳәрбир шахс өз қәўими ҳәм урыўының атамасы менен бериледи. Биз негизинен урыўлық бөлшеклениўлердиң тәрепдары болмасақта қәўим ҳәм урыў атамалары тарийх ушын оғада зәрүр екенлигин айтып өткимиз келеди. Себеби қарақалпақ урыўларының көпшилик атамалары XIV-XVI әсир ҳүжжетлеринде бар. Булардың көпшилиги ҳәтте ҳәзирги өзбек ҳәм қазақ халықлары арасында да ушыраспайтуғын урыўлар. Соның ушын бул бағдар бойыншада қарақалпақлар тарийхының ерте дәўирдеги сырларын анықлаўға болады. Мәселен: «Нусратнама» да:Ийсатай бек—Қыят, Әлий бек—Қоңырат, Оспан баҳадыр—Қоңырат, Мурат суўпы—Қуйын, Хусайин бек—Шымбайлы, Оққас бек—Маңғыт, Муўсабек—Маңғыт, Жамғыршы бек—Маңғыт, (58-97-бетлер). Ал «Шайбанынамада»: Инақ бек—Қоңырат, Шадыман бек—қытай, Мухаммед бек—нөкис, Хусайин бек—шымбайлы, деп айта келип «Тарихи Абулхайырхани»да да отызлаған бий султанлардың атлары өз қәўими ҳәм урыўы тийкарында аталады. Мысалы: Бузынжар бий—қыят, Оққас бий—маңғыт, Хасан уғлы—шымбайлы, Әбеке баҳадыр—қытай, Мухаммед бек—қоңырат, Темир шайх баҳадыр—кенегес, Мухаммед бек—қоңырат ҳәм тағы басқалар (315 бет). Булардың ишинде үш-төрт баҳадыр ҳәтте өзлерин «шымбайлы»—депте атаған. Сол дәўирде Түркстанда «шымбайлы» деген урыў бар ма? Яки булар Арал теңизиниң бойынан барған баҳадырлар ма? Ол жағы да белгисиз. Қалайда бул бийлердиң шығысын қарақалпақлардан ҳеш қандай ажыратып қараўға болмайды. Қолжазбаларда баян етилгендей қәўимлик қурылысы қарақалпақлар этногенезинен әдеўир узақ болған урыўлар да бар. Мәселен: Дүрмен, Шункар, Табғут, Танғут, Чат, Тубай, Үйсин, Кушшы, Журкын, Ижанжер. Сондай-ақ Орта



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азия қәўимлерине тән болған Қоңырат, Қыпшақ, Үйсин, Найман, Нөкис, Уйғыр, Керей ҳәм тағы қәўим бирликлери ушырайды. «Нусратнама»ның 105-бетинде «Шах Бутақ баҳадыр—түркмен. Тәңир Берди—башқурт,—деп аталған сөзлер жазылған.

Демек XIV әсирден баслап Едил, Түркстан, Хорезм әтирапында жасаған халықлар бир-биреўи менен пүткиллей араласып кеткен. Олардың өз алдына халық болып қәлиплесиўиниң өзи де узақ дәўирлерди өз ишине алғанлығын сезиўге болады.

Солардың бири болған қарақалпақ халқының өтмиши де узақ әсирлер даўамында өзбек ҳәм қазақлар менен араласа отырып қәлиплескенлигин бүгинги сары қағаз тарийхымыздың өзи-ақ дәлийллеп отыр. Тарийхта қалған жазба дереклер тап усылай нусқаў береди.

# Онынши бап

## ШЕЖИРЕНИҢ ШЫБЫҒЫ

Бул бапты «Шежирениң шыбығы» деп атаўымыздың да айырым себеплери бар. Себеби Шежире атадан балаға, баладан ақлық ҳәм шаўлықларға өтип, кейинги дәўир әўладларына мийрас болып қалған. Солай болсада бизиң тарийхымыздағы тоталитаризм системасы адамларда миллий қызығыўшылықтың ояныўына әдеўир тыйым салды. Сол тийкарда тарийхтың өзи де әдеўир қадағаланып, адамлардың өз пикирлерин еркин айтыўға тосқынлық жасады. Бирақ бунын менен Шежире де, тарийх та өз жасаўын тоқтатқан жоқ. Адамлар бир-биреўи менен сыбырласып сөйлессе-де әдеўир өз халқы ҳәм қәўими ҳаққындағы әңгимелерди де айтып жүрди. Тап усындай узақ ҳәм жасырын әңгимелердиң бири X әсирде жасаған араб тарийхшысы ҳәм саяхатшысы Ибн Фадланның қарақалпақлар арасында болғанлығы ҳаққындағы әңгиме.

Бул ҳаққында гәп болғанда «бул дәўирде қарақалпақлар болған ба, я болмаған ба?»—деп гүманланып қалған жағдайларымыз көп болды. Мәселениң аныған келгенде қарақалпақлар бул дәўирде өз алдына халық сыпатында қәлиплеспеген, арқа Хорезмниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

саҳра қәўимлери сыпатында тилге алынады. Бирақ Ибн Фадлан Бухара, Хийўа, Қат, Шымбай арқалы Үстирттиң үсти менен Едил бойларына шекем барған. Қарақалпақлардың бабалары ҳаққында жазылған Шежире китап сол дәўирлерде Ибн Фадланға сыйлыққа берилген екен—деген пикирлер халық аўзында емески айтылады. Бул пикир ырас та шығар. Бирақ ол ҳаққында толық тарийхый мағлыўматлар жоқ.

Тоталитар дәўир халық тарийхын бир жақлама ғана үйреткени ушын миллий тарийхшылар пикири менен ҳасла есапласпады. Китаплар аз нусқада ҳәм рус тилинде ғана шығарылғанлығы ушын әпиўайы халықтың олар менен танысыў мүмкиншилиги де болмады. Ҳәтте П. П. Иванов ҳәм Т. А. Жданко шығармалары да қарақалпақ тилине аўдарылмады. Соның ушында Шежире жазыў түўе әпиўайы мақала жәриялаўдың өзиде көп қарсылықларға ушырады. Усындай себеплер менен биз Шежире ҳаққында Бердақ шығармаларынан өзге мағлыўматларға ийе бола алмадық. Соңынан баспа сөз еркинлиги берилгеннен кейин бул мәселелер менен шуғылланыўшыларда болды. Сол жағынан қарағанда жазыўшы Жубатқан Муратбаевтын «Шежирениң шыбығы»—деп аталған китабы да дыққатқа ылайық.

Жубатқан Муратбаевтың кәнийгелиги ветеринар врач. Демек оның көпшилик өмири шопанлар арасында өткен. Шопанлардың рухый дүньясының өзи халық тарийхы менен беккем байланысып келеди. Олардың бәри де қатықулақ ҳәм әңгиме айтыўға бейим. Соның ушында Шежире излеген адам оны шопанлар арасынан көбирек таўып алыўы мүмкин. Жубатқан Муратбаевта бул пикирди бийкарламайды.

Мәселе тек бунда ғана емес. Жубатқан Түркстан, Қызыл Орда ҳәм Шымбай аралығын аралап өсти. Еки халықтың перзенти атанды. Соның ушында ол Түркстан ҳәм Хорезм ўақыяларын ҳәр қандай тарийхшы алымнан кем билмейтуғынына исениўге болады. Бирақ аўызша айтылған сөзлердиң бәри де тарийх емес. Соңлықтан тарийхқа сәйкес келмейтуғын пикирлери де бар шығар. Бирақта ол көпти көрип, көп еситкени ушын солардың бәрин хатқа көширип «Шежирениң шыбығы» деп аталған мийнетин жазды.

Бул әлбетте көркем шығарма. Ал көркем шығарма-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ны болса илимий мийнет сыпатында қарап болмайды. Солай болсада оның негизги ойы қарақалпақлар шежиреси ҳаққында сыр шертиўди өз алдына мақсет еткен. Сол тийкарда Ибн Фадлан ҳәм Турғанбай ийшанды китаптың ең баслы қаҳарманлары сыпатында қабыл еткен. Әлбетте бул екеўи де ири қаҳарман. Қарақалпақлар арасында Турғанбай ийшан деген болған. Бирақ оны X әсирдиң адамы сыпатында дәлийллеў қыйын. Солай болсада Жубатқанның қарақалпақлар тилинен Ибн Фадланға баян еткен пайғамбарлар ҳәм әўлийелер ҳаққындағы шежиреси улыўма Шығыс халықларына тарқалған шежирелерге бирқанша жақын келеди.

Бирақта оның Турғанбай ийшан Ибн Фадланға айтқан екен деген Шежирениң араб түрки халықларына бөлингени ҳаққындағы пикирлер жазба Шежирелердиң ҳеш биреўинде де ушыраспайды. Мысалы: «Ибраҳим пайғамбардан Ысақ ҳәм Смағул деп аталған еки бала туўылады. Смағулдан араб халқы пайда болады да, ал Ысақтан Хандар, Түрк, Тәбиги—деген үш бала туўылған. Тәбигиден Массагет, Қоссах, Махалла, Сах деген төрт бала. Сахтың баласы Әнсары, оның баласы Халит, Халиттиң Әнес ҳәм Уахас саҳаба деген еки саҳаба туўылған. Уахастан парсы, тәжик, ал Әнес саҳабаның Мадат, Охастин, Ғажат, Сыбай—деп аталған төрт баласы болып, Мадаттан Уйғыр, Гагауз ҳәм Сартлар таралған. Ғажаттан Ноғай, Татар ҳәм Башқурт туўылып, Сырбайдан—Жәбел, Жәбелден—Мағаз, Мағаздан Сумпыл менен Аламан—деп аталған еки бала туўылады. Аламаннан Ақшолпан менен Қурай, Қурайдан Шешен менен Қарашай халықлары тарқалған. Ал Ақшолпаннан Сейилхан менен Жайылхан, Сейилханнан сегиз арыс түркмен, Жайылханнан Майқы, Майқыдан Тумен менен Өзбек, Өзбектен Араллы өзбеклери, Туменнен Келмек, Айырқалпақ, Мүйтен, Кемектен — қырғыз, Қытан, Хақас, Айырқалпақтан — Қазақ, Созақ, Разақ; Қазақтан—ҳәзирги қазақ, Созақтан—моңғол, Разақтан қарақалпақ тарайды дейди. Бул шежиреде де тарийхый шынлыққа қарама-қарсы келетуғын деталлар бар. Мәселен парсылар тарийхы түрклерге қарағанда да әдеўир узақ дәўирди алады. Оны Уахастың баласы—деп санаў шынлыққа оншама туўры келмейди. Яки шешен менен Қарашайды екеўин



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир әке, бир шешениң балалары деп қараў надурыс. Себеби олардың тили бөлек. Биреўиниң тилин биреўи түсинбейди. Және қырғызларды Хақасларға жақынластырыўда оншама дурыс болмаса керек.

Қарақалпақ шежирелери өзбекти де, қазақты да, түркменди де, қырғызды да өзинен бөлек санамайды. Бәринде Жайылханның перзентлери сыпатында санайды.

Сол жағынан қарағанда бул Шежире негизинен Шакерим дүзген Шежиреге усайды.

Жубатқан қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққындағы Шежирегеде Разақ деген батыр жигиттиң басына қара қалпақ кийип жүргени себепли жеңгелери атын айталмай қарақалпақ атанғанынан келип шыққан дейди. Қарақалпақларда бундай аңызларда бар. Сол тийкарда Бердақта:

Мәликтиң улы Разы ҳақ,
Яшлығында қойды ғулпақ,
Кийген екен қара қалпақ,
Соннан «қалпақ» болған екен.

— деп жазған. Бундай пикирлер басқа шежирелерде де бар. Соның ушында Разақ қарақалпақлардың бабасы болыўы да мүмкин. Бирақ Жубатқан көрсеткендей-ақ «Разақтың яки қарақалпақтың Тоғалай, Сүйир, Сырғақ—деген балалары болған»—деген пикир ҳешбир Шежиреде жоқ. Ал Тоғалай деген ат Ташкент этирапын жайлаған қазақлардың Қоңырат урыўлары арасында бар. Ал қарақалпақ Шежирелеринде бул ат ушыраспайды. Қарақалпақлардың белгили алты қәўими де өз атасын Жайылхан бий деп таныйды. Айырымлары: «Майқы бийден тарқалғанбыз»—дейди. Сүйир, Сырғақ ҳаққында да ҳеш мағлыўматлар бере алмайды. Соның ушында бул үш атаманың қайдан қосылып кеткенлиги бизге нәмәлим. Және де «Сырғақтан бала қалмаған. Қарақалпақ Сырғақтың ҳаялын Қалмақтың батырына атастырған»—деген сөзлерде қарақалпақлар этногенезине байланыспайды. Сонлықтан: «Тоғалайдан Қоңырат туўылады»—деген пикирлер тийкарсыз.

Буннан тысқары Жубатқанның қарақалпақ Қоңыратларын төртке бөлип қараўы қолайсыз. Шүллик пе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен Жаўынғыр қарақалпақ Қоңыратларының балалары екенлиги анық. Ал Көктиң улы ҳәм Көтенши қәўимлери қарақалпақ Қоңыратлары менен ҳешқандай байланыспайды. Бул пикир бәлки аңызларда бар шығар. Лекин халық өмири менен байланыслы изертленген этнографиялық илимде бул ҳаққында ҳешнәрсе айтылмайды.

Жубатқанның Шүлликлерди сегиз бөлекке бөлип қарағаны дурыс. Бирақ «сегизинши—өзбек мүйтен, ол да жолдан қосылған бала»—деген пикирлер еледе изертлениўди талап етеди.

Сүйирди он төрт урыўдың атасы сыпатында таныўда ҳешбир дәреклерде жоқ. Солай екен оны механикалық түрде киргизиўдиң де қәжети жоқ. Ал Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт қәўимлери бурыннан-ақ тарийхта бар қәўимлер. Соның ушында Қоңыратты Тоғалайдан, Қытай-шыпшақты Сүйирден излеп жүриўдиң ҳешқандай қәжети жоқ.

Қарақалпақ шежирелериниң ҳәммесинде де он төрт урыў қытай, қыпшақ, кенегес, маңғыт яғный төрт урыўдың жыйынтығына берилген. Ал Жубатқан көрсеткен Шежиреде он төрт урыў атамасы тек Кенегес, Маңғыттың аты менен аталыўы қолайсыз. Солай болса да ол Қытай, Қыпшақ, Кенегес ҳәм Маңғыттың ең баслы урыўларын дурыс көрсеткен. Бирақта бул урыўлардың көпшилиги XVI-XVII әсирлерде пайда болғанлығы илимий тийкарда дәлийлленген. Солай болсада бул урыўлардың ерте дәўирлерде қәлиплескени ҳаққында Турғанбай ийшанның X әсирдеги Ибн Фадланға сөйлеп бериўи тарийхтан хабары бар адамларды оншама исендирмейди.

«Шежирениң шыбығы» көркем шығарма болыўына қарамастан X әсир ўақыяларынан алып жазылған. Көркем шығарма арасына халық шежирелери де араласады. Демек бул китапты Шежирени көркемлеп тәрийплеўдиң усылы сыпатында да қараў мүмкин. Сонда да бул китаптағы ўақыялардың ҳәммесин нағыз тарийхый шынлық сыпатында қарап болмайды. Себеби қарақалпақлар белгили үлкен қәўим сыпатында IX әсирде мәлим болғаны менен де оның барлық урыўлары сол дәўирлерде қәлиплескен—деп қарап болмайды. Өйткени ол дәўирдиң тарийхый дереклеринде қарақал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пақлардың алты урыўынан тысқары тек қаңлылар, ябылар, қуйынлар ҳәм қыятлар ғана тилге алынады. Солай екен бул урыўлардың басым көпшилиги моңғол басқыншылығынан кейин пайда болған. Ал қарақалпақлардың Қыпшақ бирлеспеси дәўирине сәйкес қәўимлери Қоңырат, Қытай, Қыпшақ, Мүйтен, Кенегес, Маңғыт, Қаңлы, Қуйын, Ябы, Қыят, Оймаўыт, Нөкис X әсирдиң минберинен турып пикир айтыўға болады. Себеби айырым қарақалпақ урыўлары ҳәтте XVIII-XIX әсирлерде ғана пайда болған. Сонлықтан олардың ҳәммесин Ибн Фадлан дәўири менен байланыстырыўда қолайсыз.

Жубатқанның сол ўақыттағы жер атамаларын Қыят, Ақтуба, Күйик қала, Ширик Рабат—деп бөлиўи дурыс· Бирақ усыған қосымша берилиўи тийис болған қарақалпақлар жайлаған ески қалалар Шымбай менен Дәўқара қалалары XII әсирдеги илимий карталарда да бар. Илажы болғанынша буларды да толықтырыў керек.

Жубатқан буннан тысқары қарақалпақлардың сол дәўирдеги бийлик қурамын оғада дурыс дәлийллеген. Себеби қарақалпақ та ҳәрбир урыўдың аға бийи, оның оң ҳәм сол қанаты (бас қазы ҳәм бас саркарда) болғанлығы мәлим. Буннан тысқары және алты киши бий яғный кеңесгөйлери болған. Халқы аз, кишкене урыўлар бир нешшеси биригип те бий сайлаған. Егер аға бий еки-үш урыўдың атынан сайланса бәрибир ҳәр-урыўға тийисли киши бийлер оның орынбасарлары болып хызмет атқарған.

Соның ушын Жубатқанның қарақалпақ бийлери ҳаққындағы мағлыўматлары бирқанша шынлыққа келеди· Жубатқанның көп ғана мағлыўматлары XIV-XV әсирдеги Хорезм, XVI-XVII әсирдеги Түркстан ўақыяларына сәйкес келеди. Ол неликтенде бул тарийхый ўақыяларды X әсир менен байланыстырмақшы болып шатастырып жиберген.

Қарақалпақлар ҳәм басқа да түрки халықларының араблар менен байланысларын тек X әсир ҳәм XI әсир деп қарап болмайды. Туўры, бул дәўирде Хорезм араблар ҳүкимранлығында болды· Буннан кейинги парсылар ҳәм түрки қәўимлердиң өзиниң ҳүкимранлығы дәўиринде де олар араблар алып келген мусылманлық сиясатларға қарсы болған жоқ. Қайтама



www.ziyouz.com kutubxonasi

көп муғдарда медресе ҳәм мешитлер ашылып ҳәрбир халық арасында ийшан ҳәм уламалардың саны көбейди. Сол тийкардан қарағанда Турғанбай ийшанның тарийхын X әсирден излеў тарийхый ҳақыйқатлыққа онша дурыс келмейди. Себеби бул дәўирдиң аңызларынан тысқары жазба дереклеринде ондай илимди табыў қыйын.

Туўры Турғанбай ийшанның исмин халықта биледи. Бирақ ол аңызға айланып кеткен адам. Тарийхшылардың шамалаўына қарағанда ол киси XVI әсирде жасаған. Буннан тысқары Жубатқан тәрийплеген қарақалпақлардың ески алты бий атамасы да халықтың Сығнақта жасаған дәўирлерине туўра келеди. Мысалы: «Қостамғалы Турғанбай ийшан, Маңғыт Муратәли бий, Қыпшақ Өмир-серик батыр, Кенегес Әбдимәлик бий, балғалы Аллақ баҳадыр».

Хорезм шынында да өзбек, қазақ, түркмен ҳәм қарақалпақ халықлары ушын үлкен мәкан болғанлығыда белгили. Соның ущын IX—X әсирдеги қарақалпақлар тарийхы Хорезм менен оғада актив байланысады. Әсиресе Қыят, Шымбай ҳәм Дәўқара қалаларының тарийхын қарақалпақлар менен байланыстырмай дәлийллеў қыйын. Солай болсада X әсирден басланған пешенек атланыслары буларды әдеўир пәтеңге келтирген. Пешенеклер бул дәўирде тек қарақалпақларды ғана арқаға қарай айдады—деп қарап болмайды. Себеби өзбеклердиң көшпели өзбеклер деген бөлеги менен қазақлардың да бул дәўирде Едил ҳәм Жайық дәрьяларының бойларына барып қалыўы тосыннан емес. Және булар сол дәўирдеги өзбек, қарақалпақ ҳәм қазақ қәўимлериниң барлық бөлеги емес, ал олардың жарты бөлеги таў ҳәм тоғайларда қашып жүрип өз мәканларында қалып кеткен. Соның ушын бул дәўирде қарақалпақларда еки бөлекке бөлинип қалғанлығы мәлим. Батыста тарийх илими кең раўажланғанлығы ушын олардың Едилдеги бөлегине көп итибар береди де Хорезм бөлеги дыққаттан шетте қалып кеткен. Бул бөлектиң де қысметлери жеңил болмаған. Сыртқы жаўгершиликтиң көбейиўи нәтийжесинде айырымлары Түркстан жерине көшип өткен. Айырымлары Хорезмде мәкан басып қалған. Соның ушында қарақалпақлар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың бул дәўирдеги тәғдири шым-шытырық ўақыялар менен толы.

Жубатқан қарақалпақлардың Өзбекстанның областьларына тарқалыў дәўиринде X әсир менен байланыстырады. Бирақ бул шамалаў тарийхый шынлыққа сәйкес келмейди. Себеби бул дәўир тарийхта XVI-XVIII әсирлер деп белгиленген. Қарақалпақлардың Сырдәрьяның орта ҳәм жоқары бууынлары менен Ташкент әтирапында көриниўи XVII әсир ўақыяларына сәйкес келеди.

Жубатқан Муратбаев буннан тысқары соның менен бирликте қарақалпақ урыўларының тийрелеринде X әсир ўақыялары менен байланыстырады. Мәселен 1077-жылы Түркстанда Әмиралы бий менен Арай-Мәлик ушырасып қарақалпақлардың 60 бийин жыйнағаны ҳаққында сөз болады. Бундағы Арай-Мәлик деп атап отырғаны қарақалпақлар бабасы Мәлик болса керек.

Мәлик негизи пайғамбарлар саҳабаларынан болып, Жаңакент қаласының ханы болған адам. Жубатқан бунында атын әдеўир киширейтип «Хожа» киси еди— деп айтқан. Ал Хожа атамасы ол дәўир ушын сәйкес емес. Бул атамада өз атын пайғамбарлар саҳабаларынан алғаны менен сәл кейин пайда болған. Хожаларды тек бир халықтың аты менен атаў орынсыз. Себеби Бердақ:

Әнес, Мәлик еки киси,
Пайғамбардың саҳабасы,
Әнес қазақтың бабасы,
Соннан Аллаш болған екен. —

деп жазып қазақ ҳәм қарақалпақлардың пайғамбарлар саҳабаларынан таралғанлығы ҳаққында айтқан. Ал усы Мәлик саҳаба қарақалпақлардың алпыс бийин жыйнап отырып, сол ўақыттағы қарақалпақ урыўлары ҳаққында айта келип, урыўлардың тийрелерине шекем айтып өтеди. Егерде тарийхшылардың: «Тийрелер тарийхы оншама узақ емес. Ондағы бий, жер ҳәм зат атамалары XVI-XVII әсирден арыға асып кете алмайды» деген пикирлери менен келисетуғын болсақ, бул урыўлардың атамалары да моңғоллар дәўиринен ары өте алмайды. Себеби тарийхый изертлеўлер бойынша да булар оң атадан ары өтип кетпеген. Ал



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жубатқан айтқан Шежире Бойынша Арай-Мәлик: «Жаўынғырдың жети баласының үлкени Теристамғалыдан—Шомақ, Хангелди, Байқараған, Елшибай, Қурбан, Тоғай туўылды. Бақанлы менен Шәўжейли бөлинбеген. Тийеклиден Жумағул, Айдарбек, Қанжар, Сарыкемпир деген төрт бала, Ырғақлыдан Атанай, Ешкили, Байбуўра, Сарытон; Баймақлыдан—Саспақ пенен Үйши; Уйғырлар—Шийши, Тиманай, Мәўлик, Байрам, Сабалақ ҳәм Сырғалы болып бөлинеди»—дейди.

Ал ең үлкен қәўимнен болған Шүлликтиң ҳәм еки арыстың бири болған Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыттың урыўларының тийрелерге бөлинбей қалыўы исенимли емес. Буның ең баслы себеби Жубатқанның Сыр бойындағы қазақ ҳәм қарақалпақ жаўынғырлар менен Шымбайдағы қарақалпақ жаўынғырлардың тийрелерине шекем жақсы билгенлигинен болса керек.

Жубатқан булардан тысқары ертеде қарақалпақлар арасында өткен әўлийе-әнбиялар, уламалар ҳаққында да өз пикирин билдирген. Булардан Шүллик Ҳәким ата, Маңғыт Әннет ата, Хожа Тоқпақ ата, Қыпшақ Қошқар ата—деп санап көрсетеди. Бул уламалар шынында да өтмиштеги уллы әўлийе адамлар болған. Халық олардың өтмишин Хожа Ахмет Яссаўий менен байланыстырады. Бирақ бул адамлар шынында да Хожа Ахмет Яссаўий заманында жасаған ба? Я болмаса соңғы дәўирде жасаған оның шәкиртлери ме? Ол жағы белгисиз.

Бирақ Ҳәким ата исми менен мәлим болған Хожа Ахмет Яссаўийдиң шәкиртлеринен бири болған Сулайман Бақырғаний өз устазларынан еки әсир кейин өткен. Оның туўылған жери Хорезмниң «Бақырған» аўылы. Анық тарийхый дереклер бойынша 1186-жылы қайтыс болған. Ол өз әўладларына: «Егер мен қайтыс болсам өлигимди түйеге артып босатып жибериң. Сол түйениң тоқтаған жери мениң қәбирим болсын»—деп айтқан. Перзентлери ҳәм шәкиртлери оның ўәсиятын орынлап, Қоңырат пенен Мойнақ районы ортасындағы далаңлықта түйе тоқтағаннан кейин оның денесин сол жерге көмген. Басқа әўлийелер тарийхы ҳаққында да тап соған тәқаббил пикирлер бар.

Қулласы Жубатқанның бул мийнети де қарақалпақлар шежиресине қосылған үлкен үлес болып есапланады. Ҳәрқандай Шежире халық аңызлары тийка-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рында жазылғанлығы ушын оның тарийхый ҳақыйқатлыққа туўры келмейтуғын жерлери де болыўы мүмкин.

Қазақлар тилге шешен халық. Оның үстине тарийхый тәғдиримизде анағурлым бир-биримизге жақын. Соның ушында Жубатқан қазақ шежирелерин көбирек оқып, соған еликлеген жерлери де жоқ емес. Буннан тысқары оның пүткил Сыр бойын атлы аралап және қарақалпақлар менен ет-ене араласып кетиўи, Түркстан тарийхы ҳаққында басқалардан да көбирек билетуғынына гүман туўғызбайды.

Оның Түркстан қарақалпақлары турмысынан алып жазылған Сасық бий ҳәм Қармақшы ата ҳаққында мийнетлериде дыққатқа ылайық. Бирақ қазақлар Сасық бий—деп атап кеткен қарақалпақлардың Түркстандағы уллы бийиниң аты пүткиллей өзгеше. Сасық бий тек қазақ дереклеринде ғана бар. Ал қарақалпақ дереклериниң ҳеш биреўинде жоқ. Соған қарағанда бул бийдиң аты да әдеўир өзгерислерге ушыраған. Түркстан тарийхына байланыслы ҳүжжетлерде ол Уллы бий—деп аталады. Ал гейпаралар оны Қытай ҳәм Қыпшақлар атасы Тоқполат болса керек—деп жорыйды. Қулласы Сасық бий—деген ат оған қазақлар тәрепинен берилген. Солай болсада бул ҳаққында халық арасында түрли болжамлар бар. Халықтың болжаўы бойынша бул ат қазақтың Шөмекей қәўиминиң уйғарыўы бойынша Тәнкениң баласы Тоқполаттың қарақалпақлардың Уллы бий болып кеткени ушын көз тиймесин—деп қойған бүркеншек аты дейди.

Қулласы Сасық, Тыштыбай, Көтенши—деген атлар улыўма қарақалпақлар этногенезине ҳешқандай сәйкес келмейди. Бул ат Уллы бийге көз тиймеў ушын берилген бе, яки болмаса кемситиў ушын айтылған ба, әйтеўир ата-анасының қойған аты емес. Соның ушын ҳәрбир халықтың атақлы адамлары ҳаққында сөз қозғағанда ол адам ҳаққында айтқан өз халқының пикирлери менен де санасыў керек.

Қулласы Жубатқанның қарақалпақлар Шежиреси ҳаққындағы басқа пикирлери менен толық қосылыўға болады. Ол өз шежиресин аңызлар бойынша жазғаны ушында ўақыялардың тарийхый шынлыққа қатнасын толық өз мойнына ала алмайды. Және де өз пикирин кеңирек сүўретлеў ушын әдебий көркемлеў усылына



www.ziyouz.com kutubxonasi

өтеди. Соның ушын бунда жумбақ пикирлер менен анық фактлерде баршылық. Ҳақыйқый шежирениң өзи де көпшиликтиң көмеги менен болатуғын ис. Соның ушын бул шежирени де қарақалпақлар шежиресиниң бир шыбығы сыпатында қабыл етиўге болады.

## ЖУЎМАҚ

Қарақалпақлар ярым көшпелилик дәўирди өз басынан өткергени ушында оларда жазба шежирелер сақланып қалмаған.

Халық XIX әсирде есин жыйнап орайласқан ҳәм мәдений жағынан беккемленген ўағында оқымыслы шайыр Бердақ Шежиреси пайда болған. Ол ўақыттағы халық санасының әдеўир төменлигин есапқа алғанда бул шежирени де ҳақыйқый Шежире—деп қарап болмайды. Себеби бунық көпшилиги тарийхый фактлер менен толық еленбеген аңызлардан ибарат. Солай болсада ол ўақытта халық арасында Бердақтан артық тарийхшы да, данышпан да жоқ еди. Сол тийкарда халық оны өз шежиреси сыпатында қабыл алғанлығы да белгили.

Ҳәзирги дәўир не деген менен халықтың санасының да, билиминиң де толыққан дәўири. Халық тарийхының ҳәрне бары ашылды. Қарақалпақлар тарийхы ҳаққындағы батыс ҳәм шығыс еллериниң китаплары мененде толық оқып танысқанбыз. Буннан тысқары халықтың өз тарийхы ҳаққында еркин пикирлеўине әҳмийет берилди. Солай етип өз шежиремиздиң төркинлерин излей баслағанымыз сыр емес.

Бул китап сол тийкарда туўылған кишигирим мийнет.

Илим тийкарында жазылған тарийхый китапларды алымлар оқығаны менен әпиўайы халық оларды толық оқый алмайды. Себеби оларды Шежире сыяқлы ярым фольклорлық китаплар қызықтырады. Соның ушында бул китап халық этнографиясы ҳаққындағы аңызлардың илимий тийкарларға қатнасы бағдарында жазылды.

Түрки халықларда мусылман дини үстин турады. Соның ушында ҳәрбир халық өзиниң келип шығысын әййемги Пайғамбарлар әўладлары менен байланыстырады. Бул жағдай тек түрки, араб халықларында



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғана емес, бәлки дүньяның барлық халықлары буддист, мусылман, христианлар болсын барлығы да өз шежирелерин пайғамбарлар тийкарында баянлайды. Шежирениң бул бөлеги ерте заманлардан баслап ҳәмме халықлар ушын мийрас болып қалған. Бул китаптағы бөлек те сол тийкарда алынды.

Екинши түрки-моңғол тарийхына бағышланған бөлек, Шыңғыс хан заманы ҳәм оннан кейинирек араб, парсы ҳәм түрки алымлар тәрепинен жазылған. Бул дәўирде тап түрки халықларының бөлиниў дәўири болған XIV әсирге шекем келеди.

Буннан кейинги Шежире болса қарақалпақ халқының келип шығыўы ҳәм олардың қәўим, урыў бирликлери тарийхы ҳаққында сөз етилген. Бул бағдарда биз биринши нәўбетте халық аңызларынан пайдаланған болсақ, екиншиден тарийхшылардың пикирлеринде шетте қалдырмадық. Себеби халық шежирелери тарийхый ҳақыйқатқа туўры келген жағдайда ғана ҳақыйқый шежирееге айланады.

Буннан тысқары биз тарийхый ҳақыйқатлықты ашып көрсетиў ушын тарийхый дерек тийкарларына да бир-еки бап ажыратқанбыз. Солай етип қарақалпақлар шежиреси ҳаққындағы дәслепки мийнет жүзеге келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

1. Кирисиў . . . . . . .
2. Биринши бап. Адам Атадан баслап Түрк қағанға шекем . . . . . . .
3. Екинши бап. Түрк қағаннан Шыңғыс ханға шекем
4. Үшинши бап. Шыңғыс ханнан түрки халықларының бөлиниўине шекем . . . . . . .
5. Төртинши бап. Халықлар ҳәм ханлар шежирелери .
6. Бесинши бап. Қарақалпақ халқының пайда болыўы.
7. Алтыншы бап. Бердақтың «Шежире» шығармасы .
8. Жетинши бап. Қарақалпақ халқы өз шежиреси ҳаққында . . . . . . . .
9. Сегизинши бап. Қарақалпақ халқының урыўлары, уранлары ҳәм тамғалары. . . . . .
10. Тоғызыншы бап. Қарақалпақлар шежиресиниң ашылмай атырған бетлеринен . . . . .
11. Оныншы бап. Шежирениң шыбығы . . .
12. Жуўмақ. . . . . . . . .

## Камал Мамбетов

## РОДОСЛОВНОЕ КАРАКАЛПАКОВ

*На каракалпакском языке*

Издательство «Билим»
Нукус — 1993

Бас редактор *Қ. Есемуратов*
Редакция баслығы *Қ. Алиев*
Редактор *З. Бекмуратова*
Сүўретин салған *К. Рейпназаров*
Тех. редакторы *З. Алламуратов*
Корректоры *Т. Махсудова*

**ИБ №434**

Териўге берилген ўақты 31/III. Басыўға рухсат етилген ўақты 10/V—93. Қағаз форматы 84x108$^{1}/_{32}$. Типографиялық қағаз №1. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 4,0 баспа табақ 6,72 шәртли баспа табақ 6,88 есап баспа табақ. Буйыртпа №68. Нусқасы 10000. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Билим» баспасы, 742010. Нөкис қаласы, Калинин көшеси, 62.

ҚР Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты 742000. Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси, 9.



www.ziyouz.com kutubxonasi